


**"Moun ki Travay Jaden ap Jwenn  
Manje pou yo Manje Plen Vant yo".**

**(Provèb 12 : 11)**



# **KONFERANS AGRIKOL 2000**

**Okay, Ayiti 22-26 Me 2000**

*PROPERTY OF ECHO*

SD 126

PROPERTY OF ECHO



Editions Ète 2000  
Typing & Printing by Emmanuel François,  
**Manno Editing Printing**  
**UCNH, IDOL Limbé, Haïti, W.A.**

## **PREFAS**

Liv sa se transpozisyon divès sijè ki te trete e ki te anrejistre nan kasèt konferans Agrikòl 2000 la. N'ap jwenn ladan, tout kesyon delege yo te poze konferansye yo, ak tout repons ke yo te reponn. Nou gen kèk pati ladan yo se parafraz ke yo ye. Nou te eseye fè sa jis pou nou te bay yon bon sans kreyòl a kèk fraz pale, ki te mande plis sans, pou moun k'ap li, pou yo ka konprann.

N'ap trouve an jeneral 4 pati ladan li. Chak pati yo reprezante yon jou nan konferans la. Soti madi rive vandredi. Jou lendi-a pate genyen konferansye ki te pale, se te yon jou ki te rezève pou ouvèti konferans la, nan enskripsyón, oriantasyon, eksetera.

## **TAB DÈ MATYÈ**

	page
<b>A.- Premye Pati.....</b>	<b>1</b>
1) Chan Konferans la .....	2
2) Levanjil ak Devlopman Rev. Ezechiel Elma.....	3
3) Plas Plan ak Semans Amelyore nan Pwodiksyon Agrikòl Dr. Phil Rowe.....	9
4) Plas/Enpòtans Kontròl Pès nan Prodiksyon Agrikòl Agr. Fresnel Alvares .....	15
5) Enpòtans Jesyon Dlo nan Pwodiksyon Agrikòl Agr. Ferer Jean Charles.....	25
 <b>B.- Dezyèm Pati .....</b>	<b>32</b>
6) Levanjil ak Devlopman Rev. Ezechiel Elma.....	33
7) Enpòtans Ras Amelyore nan Pwodiksyon Animal I Agr. Michelet Mascari .....	39
8) Enpòtans Ras Amelyore nan Pwodiksyon Animal II Dr. Keith Flanagan.....	50
9) Wòl Elvaj nan yon Agrikilti Entegre Dr. Paul Rudenberg.....	55
 <b>C.- Twazyèm Pati.....</b>	<b>64</b>
10)Levanjil ak Devlopman Pasteur Frantz Clotaire.....	65
11)Amelyore Anviwònman ak Elvaj Pwason Dr. Abe Valentine.....	71
12)Wòl Edikasyon Kiltivatè nan Pwotèksyon Anviwònman Agr. Ricardo Jeanniton .....	81
 <b>D.- Katryèm Pati .....</b>	<b>87</b>
13)Levanjil ak Devlopman Mr. Jean Claude Cerin .....	88

"Moun ki travay jaden ap jwenn manje pou yo manje plen vant yo" Proverb 12:11



## PREMYE PATI





## CHAN KONFERANS LA

1

Bondye papa bannou la nati  
Bel solèy ak lalin  
Li bannou yon lanmè plen pwason  
Epi li bannou latè

Ref

Moun ki pa janmen bouke plante  
Li pa janmen grangou  
Se tande zanmi li konn tande  
Moun dòmi san soupe

2

Nan tè-a nou ka plante diri  
Mayi, pwa kongo  
Mazonbèl, mezanmi se pa pale  
Kanta mango se a gogo

3

Olye pou nou chita ap pran kanntè  
Nou gen tè, plante tè  
Konsa nou va gen respè  
Paske nou gwo kiltivatè

4

Si'n pa vle ti moun yo kwachòkò  
Se plante tout manje  
Madanm nou va gen fòs pou travay  
Mèsi Bondye, oo, nou p'ap gen gaz



## 1) L'EVANGILE AK DEVELOPMAN

*Pou Devlope Moun*

**PASTEUR EZECHIEL ELMA**

Materiel ak Espirituel 2 bagay differan ke lòm bezwen, yonn pa ka separe de lòt. Nou pa kapab fè distingo ant materiel ak espiritel yo, yo fòme yon fizion. Tou le de, yo fòme moun e moun se kreati Bondye. Pwojè sisyete-a dwe fèt yon fason pou lòm kapap swiviv isiba. Sa vle di ke, fason ke premye moun yo ki te entwodui levanjil en Ayiti, mwen pa konnen si toupatou se konsa, men nan zòn kote'm abite, nan misyon kote'm ye a, moun yo te toujou mete plis aksan sou kote kote materyel la. E nou vin wè ke pa mwayer limye Ekriti-yo, e menm nan limyè Liv Jenez, nou wè ke Bib la gen yon fizion, gen yon inite, gen yon lyen ant lòm ak la nati.

Bondye kreye la nati avan li te kreye lòm. Li kreye linivè ak resous yo ke li mete a dispozisyon pou lòm. Li vin yon obligasyon pou lòm, poul kapab devlope la nati, ou byen poul kapab kontinye zèv de kreasyon an. La tè te vid, la tè te konsa konsa: sa vle di fòk gen yon moun ki entèlijan pou ki kontinye sa Kreatè a te fè pou nou.

"Te gen yon fwa yon pwofesè ke yo te rele Jozèf Adrien, pandan ke mwen ta pwal prezante yon konferans, li te di mwen konsa, Bondye ranpli linivè, linivè andedan nou, nou pote nan nou Bondye ak developman, eksétera. Gen yon bagay ki enpòtan ke nou kapab di: Gen 2 moun ki te gen responsabilite pou devlope la tè. Moun sa yo nou te konnen se Adan ak Ev. Yo te sitye yo nan ansyen orian, sa vle di, nan komansman sivilizasyon nan Ansyen Orian. Se yonn nan rezon ki fè Bondye te plase lòm nan yon jaden. E ki sa ou antann pa jaden: Nan jaden ou wè tè, ou wè dlo, epi ou wè lòm. Plase nan jaden an, se pa pou rete ak de bwa ou kwaze, men se pou bay jaden-a jarèt. Sa vle di, non sèlman lòm gen bezwen li pou satisfè, bezwen poul manje, bwè, dòmi, eksétera. Men se poul travay tou.

Dezobeyisans la se yon kondanasyon, an menm tan li se yon obligasyon ki te pouse lòm a pran responsabilite pa li, poul kapab devlope anviwònman. Kote n'ap viv la, se pou nou li ye, se nou pou ki pran responsabilite li, an tan ke lòm, antan ke kreati, antan ke moun kap pote resous pou limanite, pou nou ka devlope resous naturel yo. Sa vle di ke, levanjil la ke n'ap preche-a, li pa yon levanjil kwaze zo, ni reziyasyon, ni ap tann laman soti tonbe nan syèl. Men se yon levanjil ki dwe zo, ni reziyasyon, ni ap tann laman soti tonbe nan syèl. Men se yon levanjil sa n'ap dinamik, yon levanjil ki pote pwogrè, avansman ak developman. Se levanjil sa n'ap preche-a. E nou kapab di ke nou genyen anpil ekzanz devan nou, ki pou montre



nou ke levanjil la, se pa ni kouaze men, ni ap tann lamann soti tonbe nan syèl, pou gen mirak. Mirak la posib, paske tout bagay posib pou sa yo ki kwè. Sa pa vle di nou rete ap tann, men se fè entèlijans ou travay, men yo ak pye yo, eksetera.

Lòm totalman fèt ak twa dimansyon: sa vle di Sosyal, Espiririell ak Materyel. Tout bagay sa yo dwe mache ansanm. Ansyen Orian te gen yon bêt ki te jwe yon gran ròl kòm puisans de fètilite. Se ki ès? Puisans fètilite nan Ansyen Orian sa se te yon sèpan, e nou te wè li nan peyi Kanaan, nan menm tan sa, te gen yon lòt puisans, yon lòt fòs politik nan epòk sa, se te Lejip, e nou te wè ki ròl politik ke Lejip te jwe nan pwemye moman sivilizasyon sa yo. E mwen kapab di nou ke pwemye sivilizasyon te kòmanse nan Orian, li fè pati de Orian kote ke ou twoouye prezidan ki bay anpil pwoblèm ke yo rele: "Sadam Hussein".

Sa gen 10 a 15 ane de jodi-a kote mwen te rankontre yon moun kite soti nan peyi Irak ki te marye ak yon fanm ayisyen k'ap viv kounye-a nan peyi Almay. Li di mwen ke Ayiti ak Irak genyen menm problem. Men li di ke, nou pap janm blyie ke premye sivilizasyon an soti nan Mezopotani nan peyi Irak, pou li gaye nan mwayen Orian. E ke kounye a, nou pran sivilizasyon oksidental la. Men li soti nan peyi Orian. Nan selèb epope ki te fèt nan peyi babilòn nan, nou konnen ki pwoblèm ki te genyen ant Babilòn ak Gulganet, li te vini poul te derobe yon ero, li te plante sa yo rele yon imòtalite.

Nou wè ke, sèpan te sedui lòm avèk yon astus. Sa vle di sèpan entwodi peche, dezobeyisans, eksetera. Li anplwaye yon mwayen pou'l te kapab fè moun yo wè ke yo toutouni. Se sa ki feblès la ke nou konstate ke sèpan te vin fè lòm dekouvri. Se sa ki yon motif, ki se yon lwa de travay pou lòm ak la vi. Dezobeyisans lan li te kapab yon pwen, petèt, pou Bondye, paske gen babay ki depase nou. Men li te yon pwen kanmenm, kite pote lòm a genyen yon lwa ki tonbe souli menm, pou li te kapab travay, e pou'l te kapab swiviv nan mond sa. E pou li te kapab fasone mond sa, pou li kapab jan li ye jounen jodi-a.

Gen yon mo anglè ki di konsa "The Survival Survive for the Life" Sa vle di "Swiviv pou la vi". E mwen konnen gen anpil etranje la ki conn tande pawol sa. Sa vle di fòk nou swiviv kelkeswa kote nou ye, an tan ke lòm, nenpòt ki kote ou plase sou tè a, fòk ou viv; manje. bwè ak chache tout travay pou fè, e se sa ki fè lòm. Nou kapab di, ke inyon gason ak fi trouvel nan entansyon kreatè-a. Se sa ki pouse Bondye a vin fè sa yo rele limite de gason ak fi. E a pati de 2 moun sa yo Mond nan pra'l avanse, pwogrese ak devlope.

Te gen yon dyalòg ant Seyè-a ak lòm, sa vle di Adan ak Eve. Dyalòg sa vini ak yon resi trè otantik, li vin antre nan sa yo rele yon lwa antromòfik, kote tout imaj yo kapab pote non otè liv sa. Liv la ki se 5 premye liv nan Bib la, pentatek ki montre konsekans enfidelite lòm ak pawòl Bondye. Malgré sa, Lòm enfidèl, li pa rete fidel ak pawòl Bondye. Gason ak fi vin dekovri feblès yo, fas a pawòl Bondye-a, yo te oblige kache. E se sak fè Bondye te oblige pale ak yo.



Li trè enpòtan pou ou menm frè ak sè ak zanmi, pou nou bay dyalòg la enpòtans li genyen. E se gras a dyalòg, ke lòm kapab avanse, e pwogrè kapab fèt. Malgre dezobeyisans lòm, malgre fot premye paran yo te fè, Bondye pat lage yo, ni mete yo sou kote, men li te angaje avèk yo menm, yon dyalòg. E se dyalòk sa ki pèmèt ke Bondye te ba yo pwojè soyete a, pwojè mondal la, pou le mond kapab vin sa li ye jodi-a. E fòk nou di ke nou menm antan ke kretyen, nou p'ap mache kont devlopman, nou p'ap kont lasyans, ni kont pwogrè. Nou se patizan pwogrè, devlopman ak la syans. Pa dwe gen konfli ant lòm, lasyans ak lafwa. Lafwa domine nan nenpòt fason, li sou tèt la syans, men pa gen konfli antre yo. O kontré se gras ak lafwa ke moun nan ki chita nan laboratwa li, k'ap gade nan mikroskop li, kapab kwè ke l'ap jwenn yon bon rezulta, nan sa l'ap chache-a.

Se lafwa k'ap domine, se li ki an premye. Seyè-a parèt kòm yon jij nan kad yon prosè. Dezobeyisans lan vin fè ke Bondye paret poul fè jijman, e Jezi parèt kòm avoka nan zafè lòm ak latè. Bondye pale ak koupab yo, li bayo responsabilite yo ak sanksyon. Pandan ke Adan ak Ev te anba la Iwa, Bondye ba yo yon responsabilite pou yo angaje yo, de fason pou yo avanse pi devan. Bondye vle pou yo toujou enterese nan tout sa ke y'ap fe. Pou yo pa abandone pouvwa ak fòs ke Bondye ba yo-a.

Nou konnen ke lòm, kelkeswa kote li ye a, li se yon èt espiritiel, li se yon kwayan. Paske li genyen kòm otè Bondye, Sa vle di li dwe konnen ke Bondye ekziste. Fòs espirityel la, e se yonn nan rezon jodia ke nou kapab pwouve a travè le mond e nan tout bagay kap fèt nan peyi Izrael. Etazini ak tout lòt gran puisans yo, yo pwouve ke Bondye preznan toupatou e sitou nan peyi Izrael kote Bondye te pwomet yo a. Nan Izrael, sièj la, kote Bondye te kòmanse pwojè soyete a. Se yon pwojè soyete mondal ki pran nesans nan peyi Izrael. Kote Bondye te plase premye pitit li yo sa vle di "Juif Yo". Kominote Ebrayik sa kite resevwa pwoje soyete a, kote Moyiz te asepte pou li te yon pòt pawol gran fondatè ak Otè limanite."10 kòmandman yo". Lòm, ki te detwi responsabilite yo nan kòmansman ki te plase nan jaden an pate dwe obeyi a sa satan te di yo a. Se yonn nan rezon ke premye bagay sa te detwi yo. Men Bondye te retablil pou yo ak prezans Jezikri. Lavoka Espirityel, lavoka de limanite.

Lòm genyen devlopman, li se yon ajan devlopman, li gen yon misyon ke Bondye ba li poul kapab devlope. Sa vle di Imen" lòm. Nan lane 1973 menm jan nou reyini la, anpil chèchè kretyen, katolik, protestan te mete tèt yo ansanm pou yo te organize yon gwo seminè, sou patisipasyon kretyèn nan devlopman en Ayiti. Anpil kretyen ak moun ki gen bon volonté, te reyalize gran rankont sa, e yo te vin remake anpil gran danje ke sa reprezante, move kondisyon ekzistans lòm sou latè. Se Organizasyon Nasyonzini ki te lanse nan ane 1960 kanpay kont grangou. An 1961 tou yo te pale anpil sou devlopman. Ane 1965 lan yo te rele'l ane de koperasyon entènasyonal.

Rezulta yo pa te eloakan ditou, nan fason ke lemond t'ap evolye. Misyon legliz se te pou reponn ak la fwa nan yon fonksyon ki genyen yon rapò dyagonal ak pwofetik. Aksyon pastoral ki vize lòm nan tout entegrale li, e li pa limite'l ditou.



Nan fason sa, legliz te enterese pou lòm te kapab devlope, li te wè pase de lòm, li te wè lòm jodi-a, ak lòm k'ap vini. Paske lòm pa te kapab ekziste selman nan rèv, men fòk nou antre nan reyalite-a. Reyalite la vi-a. Fòk ou lapriyè, fòk ou chante, fòk ou li Bib la, fòk ou fè meditasyon. Men nan tan sa-a, fòk ou devlope anviwònman ou, kote wap viv la.

Pou lòt pa di ke nou rete nan mond pòv. Sa vle di nou se tiè mond, nou se ka mond. Nou dwe eseye detri non sa ke yo ban nou an. Paske nou fè pati de mond sa, se pou nou li ye. Resous yo la pou bezwen nou. Se pou nou devlope li. Gen yon bagay ki te toujou atire atansyon mwen tankou: Pouki sa japon antre fon konsa nan devlopman kounye. Paske li patisipe nan gwo bagay k'ap fèt kounye-a. Gran puisans tankou Etazini trouve mwayen achte Peyi Japon, vlope li. Paske Japon gen tandans depase'l. Akoz li limite pa teritwa li ak popilasyon. Ameriken ak Lòt gran pwisans yo di, yap pran ti pèp sa. Ou konnen sa ki te pase nan Nagasaki nan Iwoshima, pandan dezyèm gè mondal la. Bonb nan te detwi pati Orian sa.

Li di ke Japonè yo te relve defi sa, yo montre ke yo se kreati de Dye, yo montre ke yo se pitit Bondye, yo montre yo entèlijan menm jan ak tout moun. E kounye-a yo te kapab rele yo gran puisans tou, men devlopman progrè teknik yo pèmet ke yo menm jan ak Etazini kounye, pou fè le mond avanse. Nou kapab di ke nan lane 1966, legliz te vini ak yon pwogram pou ede moun ki te pale nan yon peyi yo rele Swanki nan Grand Bretay. Te gen konferan mondal sou èd ekiminik de montre an Swis. En 1970 te gen konferans egliz ak sosyete nan peyi Ipsal, En 1968 te gen yon gwo konferans te gen Ayisyen ki te patisipe nan konferans sa. Konferans sa te rele konferans Ipsal.

A kote tout efò entènasyono sa yo, pwoblèm grangou, mizè ak sou devlopman, te atire atansyon moun sa yo, e te gen kèk konsey regiono ak nasyono. Gwoupman legliz yo, ak kèk legliz an patikilye te pran responsabilite yo. Moun k'ap viv toujou nan sa yo rele la mizè, nou menm kretyen, nou gen pou devwa, leve defi sa jodi-a pou nou kapab rankontre tout frè nou yo, etranje yo, gran puisans yo, pou nou fè alyans ak yo, pou nou kapab avanse e benefisyé de sa kreatè-a fè pou nou an. Li ban nou la tè, li ban nou dlo, pye bwa, tout bagay. Jodi-a nou kapab di ke, nou kontan ke nou se pitit Bondye, e nou kapab patisipe nan afè devlopman.

Konferans ki te fèt an Swis la an tyè mond lan te organize ak Legliz kretyen e la deklarasyon debern. Men sa yo te di: "Konsiltasyon Egliz yo nan karayib la nan kesyon devlopman en 1971" e Egliz ak devlopman ki te organize pa yon gran konferans episkopal ak devlopman ki te fèt an kinnshasa nan peyi Zayi en 1972. Actyèlman reprezentasyon tout organizasyon nasyonal ak entenasional yo, nan domenn devlopman nan konsey ekimenik egliz yo, e "Christian Action for Development" ke yo rele kadet nan yon kote nan jamaik, sèvis kretyen patisipe nan devlopman, "CRS" Catholics Services patisipe nan devlopman e aktielman federasyon mondal literiel de jenèv ap finanse anpil pwoje pou devlope moun, nan tout peyi nan le mond e presizeman nan peyi d'Ayiti.



Si nou tande jodi-a genyen sa yo rele yon kanpay edikasyon sivik pou yo kapab fòme lòm, pou yo kapab reedike moun, pou yo konnen ke yo se pitit Bondye, yo se Yon èt imen. Yo dwe patisipe nan bagay sa yo. Tout bagay sa yo se yon seri de kesyon, yon seri de siy nan tan ki bay relasyon ant parol Bondye ak limyè ak sitiasyon aktyèl kretien ak ayisyen. Nou menm Ayisyen Kretyen, nou gen yon objectif byen detèmine pou nou kapab fè yon evalyasyon ak yon envitasyon nan dyalòg, e yon egzotasyon fas ak sèvis ke nou kapab ofwi prochen nou yo. Sitou lòm Ayisyen. An nou pa kite lòm rete nan sal te konn ye lontan. Pou nou kapab di jodia nou pa kapab kwè ankò nan sa yo rele vodou, nan bagay afrik ak lòt bagay espri, eksatera. Men vrè bagay la, se nan reyalite Levanjil Jezikri a. Bay Levanjil la jan nou dwe bay li-a. Menm jan profèt yo te konn bay li nan tan pase a. Jodia se nou ki ranplase profèt yo se nou ki ranplase zèv Apot yo. Jodia an nou pweche levanjil.

La dimansyon ki se 3 dimansyon, Espiritiel, Sosyal ak temporel. Fòk nou analyze pou nou di ke sitiasyon de lòm de sosyete a, pou yo pa etire lòm nan sa ki bon. Nou gen anpil efò pou nou fè, frè ak sè, zanmi pou nou ka retire lòm nan mizè sosyal ke li ye a. Pou nou fèl jwenn limyè de levanjil, menm jan lòt frè nou yo an mwayen Orian an Eròp trouvel la. Nou menm tou nou kapab jwenn li tou avek kolaborasyon yo ak Inite yo avek entèkonfeksyonel ki genyen jodi-a. An nou chache sa yo rele linite ke Jezi te ban nou. Jezikri a travè vi li ak zèv li, li ofwi kòm yon repons a tout diferans type de fristrasyon ki genyen nan lemond yo. A travè Jezi se legliz ki pote yon repons de mesaj ki dwe enskri nan aksyon.

Ki sa ki genyen nan mesaj sa? Nou sonje mirak jezi te fè-a, lè li te miltipliye ti pen ak ti pwason, lè'l di ankò ke lòm pa viv selman ak pen men ak tout pawòl ki soti nan bouch Bondye. Men pen an ekziste tou, paske fòk lòm manje. Jezi te wè bagay. Se menm ekzanp sa ke nou vle suiv jodi-a. Vokasyon legliz la, li pa dwe rete nan sa yo rele reziyasyon, nan afè pa bon, men fòl montre ke Bondye nou an rich an espri, e an materyel. Sa se yon bagay ki di, lè yo di ou rich an espri paske tout sa ki sou tè a se pou ou li ye. Men se ou menm pou ki ekspwate li, se pou fè entèlijans ou travay pou eksplwate li pou kapab byen.

Nou gen yon responsabilite pou nou kapab rejenere lòm, pou li kapab yon bagay entegral, sa vle di li sosyo-kiltirèl, li gen lekonomi, li gen kilti, li gen reliyion. Tout bagay sa yo detèmine aksyon sosyal yon legliz. Legliz dwe patisipe nan tout bagay sa yo, se sa ki pèmèt ke lòm ka rive kote'l rive-a. An nou pran ekzanp Etazini, Almay, Izrael, Japon. Tout peyi sa yo konnen Bondye, yo bay li premye plas. Nan menm tan sa Bondye sèvi avèk yo epi yap dirije.

Nou dwe asepte lè nou bay Bondye premye plas nan tout bagay. Bondye fè nou privilejie, li fè nou domine. Lòm, li genyen yon ajan de devlopman, li gen pou misyon poul fè bon bagay pou Bondye. Se pa achte n'ap achte figi gran puisans yo, men nou kapab di ke nèg yo asepte pou Bondye okiple premye plas yo. "In God we Trust" Nan Bondye nou Kwè. Yo fè tout sa y'ap fè nan prezans Bondye. E sa sa ki fè jodi-a yo kapab Gran Puisans, paske yo ki te se Bondye



k'ap dirije. Te gen Yon gran nèg ki di konsa: "Dieu Dirige mes Affaires" Ann kite ke se Bondye ki dirije nou. E tout bagay ap vini.

Evanjelizasyon ak devlopman, bagay sa yo renkontre ansanm. Men nou gen dwa pale de Developman de lòm, men lòm pa viv selman ak pen, men ak tout pawòl ki soti nan bouch Bondye. Li korespond byen ak chapit ke nou te li nan jenez chapit 3 e nan pwovèb chapit 12 n'ap wèl tou. Nou pa di ke se yon problematik, Oui se yon problematik men devlopman se yon problem pou nou rezoud. Mo devlopman pran pliske 10 ane yon plas de chwa nan literati ak lavi yon pèp. Demen n'ap pale anpil sou sa yo rele evanjelizasyon e devlopman lòm nan se nou menm. Evanjelizasyon se nou tou. Nou paka separe evanjelizasyon ak devlopman. Yo lye ansanm. Nan matematik nou rele sa binòm.

An nou bay Bondye premye plas nan la vi nou. An nou eseye swiv ekzanp nasyon Izrael la, ak lòt peyi ki angaje yo nan devlopman. Pou yo pa di ke Bondye te fè patipri, poukisa se moun sila yo li te fè avanse. Nou se kreati, ke Bondye te kreye, ki dwe genyen entèlijans. Sel diferans nou genyen se koulè po nou. Men tout eleman ke lòm genyen, Invèsel pou tout moun. Ni pou blan, ni pou jòn, ni pou nwa. An nou mete tèt nou ansanm pou nou fè devlopman, an nou di ke legliz pa preche reziyasyon.

Nou pa konnen pou ki sa Karl Marx te pran pozisyon kont Bondye, men nou vin wè yon echèk nan system sa, lè yo mete Bondye a kote. Ou wè sa ki rive yo jodi-a. E yo vin rive wè ke Karl Marx te fè yon erè, poul di konsa ke Bondye pa ekziste. Nou wè jodi-a ke moun ki bay Bondye premye plas nan lavi yo, se yo oke. Nou pa di ke ide Karl Max yo pa te bon men paske yo te mete k'ap domine. Nou pa di ke Bondye yon kote, yo echwe. An nou bay Bondye premye plas la e di ke Bondye dirije afè nou. An nou konnen ke se Bondye ki domine, paske li ranpli linivè. Bondye ak nou e nou ka fè anpil bagay, an nou leve defi devlopman sa. An nou leve defi tyè mond ak ka mond sa. Pou nou tout ka mete lòt prensip nan lavi nou, e levanjil la ap toujou prime.



## **2.- PLAS PLAN AK SEMANS AMELYORE NAN PWODIKSYON AGRIKÖL / TISIKILTI NAN BANNAN-N**

DR. PHIL ROWE

*Li soti nan Peyi Michigan, University Michigan State, Se la li te pran Doctora li nan òtikilti, avan, li te ale nan Peyi Honduras kote li te pase 30 lane ap fè rechèch, ap devlope bannan-n.*

*Se yon prezantasyon ki te fèt ak dyapozitif. Dr. Phil Rowe t'ap pale Anglais e Pastè Frantz t'ap tradui an Kreyòl.*

Jodi-a, mwen ta kontan pale de yon moun fou, you moun ki gen tèt loko. Yon moun ki te panse ou kapab kwaze banan-n, sa se yon moun fou, se pa yon bagay ou te kapab panse de li. Gen yon konpayi ke yo te rele "Tchikita" se li menm ki te kòmanse konpayi sa-a an 1959. Sa se yon ti moun ki la, se pitit mwen, li mande papa ki sa ou fè? Foto sa, se de pi nan lane 1970 ke li tet la. Lè'm te di ti gason an ke nou pwal devlope divès kalite bannan'n. Li te di bannan-n nan ke nou genyen an li bon, nou pa gen nesesite pou nou devlope lòt. Konpayi Tchikata pou devlope bannan-n nan, men sa li vle di an Anglè Se Konpayi Hondurenyèn pou rechèch Agrikòl. Rezon ki fè konpayi Tchikita te kòmanse travay sa, se paske te gen yon maladi bannan-n, ke yo rele "Mal de Panama" Se travay pou tèt sa yo te kòmanse pwogram sa. Maladi sa, se pi gran dezas ki te konn frape bannan-n.

Afè developman varyete bannan-n nan, ak fè eksperyans, se li menm ki fè nou kòmanse ak travay sa. Tout chan sa, se kote ki te gen bannann avan maladi-a te komanse. Depi maladi sa fin pase, li detwi tout kote ki te gen bannan-n nan. Lè maladi sa te fin pase se sel varyete sa ki te egziste, men sak te rete a, yo pat wèl te trò pwomèt, se sak fè yo te devlope pwogram nan. Sak te rete a yo te rele'l "Kavendish" li se yon non angle. Sa se yon lòt maladi ki vin devlope, li pi frajil, li pi danjere yo rele'l "Sigatoka Nwa".

Pou kòmanse yon pwogram pou devlope nouvel varyete, ou bezwen ale nan sant kote bannan-n nan te fèk devlope-a, te fèk paret la, se te an Azi kote yo te pran divès varyete pou yo vin fè kwazman, pou yo devlope sa yo bezwen an. Sa montre tout varyete bannan-n ki te egziste, se sou baz jenetik sa ke yo te travay pou vin devlope pou fè kwazman pou yo ka jwenn sa yo bezwen an.

Nou gen bannan-n ki piti, bannan-n ti moun e nou gen gwo tonton bannann. Chans ke nou genyen ki pèmèt ke nou ka fè kek kwazman bannan-n, se paske nou gen bannan-n ki gen grenn. Li gen semans. Sou pa kwè mwen, men m'ap



souke gress bannan-n nan. N'ap mete'l la si ou gen chans ou va vin wè sa gress bannan-n nan ye. Sa se varyete bannan-n gwo michel la ki gen gress. Kounye-a nou pwal vrèman pran plezi nou. Mwen pral pale nou ki jan yon moun ka devlope nouvel varyete bannan-n.

Se yon bagay ki trè senp e fasil. Sa nou fè nou kòmanse ak yon bannan-n ki gen poud, sa yo rele polen'n nan " se poud mal, pou nou travay avek yonn ankò, sa yo rele femèl la. Sa se yon bannan naturel. Sak nan mitan se li menm ki gen poud polen-n nan, ki mal la. Lè yo kwaze de sa yo, men sa li bannou kòm ybrid la, Savle di kwazman ant de sa ki agoch yo, li bannou rezulta sa ki adwat la. Kle a se sa ke ou itilize kòm mal la, se li ki pral depann de ki rezulta ou pwal jwenn. Pwoblem ke nou genyen, paran sa ke nou rele paran mal la lè nou fè kwazman se sa yo nou te genyen, men yo pa te an trè bon eta. Sa nou te fè la, se kote n'ap kwaze a, se la n'ap pran pati femel la pou nou metel ak pati mal la. Sa se semans la.

Mwen pral moutre nou pi gran mèvèy ki egziste nan kwaze bannan-n. Nèg ki te travay avan mwen an, li te travay li devlope poul ba ou sa ki nan mitan-an. Se sa ki bannou fason pou nou devlope bannan-n, ki rezistan kont maladi. Pwoblèm ke nou te genyen pou nou te ka retire semans yo, se te difikilte pou nou te ka ekstrè gress yo. Travay la pate ka ale vit. Men kounye gen yon lòt fason pou kwazman ka fèt pi vit. Kounye-a la, me sa nou fè, gen yon enjenyè ki travay. Kounye-a nou ka retire semans lan, se yon bokit ke nou pran, lè nou pran pat la epi nou peze li byen vit, apre sa semans lan rete deyò. Nou ka wè semans lan sou dwèt moun nan. Se nan melanj sa ke nou pral retire gress yo. Pati sa pa trò konsène syans jenétik pou prepare bannan-n nan, se sèlman yon travay enjenyè ki montre nou koman nou ka ekstrè gress yo.

Yon lòt pwoblèm ki rete toujou, menm ke nou kapab ekstrè gress yo, gress sa yo, lè ou mete yo nan jèmwa, yo pa jème byen. Kounye-a deske li pat kapab jème nan tè, nou chache fè li nan laboratwa. Sa nou fè, nou kase semans la, nou pran anbryon ki andedan, kounye-a 50 pou 100 nan sa nou pran kapab jèmen. Sa ki rive, se nèg ki te travay avan mwen an ki te devlope yon gwo bannan-n, ki bay anpil pat, ak yon rejim ki long anpil. Men sel pwoblèm ke li te genyen li pat bay polen-n, sa vle di poud mal la pou te kapab fè kwazman.

Nou pral tounen nan pwoblèm ki pi grav la ki se Sigatoka nwa. Sa yo se varyete ke nou soti an azi avèk yo ki gen rezistans maladi ke nou rele Sigatoka nwa. Sa nou menm nou bezwen fè, nou pral ajoute rezistans a varyete ke nou pwal devlope a, pou yo ka vann komèsyalman e pou nou kapab konsèvè gran rejim nan tou.

Nou kòmanse ak ti bannan-n zwit ke nou wè sou men goch la. Nou fè kwazman pou nou ka kontinye ogmante li, jiska ke li rive nan dimansyon sa ke nou vle-a ki se yon gwo bannan-n. Lòt gran pwoblèm ke nou te genyen se pwoblèm "Nematod". Nan chouk bannan-n nan ou wè ki pwoblèm vè nematod la fè. Pou nou ka rezoud pwoblèm nematod la, nou fè kwazman, nou vin devlope yon plant ki



gen rezistans. Sa se de paran yo ke nou kwaze ansanm, nou vin trouve yon lòt ke vè nematod la paka bay pwoblèm ankò. Lè nou vin gen yonn ki ka reziste kont nematod sa, nou fè kwazman pou nou vin pare gwo bannan-n sa. Se preske yon sipèmann li ye. Varyete sa yo rele'l gwo michel, lè nou gen lòt la ki genyen polenn nan, sa se yon paran ki ka bay gress, lè'n kwaze li, sa yo rele gwo michel la, nou vin gen yon Ibrid, ke yo kapab pwodui komèsyalman, kote yo ka pwodui li an abondans nan mache pou vann tout moun.

Nou te voye li nan Peyi Ouganda an Afrik kote yo te al teste li, pou yo wè ki rezulta li bay, se kote yo te piblilye li nan jounal. Sa se yon machin kontenè ke yon sèl rejim bannan-n plen. Se nan jounal yo mete'l. Nan jounal la yo mete foto sa, ki fè ou konnen ke ou kapab bay tout moun manje nan yon semenn. Sa se yon fason pou fè mesaj la pase. Kounye a, se pi gran avans ke yo fè nan zafè prepare bannan-n. Lè bannan-n nan mi ou manje'l konsa, men afè de bannan-n bouyi a, se li ki pwoblèm nan. Ki jan ou devlope yon bannan-n ou kapab manje'l lè li bouyi? Sa se yon bannan-n ke yo bouyi nan Peyi Filipin, mwen wè jan li wo. Lè nou pran paran ki pi kout, nou kwaze li avèl e nou vin jwenn yon paran ki gen gress. Gen kèk moun ki ka wè varyete sa an Ayiti, lè nou kwaze li se sa li bannou. Eske gen moun ki goute varyete bannan-n sa déjà? Oui. Ki gou li genyen? *Li rak, li pa gen bon gou.* Gen lè moun sa pat kon kijan pou li kwit li. Bannan ke yo kwit ki gen anpil enpòtans se nan peyi Ouganda, kote ke yap vann li pou moun kapab bouyi li.

Yo te konn pwodui bannan-n byen pou tout moun nan peyi a manje. Men, depi maladi sigatoka nwa a antre, bannan-n nan yo te konn pwodui a vin parèt deplimen. Gen sa yo rele "mother field three" Chan manman twa, yo kwaze li e yo vin jwenn, sa se de meyè paran mal yo ke yo te devlope. Yo rele sa fhia 25, Bannan pou kwit. Se lè yo te fè kwazman ak de paran ke yo te montre nou yo ki vin ban nou sa. Yo rele li fhia 25. Maladi sigatoka nwa paka touche li. Sa se yon bannan ki di anpil, si yon kote gen sechrès, li tolere'l, paske li pa afekte li trop. Nou kapab wè'l ak moun nan ki kanpe bò kote'l la, li pa trò wo e nou wè gwozè rejim nan. Bannan-n nan si tèlman bon, nou mete yon moun ame ak zam pou kapab veye li, pou vòlé pa pran li. Ou kapab detwi plant la, ou kapab rekolte li. Gen yon lòt fason, ou kite plant la anlè, ou jis retire sa ou bezwen-an. Yon rejim konsa lè li pare, si se nan lakou kay ou li ye, ou kapab rekolte sa ou bezwen an, epi fanmiy la kapab manje li jiska 2 mwa.

Yo rele sa yo diployid, nan sans jenetik, se paran yo te kòmanse avè yo a. Plant ke yo te devlope a pa te twò bon lè yo t'ap fè kwazman, e kounye-a n'ap devlope lòt ibrid ki reziste a maladi e dki gen bon gou, ki pa gen gou rak. Nou kwè tout moun dwe genyen yon pwovèb ke yo pi renmen. Mwen tap li yon liv, se Jonathan Sweet ki te ekri liv sa, li mouri environ 250 an pase, men se te yon nèg ki te saj anpil. Li di nenpòt moun ki ka fè de (2) zepi mayi grandi nan yon moso tè kote yon zepi mayi te konn grandi avan, Moun sa gen plis enpòtans pase tout politisyen ke ou ka jwenn sou tout la tè beni, mete tout ansanm, moun sa gen plis enpòtans pase yo. Se sa nou rele prensip tisikilti a. Lè ou genyen yon sèl pye plant nan espas 2 ane ou kabap pwodui dè milye ak li, apati de tisikilti. Plant sa yo



se semans lan ke n'ap pale a, ou kapab pwodui yo. Apre 3 mwa yo vin grandi, rive nan dimansyon sa yo, epi ou kapab mete yo nan sachè, e lè yo fin kondisyone ou kapab plante yo nan chan.

Gen plizyè moun ki la nan odyans la, ki te deja eseye sa deja, ki pran ti plant sa yo poun vin transplante yo nan sachè. Gen kèk moun ki jwenn bon rezulta, gen lòt ki di yo pa di yo jwenn rezulta, paske yo pat konprann bagay la, men yo di ke reset ou te banou an li pa byen mache. Sa vle di lè ou fèk kòmanse ak ti plant sa yo, ou deja fin etabli yo nan ti chasè, e ou plante yo nan tè li fasil, paske se menm teknik ou konn itilize pou pran plan bannann nan pa bò isit la, pran yon ti repous e transplante li pou fè vale plantil ou vle. Sa montre nou lè plant la rive nan estad kote ou kapab miltiplaye li rapid.

Yo retire tach yo, epi yo mete angrè toutotou li. Sa yo fè, yo kase tèt plant manman an ki favorize pou li pouse ptit anba. E se konsa anpil ptit vin pouse. Sa vle di pou chak plant ou ka jwenn 5 a 10 ptit. Mwen te al Kiba mwen te wè gwo roch sa, gen yon mesaj ke mwen wè sou li, sa enpotan pou tout moun sonje. Mesaj la di konsa "**Lè ou travay ak amou pou travay, ou jwenn rezulta**".

### Kesyon

1) *Sa k'ap pase si ou retire repous yo avan bannan-nan donnen?*

**Rep:** Si ou retire jèn ti repous la, avan bannan-nan donnen-an, l'ap donnen kan menm, men plant la ki pral bay rejim nan ap bay yon pi piti rejim. Men repous yo p'ap gen pwoblèm.

2) *Eske nou menm ki la ka kòmanse fè eksperyans sa yo lè nou rive lakay nou? Si oui, Kòman?*

**Rep:** Nou ponkò genyen yon systèm ki etabli, pou fè travay sa. Men mwen vini ak environ 950 plantil. Mwen konnen gen moun ki la kounye-a, ki fè eksperyans deja, pou devlope plantil sa yo. Nou pral bay moun sa yo kèk plantil pou yo kapab miltiplaye a travè peyi-a. Epi a pati de sous sa yo moun kapab jwenn. Gen environ 500 se varyete pou kwit e rès la environ 400, se bannan-n ke nou rele bannan-n desè-a ke yo renmen anpil nan peyi Ouganda, ki a dispozisyon nou. Nou genyen yo pou nou fè eksperyans pa bò isit.

3) *Mwen ta renmen konnen ki jan pou'm fè kwazman?*

**Rep:** Mwen te ka pran tout rès semenn nan poum te ka pab eksplike nou sa. Pwosesis la se chwazi yon bon paran apre sa fè kwazman, ki pral ba ou gress, e se ak gress nan ou pral kontinye prosesis la. Se ak gress ou jwenn nan paran yo, ou pral fè kalifikasyon sa.

4) *Kijan ou kapab diferansye yon bannan-n ki mal ak yon femèl?*



**Rep:** Depi ou jwenn yon pye bannan-n li genyen flè mal ak femèl ladan li. Konsa, si se yon mal l'ap ye, se ladan ou va pran poud ke yo rele polenn nan, si se yon femèl li ye se ladan ou pral mete polenn nan. Sa depann de moun nan k'ap fè kwazman, pou ki konnen ki sa l'ap chwazi kòm mal ak femèl. Paske bannann nan gen tou le de flè yo ladan li.

5) *Nou rankontre sa raman an Ayiti, pou yon sèl pye bannan fè de (2) rejim, ki sa ou ka di nan sa?*

**Rep:** Sa se yon fenomèn ki ra, men gen anpil kote ke sa rive, kote yon pye bannan-n bay de rejim, men sa ka rive kan menm. Men pou kwazman, li pa trò enteresan lè ou jwenn yon pye bannan-n ki bay de (2) rejim.

6) *Kijan maladi Sigatoka Nwa pwezante ou byen ki sentòm li?*

**Rep:** Fèy yo chanje koulè, yo vin nwa e yo mouri. Li pa touye plant la, paske li swiviv, men rekòt la ba nèt.

7) *Ki pi bon épòk pou fè deganisaj nan plantasyon bannann?*

**Rep:** Tan ki pi bon nan ane-a pou fè deganisaj la se lè gen lapli kap tonbe, lè ou rache ti plantil la ap gen chans pou li repouse, paske li jwen lapli. Meyè sezon an se lè gen lapli.

8) *Eske plantil ki nan sachè yo se pa ibrid yo ye? Si se Ibrid esplike nou kòman.*

**Rep:** Tout lè nou fè yon kwazman, sa vle di nou gen 2 paran, yon mal ak yon femèl. Lè nou fè kwazman, rezulta ke nou jwenn ladan li nou rele'l Ibrid. Plantil ke nou genyen nan ti plastik la, ki soti nan tisikilti-a se Ibrid ke yo ye.

9) *Nan ki lalin nou ta dwe plante bannan-n sa yo?*

**Rep:** Sa ki pi enpòtan, depi ou resevwa li nan ti sache-a se pi rapidman posib, ke ou dwe plante'l. Afè de sik lalin nan, mwen pa konnen kenn enfòmasyon sou sa.

10) *Ki sa pou nou fè pou nou ka jwenn kèk semans bannan-n?*

**Rep:** Mwen pote avèk mwen 900 plantil bannan-n, men nou pako diskite déjà mwayen pou nou distribiye li. Men nou wè sa ki pi enpòtan, ke nou wè moun ki déjà gen eksperyans pou jere jan de plantil sa yo, se yo menm pou ki ta dwe pran sa an chaj, pou fè'l pase peryod ke nou rele peryod kritik la. Apre ke ou mete'l nan sache distribisyon an kapab fèt pou al lòt kote.

11) *Eske li bon pou yon sèl pye bannann fè kwazman, ki sa li ap bay? Ki kalite bannan-n ke ou gen avèk ou la?*



**Rep:** Nan ka pa'm, mwen toujou itilize 2 kalite paran, nou pa fè sa nou rele otofètilizasyon, sa vle di fè menm plant la fètilize tèt li.

Gen 2 kalite bannann ke mwen pote la, yonn se yon kalite ke ou ka itilize pou bouyi, lòt la se sa ke ou ka itilize nan desè. Se Fhia 17 ak Fhia 23, sa yo kapab manje kòm desè-a.

*12) Konbyen tan bannan-n sa yo pran pou yo donnen? Eske se tout ti plan sa yo pou retire bò kote manman yo?*

**Rep:** Ti plantil sa yo ke nou genyen la, yo genyen pou yo rive nan estad pou yo mete yo nan sachè jiskaske ou ka al mennen yo nan chan. Sa ap pran environ 4 mwa. Yon fwa ke li rive nan estad pou mete'l nan chan kounye-a la.... Fòk ou tann ke li fin pwodui avan ke ou al rache pitit la. Si ou pa tann le fi donnen l'ap redui nan gwosè rejim ke'l ta sipoze ba ou.

Men sa pwovèb ke mwen te wè ki ekri sou yon ròch nan peyi Kiba di: "Lè ou travay avèk amou ou jwenn rezulta"



## 4) PLAS AK ENPOTANS KONTWÖL PÈS NAN PWODIKSYON AGRIKOL

AGR. FRESNEL ALVAREZ

M'ap di tout moun yon gwo bonjou, paske plezi a anpil pou nou kapab la jodi-a andedan sal sa, pou nou pataje avèk nou ti eksperyans nou nan domenn kontwòl pès nan agrikilti.

Talè-a Dr. Rowe te fini pwezantasyon li a ak yon pwovèb ke mwen te twouve ki ekstraòdinè. Mwen menm tou m'ap kòmanse pa'm nan avèk yon pwovèb ki di: "Ki enpòtans konesans genyen lè ou pa pataje li avèk lòt moun". Sa vle di konesans ke ou genyen la se pou al pataje li ak lòt moun, vwazen, fanmi eksetera. Sijè nou maten an se enpòtans kontròl pès mam domenn agrikòl. Ki sa nou ka rele pès? Si nou ta vle bay pès la yon definisyon. Nou konnen an kreyòl lè yo di yon moun la pès, ki sa yo di ou. Si yo di fi sa se yon pès ou byen vwazen sa se yon pès, nou konnen sa sa vle di. E byen li preske genyen menm sans la tou nan agrikilti, paske pès se tout move zangi ki egziste andedan pwodiksyon agrikol la, pou kontrarye pwodiksyon an. Se tout annwi tankou: ensèk, maladi, tankou vèmin ki anpeche ke jaden an grandi jan li dwe grandi, pwodui jan li dwe pwodui, poul ba ou yon pwodiksyon nòmal. Pès la se tout annwi sa yo.

Si nou ta mete pès la nan mitan plizyè kategori, ki twa pi gwo kategori pès ki egziste? Nou ta pran tou, an premye lye zèb. Paske zèb se yonn nan pi gwo vèmin ki egziste nan agrikilti. Plante nenpòt jaden, ba li angrè, flite li pou ensèk pa manje'l. Flite li, anpeche ke tout vèmin vini ladan'l. Men kite'l pou zèb ka grandi ladan'l. Li p'ap ba ou anyen, paske zèb ap grandi sou li, l'ap kouvri li, epi ou pèdi jaden-an. Pou mwen se pi move vèmin ki genyen nan jeden. Yon cheni ap manje, men l'ap kite yon ti bagay pou ou nan jaden an, men zèb la ka fè-ou pa rekòlte angnin. Sa se yonn nan twa gwo kategorie pès ki egziste nan jaden.

Dezyèm kategori pès ki egziste nan pwodiksyon agrikol se sa yo rele ensèk. Ensèk la trè vas, li anpil, li kapab detwi tout plantasyon ou, li kapab fè-ou pa fè yon pwodiksyon. Sa se yon dezyèm kategori pès. +

Genyen yon twazyèm kategori pès, ki ankò pi nwizib ke dezyèm nan. Se sa yo rele maladi. An Ayiti gen yon pwovèb ki di, maladi pa tonbe sou pye bwa, se sou moun maladi tonbe. Pwovèb sa se yon pwovèb ki pa vre, paske pagen pyès verite ladan li. Paske maladi tonbe sou plant, menm jan maladi tonbe sou moun. Maladi ki tonbe sou plant yo pa menm ak maladi ki tonbe sou moun yo. Men maladi tonbe sou moun tou. E yonn nan pi gwo pès ki egziste nan afè jaden se maladi. Nou pa pral antre nan yon killi detèmine, pou nou enimire ki maladi ki ka tonbe sou killi sa yo, men nou menm ki la, se profesyonèl ke nou ye, se nan



agrikilti n'ap travay, se nan devlòpman n'ap travay. Nou konnen gen kèk maladi ki ka ravaje jaden e ki ka anpeche-ou fè yon rekòt.

N'ap reprann pou nou di-ou ke pès, se sa ke nou menm nan agrikiliti pa nou an, nou bay mwens enpòtans. E se yonn nan bagay k'ap ravaje agrikilti nou an, e ki kite agrikilti a nan nivo ke li ye kounye-a. Kote ke nou paka menn fè konpetisyon avèk pyès lòt moun, pyès lòt peyi nan zafè agrikilti. Pès se pa selman lè yon cheni vini nan jaden ou, pou di sa se yon lapès. Pès se pa selman lè yon pye zèb leve nan jaden ou, li anpeche jaden an leve, pou di sa se yon pès. Pès se pa selman tou, yon maladi ke ou rele pès. Tout globalite kesyon an, pès se tout sa ki anpeche ou fè yon rekòt. Se tout sa ki anpeche ke ou konsève rekòt ou, paske ou gen dwa fin fè rekòt la, pès la al pranl jis nan depo lakay ou. Pa ekzanz mayi ak pwa, nou konnen ke ou gen dwa fè yon jaden mayi, ensèk la swiv li jis andedan depo-ou, e li eliminel. Sa yo, se yo menm ke nou konsidere kòm pès.

Nou pran twa gwo kategori ke nou rele **move zèb**. Ke nou rele **ensek**, ke nou rele **maladi**. Men gen lòt toujou. Gen yonn, yo bay non an, menm ke yo rele'l lapès, men yo pa lonmen non li lè yo pwal mete pwazon pou li. Se rat. Lè ou pran yon nèg ki fè kilti diri, se madan sara. Se yon gwo pès paske li p'ap kite-ou fè rekòt la. L'ap manje'l. Se pou'm byen eksplike-ou ke lè ou di pès, ou pa wè selman ensèk, maladi, move zèb. Men se tout sa ki anpeche ke ou jwenn sa ou te dwe jwenn nan jaden an.

Puiske lè ou plante yon jaden se rekòt ou bezwen, tout pès sa yo ou oblige kontwòle yo. Ou pa di wap elimine yo. Men wap kontwòle yo, pou anpeche ke yo menm, yo kontwòle-ou. Paske si yo kontwòle-ou se jaden-an y'ap manje. Si ou kontwòle yo, ou anpeche ke yo manje jaden an.

Ki rezon ki fè ke ou oblige kontwòle pès yo? N'ap konsidere 2 gwo rezon ke nou pral devlope pou ou. Se diminye pèt ke wap fè nan pwodiksyon an. E dezyèm gwo rezon se ogmante rannman nan jaden-an. Rannman, nan kantite ak nan kalite. Paske plizyè fwa, lè nèg k'ap pale franse yo di "ogmantasyon pwodiksyon agrikòl li" Li fè vizyon, le pli souvan sou kantite. Ki kantite mamit mayi l'ap fè nan yon ekta tè? Ki kantite rejim banan-n l'ap fè nan yon ekta tè? Men ogmantasyon rannman, nan kalite, enpòtan menm jan ak kantite-a. Paske kalite vo pri. Pou ki sa ke gen yon seri de bagay, yon seri de pwodui ke ou fè nan jaden an, ou paka voye yo vann nan lòt peyi vwazen-an. Se paske kalite sa ou fè-a, pa bon. Se Ayisyen k'al nan mache ki achte nenpòt bagay. Men gen lòt moun ki chwazi ki babay pou yo achte.

Pwan yon panye mango ale nan mache-a avèk li, ou fè plizyè lo ak li, mango vèt, mango jòn, mango mi, mango kase, merilan. Nèg la soti lakay li, li konnen se merilan li pral achte, lòt la soti lakay li, li konn se mango jòn li pral achte, lòt la soti lakay li, li konn se mango kase li pral achte. Sa vle di, tout sa ki soti nan jaden lakay ou, kelke swa kalite'l, li vann. Pa gen rejè. Sa fè tou, nou akòde mwens enpòtans a kalite pwodui ke n'ap fè-a. E toutotan ke ou pa travay,



ni pou kantite ni pou kalite, ou pa pral pyès kote. Se tande wap tande ke pwodui agrikol lòt peyi ap fè echanj, yonn bay lòt. Pa-w la ap toujou rete nan men-ou. Paske lè ou fè yon melon nan jaden ou, cheni manje yon bò nan melon-an. Epi ou wè nèg la ap manje'l nan mache-a. Oubyen dèyè melon an pouri, li fennen ou jwenn moun achte li kan menm.

Ogmantasyon rannman vle di: ogmante'l an kalite e an kantite. Fòk ou fè anpil, men fòk ou fè bon kalite. Pou rive, ki sa ki anpeche'ou fè kantite-a? E ki sa ki anpeche'ou fè kalite-a? Se Pès, Se ensèk, se maladi, se vèmin. Se sa ki bay enpòtans kontwòl pès nan pwodiksyon agrikòl. Toutotan ke ou pa rive kontwole pès nan pwodiksyon agrikòl, ou ponkò nan pwodiksyon.

Ki ès ki ta renmen achte yon mango, epi andedan mango a, lè'l koupe li, li jwenn yon vè andedan li? Ki ès ki ta renmen koupe yon melon, lè'l koupe melon-an li jwenn yon cheni andedan li? Nèg la di-ou se melon an ki fè cheni-an. Se pa yon mango -a ki fè vè-a. Nèg la ale pi lwen li di, li pito manje'l nan fè nwa. Se pa yon jwèt, mwen menm nan konpayi ke m'ap travay la, nan Agwosèvis, kounye-a pwodui tout bagay ke nou ka voye vann nan peyi etranje. Tankou melon, kantaloup, jounou, piman, jan de bagay sa yo. Nou gen moun k'ap chache mache pou nou nan lòt peyi yo. Nou menm isit n'ap chache moun pou nou kapab fè pwodui yo.

Eske ou panse ke nou kapab mete nan yon avyon, ou byen nan yon bato yon jounou ki fann? Yon jounou ki kòmanse pouri? Yon jounou ki gen yon twou cheni ladan li? Se sa ki fè nou oblige travay sou kalite-a. E se kontrol pès yo, pou ki ba ou kalite-a. Nou oblige travay tou sou kantite-a, paske kantite-a se li pou ki pèmèt ke moun lakay jwenn eksedan, pou voye'l vann bay lòt moun nan lòt peyi. E toutotan ke agrikilti-a rete nan agrikilti pou manje, nan kizin lakay ou, ou p'ap janm kapab fè kòb ladan'l, e ou p'ap gen pyès anvi pou ou kabab ogmante'l tou. Diri ap toujou vini nan bato, bannan-n ap toujou vini nan bato. Ou konnen nan peyi isit kounye-a, pa gen anyen ki pa soti lòt bò vin vann ou. Menm mayi, paske mwen wè anpil ti chasè mayi moulin, ki pa fèt isit k'ap vann nan mache-a. Alò ke kantite mayi ki plante nan peyi d'Ayiti, se ou menm ki ta sipoze gen mayi pou voye vann. Se avèk pès nan jaden ki fè sa pa rive fèt.

Gen yon rapò FAO te fè soti, li di gen yon tyè nan pwodiksyon agrikòl mondal la ki pèdi akoz de pès. Nou konprann sa mwen vle di: gen yon tyè nan pwodiksyon agrikol mondal la ki pèki akoz de pès. Gen yon ankèt ke yo te fè nan peyi d'Ayiti, byen ke kounye-a sa depase, paske li gen 7 a 8 an déjà, ke nan tout mayi sèch ke yo rekole, gen 60% ki pedi nan depo. Sou chak 100 mamit mayi ki soti nan jaden-an, gen 60 mamit ki pedi nan depo. Akoz de mit, akoz de rat, akoz de pouri yo pouri nan gouann. Mwen menm, mwen te timoun, papa'm te konn plante anpil mayi, pandye yo nan gouann. Mizik ki konn genyen nan gouann sa yo, apre 2 a 3 mwa kont pou te fè nenpòt konsè. Lè yo desann mayi sa yo gen plis ke mwatye, nan mayi sa yo, ki se mayi pike. Sa yo se pèt ke ou enregistre apre rekòt.



Se sak fè kontròl pès yo pa rete selman nan jaden, yo pouswiv ou tou jis apre ou fin rekolte jaden-an. Paske gen de pwodui sereyal yo, ki enmagazine lakay ou, pès la swiv yo ale nan depo-a.

Pa ki mwayen nou kapab rive kontwòle pès? Genyen plizyè kategori pès ke nou sot di. Mwayen pou kontwòle pès yo. Le pli souvan hèg la di se pestisid. Pestisid la se tout pwodui chimik ke yo itilize pou kontwole pès nan jaden ou, ke'l te zèb, ke'l te maladi.

Men tou se pa pwodui chimik selman ki ka kontwole pès nan jaden, genyen yon pakèt lòt mwayen ki pèmet ke ou rive kontwole pès nan jaden-ou. Genyen kèk metòd, ke yo rele tou senplemen, metòd agwonomik, sa vle di nan pratik agwonomik jan wap fè jaden-an, pèmèt ke ou kontwòle pès ki nan jaden-an. An nou pran yon egzanz: Si ou genyen yon jaden ou pral plante patat ladan li, jaden sa te gen anpil ti ogann, ti ogann pa sèvi avèk dlo, li pa renmen dlo, li pa renmen labou, li pa renmen tè mouye. Si anvan ou prepare tè sa, ou pral plante patat la, ou inonde'l, ou plen li ak dlo, ou gen tan elimine yon gran pati nan ti ogann ki te egziste nan tè-a. San ke ou pa itilize pyès pwazon, pyès pwodui chimik. Sa se yon seri metòd pwatik agwonomik. Lè ou pral plante yon bannan-n pa egzanz, ou fouye trou bannan-n nan, ou kite twou bannann nan fè 2 a 3 jou pran soley avan ke ou plante-li. Sa se yon lòt pratik ki pèmet ou kontwole tè-a kont nematòd ak kèk lòt pès, ke ou ka trouve nan tè-a.

Tomat, kounye a gen yon ensèk ke yo rele mouch blanch, ki anpeche ke moun fè tomat. Gen de varyete tomat ke yo devlope pou ka kontwòle mouch sa san ke ou pa bezwen itilize ensektisid, ni pestisid. Ki teknik yo anplwaye? Mouch blanch la gen yon ti bèk pou'l pike fèy tomat la pou li souse'l. Yo devlope kèk varyete tomat, kote ke fèy tomat la gen yon seri pwal sou li. Pwal la pi long ke ti bèk mouch blanch la. Lè mouch blanch lan pike tomat la, pwal la gen tan pike'l avan li touche tomat la. Tout sa yo se yon seri de metòd agwonomik pou kontwòle pès.

Gen lòt metòd toujou tankou, sa nou ka rele metòd byologik. Sa plis konplike pase metòd agwonomik yo. Byen ke yo di an Ayiti se agrikilti byologik nou fè, se sa ki bay mango nou an enpòtans nan peyi etranje. Se trè byen paske nou pa itilize pyès pestisid nan peyi d'Ayiti pou mango. Pa egzanz, nan agrikilti nan zòn Mase, ak Tòbèk kote ke yo fè diri, nou konnen gen yon ensèk ki pwovoke maladi pay nwa nan diri. Se sa ki fè gen yon seri varyete diri ki kòmanse disparèt nan peyi-a. Men moun save-yo, moun k'ap fè rechèch yo, yo jwenn yon lòt ensèk, nou pa rele'l ensèk, yo di se yon akaryen li ye. Akaryen-an, yo di se pa yon ensèk li ye. Akaryen an ki atake diri-a, ki bay pay nwa, gen yon lòt akaryen ki manje'l. Ki sa yo fè? Yo devlope lòt akaryen an, yo miltiplie li epi yo lage'l nan jaden diri-a. Li manje tout akaryen nwizib la. Sa yo se metòd biyologik.

Genyen anpil egzanz konsa, kote ke, avèk yon chanpiyon, ou gen dwa lage chanpiyon sa nan jaden an, chanpiyon sa detwi lòt chanpiyon ki nwizib. Sa yo, kòm mwen di-ou se metòd biyologik, ki plis konplike pase metòd agwonomik



yo. Genyen metòd ke yo rele metòd chimik. Metòd chimik yo, se tout metòd ke nou konnen yo. Pong ou sou do-ou, pwodui ou ladan li, epi ou ale direkteman nan jaden an, ou aplike yon pwodui ke ou konnen ki ka konbat ensèk nwizib la, ke ou genyen nan jaden an. Sa yo se pwodui chimik, yo gen avantaj yo, yo gen pwoblem yo tou. Yo telman gen pwoblèm, pafwa apre ou fin flite yon jaden, lè ou al manje pwodui-a, si se yon jaden mayi pa egzanz, si yo ale nan laboratwa, y'ap jwenn pwazon ou te flite nan jaden an, andedan mayi-a. Sitou nan kilti legim-yo, anpil fwa nèg la itilize kek pwodui pestisid pou'l kontwòle ensèk, poul kontwòle maladi nan jaden legim yo. Epi pwazon sa akimile nan plant yo. Sa vle di kantite tan ke yo ta dwe bay pwazon an, moun nan pa ba'l tan sa. Li al vann yon pwodui ki gen rezidi pwazon an ladan'l, egal nèg ap pran ti pwazon li a peti fe.

Tout bagay yo pa fasil, yo gen pwoblèm yo. Trètman ou byen sa nou ka rele metòd chimik yo, fòk yon moun metrize'l pou itilize'l. Ou pa jwe avè'l. Si'm pran yon pwodui, mwen gen yon cheni nan jaden'm pa egzanz. Si mwen kite cheni sa, sa k'ap rive? M'ap pèdi jaden an. Cheni ap manje tout jaden an. Fòm detri cheni-an, men fòm konnen tou, lè mwen fin detwi cheni-an nan jaden-an, apre konbyen tan m'ap kapab manje sa ki soti nan jaden an. Sa vle di, pwodui ke wap sèvi avèk li-a, fòk ou konn pwodui-a. Konn pwodui-a vle di pwodui sa, ki ensèk l'ap tiye nan jaden-an? Apre konbyen tan l'ap nan jaden an toujou? Si mwen manje pwodui sa ki sa l'ap fè'm? Eksetera.. Sa vle di metòd chimik yo fòk ou byen metrize yo, menm jan avèk tout lòt metòd yo, pou kapab fè li. Se li ki pi dirèk, se li ki pi fasil, paske ou wè sa wap detwi-a. Se yon cheni ou wè, ou mete yon pwazon nan yon pong, ou flite cheni-an, devan zye-ou ou wè cheni-an mouri. Si se yon vye zèb k'ap nwi ou nan jaden an, ou mete yon èbisid nan yon pong, ou flite vye zèb la, epi li mouri. Si se yon maladi k'ap avanse nan jaden ou, ou pran fonjisid, ou mete nan yon pong, ou flite jaden-an, epi maladi-a kaba.

Men pa blyie nan agrikilti, yo toujou di, sa ke ou pa wè-a, se li ki pi danjere. Pa egzanz yon akaryen ki nan jaden diri-a, ki bay maladi pay nwa. Se lè pay diri a vin nwa, se lè sa ou wè'l te gen akaryen an. Paske ou pa ka wèl ak zye ou, san ke ou pa gen yon loup. Si ou te ka wèl ou te ka gen tan trete'l. Nan agrikilti, sa ke ou pa wè a, se li ki toujou pi danjere.

An nou fè yon ti bak ankò. Nou te di pès yo gen plizyè metòd pou kontwòle yo. Nou te di gen metòd agwonomik, gen metòd biyolojik, gen metòd chimik. Men kounye-a tout metòd sa yo, plis lòt metòd, nou pran tout nou mete yo ansanm. Nou fè yon pakèk avè yo, ke yo devlope yon lòt metòd ki bokou pi pratik, ke yo rele metòd "kontwòl entegre". Kontwòl entegre a vle di, se pa le fèt ke jaden an pa gen zèb, ki fè ke wap fè yon bon rekòt. Se pa le fèt ke ou tiye cheni yo, nan jaden ak ensèk yo, ki fè ke maladi p'ap antre. Se pa le fèt ke ou anpeche maladi-a antre ki fè ke wap fè yon bon rekòt. Agrikilti pwodiksyon agrikol se yon tou li ye, se yon konplex li ye. Ou pa ka neglige yon aspè pou favorize yon lòt. Se tout aspè yo pou pran, pou mete yo ansanm, pou kontwòle yo ansanm, ki pou ba ou yon bon pwodiksyon.



Eske se paske mwen flite jaden mwen kont ensèk, mwen flite li kont maladi, mwen mete pwodui kont move zèb, mwen byen prepare tè mwen, eske sa sifi poum fè yon bon pwodiksyon agrikòl? Sa paka sifi paske pwovèb kreyòl la di ou "sa ke ou plante se li ou va rekolte". Si'm pra'l plante yon mayi, mwen fè tout sa'm ta genyen pou'm fè yon bon jaden mayi, epi semans mayi'm nan pa vo anyen. Pa blyie ke mwen te di, rezon ki fè wap kontwole pès nan jaden ou se paske ou bezwen diminye pèt yo nan jaden an, e dezyèmman ou bezwen ogmante pwodiksyon nan jaden-an, e an kantite e an kalite. Tout avèk yon sèl objektif: Pou jaden sa rapòte-ou anpil kòb. Lè yon moun travay, pou ki sa li travay? Se pou'l ka fè kòb. Fè kòb pou voye pitit li lekol, poul okipe madanm li, kòb pou abiye, pou bati kay pou rete. Se pou sa ou travay. Jaden-an se li ki travay ou, li fèt pou'l rapòte-ou.

Nan kontwòl pès yo, se kontwole wrap kontwole pès ki gen nan jaden pou kapab fè yon bon rekòt, pou rekòt ou a gen yon bon kalite. Olye pou fè 10 mamit mayi, ou fè 30 mamit mayi. Men yonn nan metòd ki genyen kounye-a, se metòd entegre.

Metòd entegre-a vle di ou pran tout aspè pwodiksyon jaden an, ou eseye kontwole tout. An nou pran yon ti egzanp, nan plèn dè kay kounye-a yo fè anpil zepina. Yonn nan pi gwo enmi zepina se cheni. Ki lè ki gen plis cheni nan ane a? Se mwa jwen. Sa vle di si m'ap fè yon jaden mwen evite simen zepina nan mwa jwen. Sa se yonn nan metod pou kapab kontwòle pès yo. Genyen sa yo rele rotasyon kilti, nan metòd entegre yo. Mwen fin etire yon tomat nan yon tè ki gen tomant, nematòd se yon ensèk de sòl ki atake tomat anpil. Si m'ap fè yon lòt plantasyon, e ou konnen gen lòt kilti tankou bannann ke nematòd atake anpil, sa vle di, si mwen fin fè yon plantasyon tomat, mwen paka retire tomat la pou mwen mete bannann. Se pou'm mete yon lòt kilti ke nematòd pa atake, pou'm kase sik nematod la, avan ke mwen vini ak banann nan. Lè sa wap kontwòle nematod la.

Nan ka diri, akaryen ki ataka diri-a, li pa viv san dlo, li pa viv san chalè. Si'm retire diri nan yon tè, mwen remake te gen pay nwa nan jaden diri-a. Pwemye konpòtman pou'm genyen, si'm vle kase sik akaryen-an, se kite tè-a sèch nèt, laboure li, kite'l pran soleyl. E ke depi pa gen dlo akaryen pa ka viv nan tè-a. Fò gen kèk plant, ke li ka viv ladan yo tou, poul tann jaden diri-a, nan tout rebò jaden an, mwen eliminate plant sa yo. Lè'm fè sa mwen kòmanse kontwòle pès la san mwen pa itilize pyès pwodui.

Kontròl entegre-a, ak kontròl pès yo, se tout mwayen de kontwòl agwonomik, byologik, chimik, plis tout lòt kalite semans, kalite preparasyon sòl, épòk de semi, fétizayon ak tout tip angrè ou mete tou. Se tout bagay sa yo pou mete ansanm pou ki ba ou yon rezulta global, pou ki ba ou yon bon jaden, e se yonn nan metòd ki bokou pi ekonomik ke tout lòt.

Gen yon lòt kesyon ke mwen ta renmen poze, men se mwen menm k'ap reponn li ankò. Ki pi bon moman ki genyen pou kontwole pès yo nan jaden ou?



Gen twa bon moman pou kontwòle pès yo nan pwodiksyon agrikòl. Se avan ou planfe se pandan plantasyon an sou pye, e se lè ke ou fin rekolete.

Avan plantasyon, Koman? Pa blye nou di, pès yo se tou sa ki nwizib nan tè-a. Kilè ou kontwòle move zèb nan tè-ou? Depi avan ou plante, genyen moun k'ap fè jaden, tè-a leve zèb, yo reèse'l ankò, yo kite tè-a leve zèb 2 a 3 fwa, yo kwaze zèb la san li ponkò fè flè ak gress. Avan ke yo plante, yo gentan eliminate plizyè generasyon zèb sou tè sa. Se yon kontwòl move zèb ke yo fè. Lè ou pral plante yonn bannann pa egzanp, ou fouye twou bannann nan ou mete yon ti pwodui nan twou bannann nan. Ou kontwole mayoka, ou kontwòle nematod ki genyen nan tè-a. Sa yo se kontwòl ke ou fè avan plantasyon-an. Se sa ke yo rele prevansyon an.

Pye kout pran devan. Ou prepare kontwòl sa yo pou malè pa rive'w. wap fè yon pepinyè tomat, ou mete yon ti ridomil 5G ladan li, ou anpeche ke maladi ka rantre ladan li. Tout sa yo se prevansyon, kote ke ou kontwole pès yo avan ou plante. Pandan plantasyon-an, nou tout konnen yo: se sakle jaden ou, se swiv si li genyen ensèk, epi se flite'l, eksetera. Sa yo se kontwòl pandan plantasyon an. Ou wè yon maladi pwente nan jaden an, fap! ou fè yon kontwòl ladan li, ou estoke maladi-a, pou maladi-a pa antre. Twazyèm nan se apre ou fin rekolte, inevitableman ou oblige, pa pou tout, paske gen yon seri de pwodui ou ka fin flite kounye a, pita ou rekolte li al manje'l. Men sa pa pou tout, gen iòt pwodui si wap konsève nan chanm fwad, ou oblige trete yo ak pestisid pou chanpiyon ak djondjon pa leve sou yo. E nou konnen dapre yon rapò FAO te pibliye, li di, yon tyè nan pwodui agrikòl mondyal la, li pèdi aprè li fin rekolte. Li pedi pa pès sa yo, e te gen yon ankèt ki te fèt isit, kote ke yo te jwenn, 60 pou 100 de mayi pedi apre li fin rekolte. Rat manje li, mit manje li, eksetera.

Fòk ou pwoteje sereyal sa yo menm lè ou fin rekolte yo. Se sak fè entèvansyon ke wap fè pou kontwòle pès yo, yo gen de gwo aspè. Yo gen yon aspè pye kout pran devan, sa vle di prevansyon: anpeche ke maladi-a antre, e pui yo genyen yon lòt aspè se aspè trètman, aspè kiratif. Maladi-a antre, ensèk la antre, ou trete'l. Men pa janm blyie pès nan jaden ou, se pa eradike ou eradike li, men se kontwole ke ou kontwole'l. Paske ap toujou gen cheni, ap toujou gen rat, ap toujou gen vèmin, ap toujou gen maladi, ap toujou gen pès. Kontwole ke ou kontwole yo, pou yo pa anpeche ke ou fè jaden.

Kesyon

- 1) Eske mwazisi se yon ensèk? E si se pa ensèk, kouman nou ka kontwòle vo sitou nan grenn n'ap estoke yo?

**Rep:** Pou estoke grenn genyen de kondisyon ke li dwe ye pou li estoke. Kondisyon Imidité, ki kantite imidité ke li dwe genyen ladan li, kondisyon de pwopwete. Eske li pa gen lav ensèk ladan li, eske li pa gen vye ensèk ladan li. Pi souvan ki sa ki pwovoke mwazisi nan yon gress. Se twòp dlo ke li konn genyen, Chale kote ou mete li-a, paske peyi d'Ayiti se yon peyi cho li ye.



chalè ki pwovoke transpirasyon. Paske pi souvan se yon debi pouriti ke li genyen. Pafwa tou li kapab yon champion ki te sou gress nan, ke transpirasyon imidite plis chale, pwovoke devlopman champion an. Ki jan pou kontwòle'l? Gress pa konn estoke san ou pa trete'l. Sitou pou konbyen tan ke wap konsève'l. Gen nèg k'ap konsève yon gress, se pou 2 zan ke l'ap konsève'l, gen lòt se pou 1 ane ke l'ap konsève'l, sa vle di fòk li trete.

2) *Ki mwayen pou detwi rat nan rekòt diri?*

**Rep:** Pou detwi rat nan rekòt diri se yon deratizasyon pou fè. E l'ap difisil pou nou esplike'ou koman yo fè yon deratizasyon. Se tiye pou touye rat la. Men se ki jan ou pral tiye rat la? Nou p'ap ka di li kounye-la paske, l'ap mande twòp tan.

Gen yon ti liv ki rele "rat se zenglendo", se yon bon ti zouti pou kontwole rat.

3) *Kòman pou'n fè pou'n pwoteje mayi nou yo, lè nou fin rekolte yo nou konn mete yo sou pye palmys e ke ensèk atake yo kanmenn?*

**Rep:** Meyè fason pou konsève Mayi, se konsève li an gress. Ou gressnen mayi a ou seche li, kounye-a la toutotan wap konsève mayi-a pi lontan, toutotan ou seche li plis. Sa vle di yon gress mayi ou pral konsève pou 3 zan, ou oblige desann li jiska 5% imidite, yon mayi ke wap konsève pou 1 nan, ou gen dwa desann li jiska 10 -12 % imidite. Si se yon mayi ke wrap bezwen nan 2 mwa, ou gen dwa desann li jiska 13-14 % imidite. Sa vle di ke pou mayi a ka konsève li gen yon degre dlo ke li dwe genyen ladan'l, li gen yon degre imidite ki pa dwe depase objektif ou ak gress mayi sa.

Pou li pa fè mwazisi, pou lè li pwan chalè li pa transpire, pou li pa kanni ni pouri, kounye-a la fòk ou gen yon depo pou mete mayi-a. Nan ki sa wap mete'l? Nan sak ou byen nan kès? Sa depan de posibilité-ou, de disponibilité ou, sa depan de infrastruktè ki ou genyen. Ou gen dwa pran mayi sa yo ou mete yo nan yon seri de sak ki fèt an Jit. Yo pa konsève bagay sa yo nan sak ki èmetikman fèmen, a mwens ke li byen seche nan kondisyon sa yo mwen sot ba nou la. Paske jiska 12 li kapab transpire toujou, e si li nan yon sak plastik, transpirasyon a pral provoke mwazisi.

Ou konsève li nan sak en jit, ou byen estoke li andedan kay ou, kounye-a la ou pral kontwòle li kont ensèk. Ki pwodui ou pwal itilize pou kontwòle'l kont ensèk sa yo? Sa depan ankò, ki objektif ou avèk gress mayi sa. Eske se gress mayi wap konsève pou ou manje? Pou bay bèt manje, ou byen pou plante? Si se mayi wap konsève pou plante, ou gen dwa enpwazone li ak yon pwazon ki paka anpeche li leve, Ki ka anpeche-ou manje'l. Si se yon mayi ke wap bezwen pou manje, ou byen pou bay kochon manje ou byen pouf, gen yon pwodui ke ou ka mete ladan li, pou ensèk pa pike'l, ki pa toxik pou lòm, sa vle di ki pa pwazon pou ou, ki pa pwazon pou bèt yo. E genyen tou de gaz, ke ou gen dwa fimize li, sa vle di ou mete'l nan yon depo byen fèmen, ou mete gaz la



nan depo-a, gaz la elimine tout ze ensèk, tout lav ensèk ki nan mayi-a, egal mayi ou la vin pwop, li vin pa gen anyen kòm ensèk, epi ou fèmen li nan yon depo avèk gaz la ladan li. Sa se meyè mwayen pou konsève mayi ou, swivan objektif ke sa ou pwal fè ak mayi a. Si ou pwal manje li, ou plante li.

Sa nou di la li valab pou pwa, li valab pou piti mi, li valab pou tout gress, tout sereyal ki kapab seche.

4) *Nou ta renmen retounen lakay nou avèk yon posiblité pou detwi maroka kipa vle nou jwenn yon bout yanm nan kelkeswa jaden ke nou fè?*

**Rep:** Si nou gen yon pwoblèm maroka nou bezwen touye li, Maroka se yon ensèk li ye se yon ensèktisid pou nou ba li. Yonn nan sa ke mwen konnen yo, yo rele li Pillarfera ou byen Carbofera. Se yon pwodui ke nou ka jwenn nan nenpòt boutik agrikòl agwosèvis yo. Mande li la y'ap ban nou tout eksplikasyon kijan pou nou sèvi avèk li, nan yanm, nan bannan-n, nan tout lòt tibèkil ke ou gen maroka k'ap nwi-ou .

Se yon pwodui ti gress ti gress li ye, sa yo rele yon granile. Ou mete'l nan tè-a, lapli tonbe, li fè tankou yon gaz, li degaje nan tè-a depi li fin degaje, li touye ensèk la, li pa kite okenn tras nan sa ke ou pwal manje-a, ni nan tè-a. E li k'ap dire twa mwa nan tè-a.

5) *Nou rankontwe ak yon lòt pwoblèm pès nan jaden mayi nou yo. Apèn nou fin plante yo genyen pentad maron ki vin detere yo, ki sa pou hou fè pou nou ka kontre kare avek pentad sa yo?*

**Rep:** Pentad mawon nan mayi pa yon pwoblèm grav nan mayi. Mwen konnen nan Plato Santral gen yon pwoblèm konsa, kote nèg la plante mayi li, pentad pase li manje li. Men depi nou mete yon moun siveye jaden an pandan twa jou, mayi a gen tan leve ou p'ap gen pwoble ankò.

Si moun nan renmen pentad, men li paka kouri deyè yo. Li kapab tranpe mayi nan kleren, mete nan jaden an. Lè pentad la vini li manje mayi-a, l'ap vin sou epi ou mete men sou li ou kenbe li.

6) *Eske se jeneral mwa jen bay anpil cheni?*

**Rep:** Se yon bagay twadisyonal, se yon bagay nou konnen, ki menm antre nan twadisyon sa yo rele papiyon la Sen Jan. Nèg ki gen laj mwen yo, Si nou sonje 24 jen lontan, lè wap pase nan lari-a, papiyon ap fwape sou tout kò-ou, koloni papiyon ap flannen. Papiyon-an ki sa li ye? Se yon Etap nan vi cheni-an, Mwa me, jen se mwa cheni twadisyonelman.

7) *Ki kalite tomat nou ka plante ki pou konbat ak mouch blanch?*

**Rep:** Si nou sonje maten-an lè mwen t'ap pale de metod yo, meyè metod kounye-a pou moun pwodui tomat se yon metod entegre. Ou ka rive konbat



mouch blanch, pase mouch blanch la li pa yon ti ensèk fasil. Genyen anpil pwodiktè semans k'ap travay sou pwodiksyon varyete, ki reziste a mouch blanch la. Nou genyen 2 varyete ke nou kòmanse ap fè pwomosyon pou yo, paske reyelman yo reziste ak mouch blanch la, se yonn ki ron ke yo rele Jem Pry avèk yonn ki gen fòm ti jocelyn ke yo rele Jem Pear. Se 2 varyete sa yo ke mwen ka propoze nou pou le moman. Gen yon twazyèm tou, ki rele Jem Pak. Se twa varyete sa yo ke mwen konnen ki reziste ak mouch blanch la jis kounye-a.

Men se pa paske yo di ke varyete sa yo reziste ak mouch blanch la, Sa pa vle di ke n mouch blanch la p'ap reyisi atake'l pou pote viris la bali. Sa vle di gen lòt mezi d'akompayman pou pran.

Si nou pran lakay vwazen-an nan repiblik dominikèn, ki pedi tout pwodiksyon tomat yo nèt, e depi 1994-1995 yo reprann ni, avèk ki sa? Se avèk sa yo rele vi sanitè. Yo pran yon lwa lakay yo kepi 30 avwil jis rive pwemye oktòb, pou pèsòn pa gen dwa plante okenn plant ki sanble ak tomat. Tout plant ki sanble ak tomat, sa vle di tout plant ke mouch blanch la ka atake yo entèdi yo. Sa vle di si ou plante li nan peryod sa, lame dominikèn vini yo pase traktè, yo ale avèk yo. Paske tomat la se yon gwo apò li ye nan ekonomi yo. E a pati de premye oktob tout moun k'ap plante tomat kòmanse plante tomat, de tel sòt ke lè yo rive 25 desanm tout moun fin rekolte tomat. Apre 25 desanm, tout moun ki plante tomat konnen ke wap pèdi li. Se yon lwa ki nan mezi akonpayman yo.

Konsèy mwen te kapab bay tout pwodiktè agwikòl nan peyi-a. Sè ke nivo nou twò ba. Nou pa genyen anyen kòm konesans nan pwodiksyon agrikol. Nou gen yen wi paske nou reyisi pwodui, nou manje, nou viv. Men lè nou konpare konesans pa nou avèk konesans lòt agrikiltè nan lòt peyi yo, nou menm nou dèyè kamyon an toujou. Nou nan yon pwen ke nou ponkò menm kapab kontwòle kalite pwodui ke n'ap fè-a. Ou achte yon yanm nan mache, lè ou koupe yanm nan ou jwenn gen yon tunel andedan yanm nan ke nenpòt traktè te ka pase andedan yanm nan. Lè ou achte yon patat nan mache, si ou achte yon lo patat, lè ou fin bouyi lo patat sa, se tcheke wap tcheke nan ki pwent nan patat la pou jwenn yon ti moso nan patat la, pase tiogan gate patat la nèt. Si nou vle fè agrikilti fò nou mete konesans sou nou pou nou ka ogmante pwodiksyon agrikòl nou an e an kantite e an kalite.

Nan tout sa n'ap fè nan agrikilti fòk nou gen sans de ekilib, pou nou pa di lè cheni tonbe nan mayi nou se paske mayi a pral donnen, Se vre se bon siy paske mayi an kondisyon, li pwomèt vrèman, men si ou kite cheni-an fin manje'l ou p'ap jwenn anyen ladan'l. Se pou nou fè ekilib, paske lontan moun te gen anpil tè, ou te kapab kite tè-a repoze, jodi-a pa gen anpil tè, gen plis moun, gen plis bouch pou ba'l manje, ou pakab kite tè-a poze. Fòk ou eseye fè ekilib. Dechè rekòt ke nou ka fè jaden-a, pay mayi yo, lè nou laboure, lè nou pike tè-a pase yo anba, sa ki ka fè fimye, fè'l otan ke posib pou eseye remèt tè-a enpe nan sa ke ou te pwan ladan li-a.



### 3) Plas Ak GESYON DLO NAN PWODIKSYON AGRIKOL

AGR. FERER JEAN CHARLES

Lè te gen yon vag itilizasyon de pwodui orijin ekstèn yo, se gwan peyi yo, gran founisè yo ki te pwofite. Jodi-a ankò, yo di pa itilize yo, se pwodui òganik, pwodui byolojik pou yo itilize, se ankò gwan peyi yo k'ap benefisyè-yo. Pouki sa? Se paske lè ou fè yon agrikilti san intran, ki gen orijin ekstèn yo, angrè, pestisid yo, se yon pwodiksyon ki bay yon rannman limite. Ou paka jwenn gwo rannman. Pou kisa? Paske agrikilti dirab la se yon agrikilti, ki pa wè pou fè gwo rannman, men pou fè rannman mwayen pandan yon tan ki long. Alòske yo konsidere agrikilti ki fèt ak intran yo, bay yon gwo rannman nan yon ti tan ki kout, men ki k'ap vin nefas pou ou, ki kapab fè ke ou pèdi yon seri de bagay aprè.

Kisa pou nou konprann nan tout bagay sa yo, si n'ap reflechi byen? Lè ke ti peyi yo pat konn itilize anpil angrè pestisid, ak semans amelyore, se pa vle yo pa ta vle. Fòk nou di ke se mwayen yo ki pat pèmèt yo. Se sa ki fè ke nou menm nou toujou konprann ke lè y'ap reflechi konsa, lè yo te reflechi pou ti peyi sa yo, yo te nye egzistans kondisyon sosyal yo ak ekonomik yo. Nou konnen angrè gen limit li, yo gen dwa detwi yon seri de eleman nan sòl la, yo gen dwa vini a sa ki rele mineralizasyon sòl, si ou itilize yo an eksè. Sepandan nou kapab di ke yo gen bon kote yo tou, paske ou gen yon seri de kote patikilyèman nan zòn imid, kote lapli tonbe anpil ki kouvri avèk bwa, e nou gen yon ekzanp an Ayiti, se zò Plezans, Pilat. Lè lapli tonbe anpil, tan toujou kouvri, li pèmet ke, pay ki tonbe yo, matyè òganik yo pa devlope byen, yo pa devlope rapid. Ki sa sa fè? Sa bay devlopman yon seri de parazit ki nwizib pou rasin plant yo.

Ki sa nou kapab di ankò pou angrè yo? Li genyen yon gran savan ki rele Konnwe ki di ke: Olye de itilize angrè orijin chimik yo, pa ekzanp azòt ki soti nan gwo izin yo, ki kapab gen aksyon sou kouch ozon, toutan tout moun ap pale ke sifas la tè vin pi cho paske gen yon twou nan kouch ozon nan ki fè gen yon seri de rayon solèy ki travèse vin jwenn nou direkteman ki fè ke nou kapab genyen yon seri de maladi po. Olye de itilize angrè sa yo, pito nou itilize matyè òganik ou byen alg ble, ki yon seri de alg ke yo jwenn nan lanmè, ke yo k'ap itilize tou lòt sous azòt ki pi efikas. Men tou sa yo rete nan domen refleksyon.

Ki aplikasyon pratik ke sa genyen pou nou menm? Dayè pri sa yo, yo tèlman elve, n'ap di a ki pri ke ou pral pwodui yon mamit mayi ou byen yon mamit pwa. Erezman jodi-a genyen sa moun yo rele pestisid ki gen orijin òganik, ou byen yon seri de pestisid ke yo fabrike a pati de yon seri de basil ki pa nwizib pou lòt, yo pranl, yo tire'l de yon ensèk, yo aplike'l sou plant la, e byen li pwoteje'l. Men nan ki pri? Se tankou genyen tankou moun ki plante patat, ki gen pwoblèm



ak patat. Genyen yon ti kawotchou ki rele feromòn ke yo itilize nan jaden patat pou anpeche ke ti organ atake patat la. Mwen pa konnen lòt kote ki non ke yo bay, gen kote yo reley kanson fè, men li se yon ti bêt ki pike patat la, ti vè ki fè lè ou manje patat la li vin amè. Yo itilize sa yo rele feromòn, eke, lè ou mete'l nan jaden an yo pran odè femèl la yo mete'l nan jaden-an. Kounye depi ou mete'l nan jaden-an, odè-a degaje, li atire mal yo, lè sa ou ka fè yon pyèj, ak dlo savon, lè sa mal yo ap tonbe ladan li, epi yo mouri. Se yon bagay ki ka pèmet ou fè yon agrikilti dirab. Ou fè yon patat sen san okenn domaj, san ke bêt pa pike'l, e li pa gen okenn produi ki kapab nwi sante lòm.

Menm kote-a tou li genyen, pandan ke yap di semans amelyore ak pestisid yo gen pwoblèm, li genyen yon seri de semans aktyèman ke yap prepare. Paske sa fè gwo deba nan plizyè peyi devlope. Patikilyèman sa yo rele "Lè OGM" Organis Jenetikman modifye. Se yon seri de samans ke yo prepare, yo entwodui yon seri de jèn nan yo tankou yon mayi, yo pran yon jèn rezistans yo mete ladan li. Pa ekzamp si genyen tel cheni nan tel zòn, se cheni sa ki pi kouran, yo mete yon jèn nan mayi sa, pou lè cheni sa vini, li pike zepi mayi-a, pou li gentan mouri. Sa se yon bèl bagay, paske jaden ou an ap fèt trè byen. Men sa ke li genyen ladan li ou oblige renouvelé estòk semans ou chak ane. Paske semans sa pa repwodiktif. E dezyèmman, mayi sa ki plante la, tout lòt vwazen sou kote ki pa plante'l. Lè van ap vante gress polenn ki soti nan bale mayi-a pou al tonbe sou lòt yo, epi l'ap kontamine tout, se sa ki fè ke nan ane k'ap vini, moun sa tou si li konsève menm semans lan l'al plante'l, mayi'l p'ap donnen. Sa vle di chak nouvole ki vini, ki ka fè pwogrè, e byen fò nou eseye kenbe'l avèk pensèt. Paske chak bagay gen bon kote'l ak move kote'l. Chak bagay ki vini ou genyen yon pri pou kapab peye pou li. Ou byen ou deside-ou, pri a peye nan yon ka konsa, se tout moun ki deside yo, pou antre nan bagay la, lè sa tout agrikiltè nan zòn nan kapab genyen yon bon nivo ekonomi ak sosyal ak konesans patikilyèman.

Lakay nou gen yon tandans ki konn preske vle fè kwè ke: Se 2 kategori moun an ayiti ki fè agrikilti. Se moun pòv, paske yo panse agrikilti ka fèt san envestisman, san lajan. E dezyèmman gen moun ki panse ke se moun sòt ki fè agrikilti, paske ou pa bezwen konesans pou fè agrikilti. Sa se 2 konsepsyon ki absoliman fo, paske agrikilti mande anpil, anpil envestisman ak konesans. Paske si ou pa gen konesans ou p'ap ka avanse. Tankou konferansye devan mwen an te di yon bagay pandan li t'ap pale de tomat. Si nèg la pa gen konesans ki sa li pral konprann, lè ou dil ke, lè yon ti mouch ki tousè sèlman fèy tomat ou byen fèy pwa li wè lap vole, ki sal pral konpran lè ou dil ke ti mouch sa si li poze sou ti pwak ki sou tomat la li paka fè ekilib ap fèy tomat la, l'ap mouri, li p'ap ka konprann sa, ki jan ti mouch la p'ap ka kanpe sou yon ti fil. Fòl gen yen konesans. Anplis fòk li gen konesans pou li konnen si li itilize semans la, l'ap ka bay bon rezulta. Semans sa tou lè li pral achte semans sa, lè li rive li wè ke yo bali yon bwat semans gwosè kay, sa pou 5 goud, epi li pral pran yon bwat semans, menm si ou mete 3 mil andedan kay sa, ki pap plen li, epi yo d'il 50 goud, ki sa l'ap fè? Mwen gen enpresyon, premye sa l'ap fè l'ap kouri sou sa ki 5 goud.



Pou ki sa paske li pagen mwayen ekonomik, e li pa gen konesans ki ka pèmèt li fè yon bon chwa, Pou'l wè ki ès k'ap bon pou li. Se menm jan lè nèg la ap plante mayi, ou di li plante 2 gress nan tou, li prefere mete 5 gress paske li konnen l'ap fè plis mayi. E menm lè l'ap fè sa depi 50 a 100 ane, kelkeswa sa ou d'il, l'ap toujou kifisil pou li kapab konprann. Ou byen gran papa-ou ki di ke li gen 10 -20, 30 ane l'ap plante, men se jodi-a se entèl ki tou piti, ki vle aprann mwen travay jodi-a. Sa vle di fòk gen yon bon nivo de preparasyon, pou ou kapab retni yon seri de teknik.

Nan tou sa ki sa nou kapab di? Si systèm pwodiksyon avèk yon ti kras entran ou byen yon ti kras pestisid ke ou pral achte. Li pa wè ke ou kapab genyen yon gwo pwodiksyon nan yon ti tan ki tou piti. Men li wè ke ou gen yon pwodiksyon ki rete nan yon nivo ekilibre pandan yon sèten tan. Nou kapab di sa se yon chwa. Yon chwa ki merite pou kapab konplete li avèk yon lòt fòm pwodiksyon. Paske pa genyen okenn metòd, ni nan agrikilti, ni nan kelkeswa lòt domenn nan ki total kapital. Chak metòd dwe genyen yon konpleman, e rezulta depann de fason ke wap itilize chak metòd. Tankou mwen te di nou deja si ou mal itilize fimye, ou gen dwa fè anpil dega nan sous dlo yo, ou gen dwa enpwazone sous dlo yo.

Menm jan ak si ou fè itilizasyon de move angrè. Se tankou yon moun yo ba li yon medikaman pou li kapab pran yon konprime maten, epi li gade ti gress yo li di si mwen pran 2 ou kwè mwen pap geri pi vit. Lè sa moun nan, l'al touye tèt li, li di ke se pa anyen, mwen songe yon ti eksperyans ke mwen te fè mwen t'ap travay savann zonbi, nan forè dè pen, mòn komisè, mwen konn plante pòm de tè. Lè m'ap fè aspèsyon, menm si ou parèt nan jaden an ou kapab wè se yon jaden ki fè aspèsyon, men fòk ou gade byen. Alò ke, gen moun lè yo fè aspèsyon, depi ke ou parèt, depi byen lwen ou wè jaden-an parèt tou jon, ki sa li ye? Se ditan nan ki parèt sou li. E byen lè moun yo parèt bò jaden pa mwen, yo di konsa, agwonòm nan, se montre li montre plant la pwodui-a.

Nou menm ki malere peyizan nou p'ap fè tenten sa, Le pli souvan ou remake apre 3 -4 jou se jaden an ki pi boule ke jan li te ye-a. Pou kisa? Se paske moun nan te fè yon izaj abizif de pwodui li genyen-an paske li pa respekte dòz la. Moun nan panse ke toutotan li mete plis, li pral reyalize plis, ou byen li kapab trete jaden li an pi vit. Nan yon sityasyon pwodiksyon fòk nou mande ki chwa pou nou fè? Bon chwa se pa yon moun ki pral fè'l, men se yon gwoup agrikilte, yon gwoup teknisyen, se sa ki fè yo di ou ke fòk ou devlope pratikman tout teknoloji yo. Teknoloji-a se pa nan sa ki ekri sou fèy papye-a, ni nan liv la, men se sa ke n'ap fè ansam sou teren-an.

Pou yon peyi tankou nou, ke agrikilti nou an repoze inikman, sou do majorite moun ki pa vrèman gen konesans, ak ekonomi ke yo dwe gen. Fòk nou kòmanse panse ak yon chanjman atitud ak konpòtman. Pou nou konnen ki agrikilti ke nou vle, ki tip agrikiltè ke nou vle, e ki wout nou kapab pran si nou vle nourit tout moun konvenableman ak wè riches pou 8 milyon Ayisyen ke nou ye a.



### Kesyon:

- 1) *Tout konsomatè yo pwerske nan lemond antye, pwerske pwodui biologik malgre pri ke'l genyen. Eske kilti byologik sa li posib kounye-a an ayiti, malgwe anpil pwoblèm pès ke nou genyen?*

**Rep:** Yonn nan bagay ke nou kapab di se ki sa yo rele kilti byologik la. Paske selman ke ou fè yon pwodui, san pestisid, san angrè ki fè ke li yon pwodui byologik? Non se pa sa. Paske si y'al fè anlyz la menm si ke ou pa itilize bagay sa yo. Si yal fè anlyz pwodui sa yo jwenn twas ze vè, ou byen salmoneroz ladan li, li pa pwodui biyologik ankò. Pwodui byologik la se yon kilti ke ou fè nan yon kondisyon ijyenik total.

Pwemyèman ou p'ap mete angrè chimik ladan li. Sa pa vle di ke ou pa gen dwa mete angrè. Ou p'ap mete angrè ke yo fè a pati de syntèz chimik, men si ou jwenn yon angrè ki soti nan yon min direkteman, tankou fosfat, ki soti nan min direkteman, san ke li pa pase nan izin se yon pwodui naturel li ye, ou gen dwa itilize li.

Pou sa yo rele ensektisid yo, aktyelman yo fè de pwodui ki syntèz òganik, tankou ensektisid ke yo tire nan yon pye bwa. Tout moun isit konnen ke yo kantite ensèk ke ou kapab genyen, fòk ou kòmanse pa fè rotasyon kilti. Sa vle di ou pa fè menm kilti-a suivi suivi nan yon jaden, ou fè sa yo rele yon vid sanitè. Tout plant ke ensèk ki pi kouran nan zòn nan k'ap atake. Ou pa plante plant sa pandan yon sèten tan, lè ou fin pwepare tè ou la, ou fè sa yo rele yon peryòd de enkibasyon. Ki sa li ye, ou pèmet ke chalè solèy la touye enpe ensèk ki nan sòl la. Lè sa ou konnen ke ou kontwòle popilasyon ensèk la pou kapab fè pwodui ou la.

Nou pa di ke lpa enposib pou fè yon pwodui byologik, diferans ke li genyen sèke ou pap twouve menm rannman avèk yon moun ki fè lòt pwodui. Nan pwodui byologik yo nou k'ap di, nou k'ap itilize fimye, men fimye sa ke ou pwal itilize-a tou, fòk li pa soti nan gwo elvaj pou'l, nan gwo elvaj bèf, nan gwo elvaj kochon, ki itilize anpil antibiotik pou pwoteje bêt sa yo kont yon seri de maladi.

- 2) *Ki pouvantaj diri ou byen manje peyi-a ap pwodui kounye-a, e ki sa ayiti ak ekspòte kounye-a?*

**Rep:** Sa Ayiti ak ekspòte kounye-a, malgwe li bese nou gen yon ti kantite kafe ke n'ap ekspòte toujou. Answuit genyen mango, nan peryod sa. E kounye-a si nou pwan byen, si nou vle travay, nou gen yen yon gwo demand pou pwa kongo ak kèk legitim tankou piman, kalalou sou mache entènasyonal la. Yanm



se yon lòt tou. Depi yanm nan pwodui nan bon kondisyon li posib pou nou ka ekspòte yanm nan.

Kanta kantite diri ki pwodui aktyelman, nou konnen ke nan vale Latibonit, nan 2 rekòt edmi diri ki fèt pou ane-a, nou kapab di gen environ 4 tòn diri ki plante chak ane. E answit nan plèn okay la, plèn Tòbèk genyen yon kantite diri ki plante, men mwen pa konnen li egzat. Nou rive nan sityasyon ke menm nan Latibonit, avèk pwi yo peye pou pwodui, yon karo tè diri isit, avèk pwi li koute lòt bò, Se pa ke li koute pi bon mache lòt bò, men gouvènman lòt bò sibvansyone diri ke y'ap plante lòt bò, se sak fè nou gen diri k'ap anvayi nou isit la. An jeneral nou konnen ke, nan kondisyon byen pwodui, si tou ak kèk varyete diri, tankou Isa 40 ki pwodui jiska 5-6 tòn e menm 7 tòn nan chan eksperimental, nan Latibonit nou gen possiblité pou nou ka pwodui kantite diri pou tout moun nan peyi-a manje.

3) *Nan chwa aplike anpil angrè, ou byen tikal angrè ki chwa ou fè nan sans sa?*

**Rep:** Nan peyi nou an jiska pwezan ponkò gen moun ki itilize angrè nan peyi sa. Chwa-asi tikal angrè, Si ou gade sipèfisi plèn Okay, kantite angrè, si yo ta fè estatistik ki vann nan plenn Okay, wap jwenn pou chak karo tè ki gen nan plenn Okay la, gen adepwè 10 liv angrè ki itilize nan plenn nan. Sa vle di 10 liv pou yon karo, sa vle di ponko itilize angrè ditou nan plenn Okay patikilyèman. Nan Latibonit ou ka jwenn yon sak, yon sak edmi, 100 -150 liv pa karo tè nan plenn nan. Kote ke yo itilize plis angrè nan peyi-a.

4) *Nan pwatik jaden biyolojik, yo di ke nou kapab pran yon chanpiyon itil pou nou detwi yon lòt chanpiyon, kòman ou kapab rekonèt chanpiyon ki itil la?*

**Rep:** Chanpiyon ki itil la se pa ou ki pwal rekonèt li, se apati de eksperyans nan laboratwa ke yo detèmine ki chanpiyon ki detwi kèk lòt chanpiyon. Se tankou, maten an Agr. Alvarez te pran egzanp pou diri-a. Ou genyen yon akaryen ki atake diri-a, men se pa li menm ki fè dega, gen yon chanpiyon ke li pwodui, yo chache yon lòt akaryen ki kapab manje pwemye-a e ki k'ap pwodui yon lòt chanpiyon ki manje'l. Se apre etid nan laboratwa ke yo detèmine li. Se pa ni mwen menm, ni ou menm ki yon agrikiltè ki pwal konnen direkteman. Se apre etid laboratwa ke yo wè ke gen yon epòk li bese, gen yon epòk li ogmante, yo analize li pou yo wè ki sa ki koz sa, e lè sa yo vin detèmine si se yon lòt chanpiyon, ou byen si se yon ensèk ki manje premye ensèk la, ou byen ki detwi chanpiyon sa.

5) *Etan done nan peyi-a yo neglige mwayen pou yo pwodui anpil angrè òganik, nan ka sa-a ki sa nou kapab fè pou ankouraje pwodiksyon nan angrè òganik ak tout fatra k'ap pedi-yo?*



**Rep:** Sa pou yo ta fè se kòmanse pare, dabò li gen yon edikasyon pou ki kòmanse fêt a la baz, lè moun yo ap jete fatra, pou yo triye fatra depi lakay yo. Pou yo pa mete plastik, moso boutèy ladan li. Eke fatra sa yo, nou te kapab transfòme yo an konpòs. Men sa ki gen nan sa, kantite konpos ki ta pral genyen-an li patap vrèman ka sipòte pwodiksyon agrikol peyi-a bezwen fè. Paske pa blyie ke pou fè tip konpòs sa yo, nan kelkeswa kilti n'ap fè nan tip sòl ke nou genyen yo. Fòk nou itilize yon kantite angrè ou byen fimye ki pa pi piti ke 15 a 20 tòn pou yon karo tè. Sa fè 300 sak ki pran 100 liv. Firme, menm si nou wè gen anpil fatra nan potopwens, sa pa vle di ke li ka fè anpil fimye pou yon pwodiksyon done. Yon sèl bagay yo kapab fè, se ouvri yon fimye pou itilize nan kilti marechaj. Patikilyèman nan zòn mòn yo lè ou pran kenskòf, Payan, Salanyak, ki mande anpil fimye nan ti tè le yo genyen yo. Seta deja yon bon pa si nou te kapab pwodui nan zòn sa yo ak fimye.

Lakay nou, dechè kilti nan jaden yo, bale ke nou bale nan lakou nou, lè nou rekolte mayi, lè nou rekolte pwa, lè nou bat pitimi, tou sa byen fasil pou nou ka sanble yo yon kote, nou pa menm bezwen fouye twou, epi voye yon ti tè sou li e kouvri li avèk yon moso plastik ou fèy bannann. Apre 2 mwa e demi a 3 mwa wrap gen konpòs pou itilize nan jaden ou.

- 6) Daprè ou, ki mo kle ou ka lage nan tèt nou, antan ajan devlopman pou ayisyen ka rive nouritèt li pa mwayen agrikilti dirab ou sot pale-a?

**Rep:** Mwen pa vrèman genyen yon mo kle pou nou kapab rive nouritèt nou ak yon agrikilti dirab. Poukisa? kòm mwen te fè resòti li nan teks la, moun k'ap pale agrikilti dirab jodia yo, yo gen rezon, paske pagèn yon moun la ki pa ta anvi manje yon pwodui li konnen ki sen, ki p'ap nwi sante li demen. Men moun sa yo, tout richès yo, yo pat bati li ak yon agrikilti ki dirab. Sa ki rele agrikilti dirab jodia, li rete nan kad moun ki fin nouritèt popilasyon li deja. Moun vant li fin plen k'ap fè syès. Paske depi ke n'ap travay, nou kapab di si agrikilti dirab, se yon agrikilti ki san entèvansyon pwodui ki gen oriigin ekstèn, angrè ak pestisid, yon agrikilti ki san entèvansyon pwodui ki gen oriigin ekstèn, angrè ak pestisid, fòk nou rekonèt tou, ke nan peyi tropikal yo, n'ap travay nan yon seri de sòl ki degrade. Yon seri de sòl ki pa gen kouvèti forestyè, yon seri de kote akòz de ogmantasyon polilasyon, ou oblige detwi forè pou ou kapab pwodui. Lè ou detri yon forè pou produi se ris, ou pwodui pou nouritèt fanmi ou ki gen 5 -6 moun ladan li. Men ou kreye ris inondasyon pou 60000 moun ki anba. Se byen pou ou pale de yon agrikilti ki dirab, yon agrikilti san angrè, san pestisid, men ak ki pri. Pa blyie demen Ayisyen an, kelkeswa se yon pla men tè ke li genyen, li pa janm pwodui pou li manje selman. Li pwodui pou li ale vann, pou li voye pitit li lekòl, pou li abiye yo, e si yo malad pou li mennen yo lakay doktè.

Rannman ke y'ap jwenn nan, nan ki pri ke yap peye pou li. Paske agrikilti dirab gen yon pri. Sa yo rele agrikilti biyolojik la li gen yon pri, fòk ou peye li.



Pouki sa mayi nou an chè konsa? Poukisa diri n'ap manje'a, ki pwodui isit la, li pi chè pase diri miami a? Eske diri sa yo, mayi sa yo, zèl poul, zèl kodenn ke yo voye bannou yo, eske se pwodui biyolojik ke yo ye? Eske se pwodui ki fèt san entèvansyon pwodui ekstèn? Eske diri sa yo fèt san angrè, san pestisid. Pou'l sa yo eske se ak mayi, pitimi sèlman yo nouri yo? Se otan de refleksyon ke nou kapab fè lè n'ap pale de agrikilti dirab.

Se vre, mwen ta renmen manje yon mayi, ke mwen konnen, lè ou mete'l nan tè-a li pouse. Lontan épòk gran papa mwen, yo mwen konnen jodia, si m'ap pwodui mayi, fòm chache mwayen poum kapab fè plis mayi ki posib. Sa vle di fòk ou fè yon kombinezon de tou le de, pa janm fè eksè nan nenpòt antrepriz ke ou genyen. Si wap pwodui mayi, se pa yon kesyon de itilize anpil angrè, men fòk mwen gen yon limit pou mwen itilize, mwen kombine li avèk fimye sadepan de kantitie matyè òganik ke sòl mwen an genyen ladan li. Sim pa genyen yon enfestasyon ensèk, mwen pa gen okenn nesesite pou'm fè yon aplikasyon de ensèktisid. Men si'm gen yon aplikasyon ensèk, mwen gen 2 kawo tè ki plante ak mayi, mwen parèt nan yon maten, mwen wè yon cheni ladan li. Ayisyen di ou, depi ou wè cheni tonbe nan mayi ou, konnen mayi a ap donne. Epi ou kite mayi a, apre 3 jou lè ou vini, nanpren mayi, se pye yo sèlman ki kanpe san fèv.

Konbyen plant ki pa gen fèy nou konn wè ki donnен? M'pa konnen si gen yon moun, ki konn wè yon plant ki pa gen fèy ki donnен. Se fèy la ki pou pèmet plant la pran pwodui nan tè a, pou transfòme-yo, pou ba ou donn nan. Si'm pa gen enfestasyon mwen p'ap itilize pwodui chimik, men si'm gen enfestasyon fòm itilize pwodui chimik. Mwen p'ap itilize li chak jou, men fòk mwen eseye itilize li.


Kòm yo di nou ke meyè fason pou fè yon agrikilti dirab se kòmanse pa fè rotasyon. Mwen gen tè sa mwen pral travay li, mwen konnen si'm fè mayi sou mayi, apre 5 an, si mwen fè 2 rekòt chak ane, sa va fè mwen 10 rekòt, apre 5 an mwen pa gen tè pou mwen fè mayi ankò. Swa mwen kite tè-a poze, kòm ti tè yo pi, mwen pa kapab kite yo poze, fòm pase yon lòt kilti ki kapab rejenere tè-a, tankou pwa enkoni, pwa rouj, pwa kongo ladan li, k'ap pote azòt ak fimye nan tè-a avan mwen plante mayi.

Kle a se fè rotasyon, e answit lè ke mwen fin prepare yon tè mwen konnen ke kilit mwen pral fè-a li genyen tè'l tip ensèk ki kapab nwi li, e ensèk sa li viv nan tè-a, ou byen li viv nan plant sou kote-a, mwen eliminate plant sou kote-a, ke ensèk la ka viv sou li, e tè sa lè mwen fin prepare li, sipozon ke mwen fin laboure tè-a, mwen konnen gen yon seri de ensèk tankou maroka cheni k'ap viv nan tè-a, Mwen kite tè-a pran yon bon solèy 2 a 3 jou, mwen konnen ke mwen redui ensèk sa yo. Sa se yon sous ki ka pèmèt redui kantitite bét ki nan tè-a.

"Moun ki travay jaden ap jwenn manje pou yo manje plen vant yo" Proverb 12:11



## DEZYEM PATI





## 6) L'EVANJIL AK DEVLOPMAN

### Pou Devlope Moun

PASTEUR EZECHIEL ELMA

Nou te pale anpil yè sou sa ke nou te rankontre nan liv Ansyen Testaman, nan Jenèz. Toujou nan pwovèb la mwen te wè sa tou, "Moun ki travay ap jwenn manje pou yo manje plen vant yo". Sa nou te di ke se te yon lwa ki te soti apwè Adan ak Ev te dezobeyi Bondye, e Bondye te pran yon sanksyon, e sanksyon sa te previ nan plan Bondye, pou dezobeyisans lan te kapab fèt, e si li pat fèt sanksyon pa t'ap pran. E nou wè pèsonaj ki t'ap defann Adan ak Ev se Jezikri. Li vini kòm yon avoka, kòm Jij. Se byen ke nou vle pale de evanjelizasyon, nou vle pale de devlopman, nou te di ke devlopman se yon prosesis kote ke lòm rann yo pou yo kapab kreye yon sosyete pou yo viv. E pou yo viv san krint, san mizè ak la fen, pou yo kapab eksprime don yo ki ka pèmet yo resevwa ou byen pran chaj avni yo ak peyi yo nan patisipasyon lavi ekonomik, politik ak kiltirè'l pou limanite.

Nou te pale de sa yo rele pwojè de sosyete-a, ke Bondye te bay profèt yo, espesyalman Moyiz. Lè nou li nan Jenèz, nan Liv Pentatek, nou wè se premye pwojè de sosyete ke Bondye te bay pou limanite. Nou kapab di ke nou menm antan ke kretyen, nou gen yon tach espesyal pou nou devlope kò nou, ak pou nou fè ekstansyon nan nivo mondal. Pou yon sosyete de pwodiksyon ak konsomasyon, pou nou kapab mete nou dakò, pou nou fè sa yo rele kwasans materyel de lòm. Nou wè ke nou kapab kouwwi yon sosyete, yon kominate nan nivo politik, e pou n'ap aplike li nan yon teknoloji.

Jodi-a nou pa vle ke levanjil la rete anba tab, nou pa vle ke, moun k'ap preche levanjil la, preche'l selman avèk bwa yo kwaze e ap tann la man soti tonbe nan syel. Se pou yo fè yon evanjelizasyon ki dynamik, yon evanjelizasyon ki akonpanye de yon seri de eleman, ki pa selman espirityel pou nanm, men ki pwodiktif tou. Se yonn nan rezon ki fè nou pale de levanjelizasyon ki gen 3 dimansyon: Sosyal, Tanporèl ak espirityel. Se sa yo rele entegralite de lòm sosyalman.

Devlopman gen yon objektif selman pou bay lòm promosyon nan tout bagay, se yon promosyon total pou lòm. Sali-a pa limite selman pou syèl, men li konsène tè ak tout sa nou wè. Tè ak syèl, sa vle di non selman li tèrè, men li diven tou. Se rezon sa ki fè Jezikri Pitit la. ki enkane-a, li menm ki materyalize Bondye, ki preznan, li alafwa selès e tèrè. Sa vle di li gen yon doub nati. Se evanjil doub nati sa, ke nou angaje nou jodi-a, ki fè ke nou nan lye sa-a, yon kote yo rele Kanbri. Lè nou gade otou de nou menm, nou santi Bondye preznan, sa fè ke nou kapab òganize, estrikture pandan ke n'ap fè brenn nou travay, pou nou pa



kite zòn nan vid, men pou nou manifeste ak puisans Bondye, puisans Sentespri, Legliz, Poul fè yon ola, poul di non avèk Satan, opresyon ak eksplwatasyon. Poul pote yon liberayon total kapital.

Nou ka di ke nan 10 ane ou byen 5 ane, lè nou retounen isit la, n'ap wè ke nou tounen nan yon lòt mond, yon mond nouvo, parapò de mond ke n'ap viv kounye-a. Paske lòm a pwal travay, yo pwal transfòme kominote-a, sòl sa menm jan Bondye te bannou pouwwa, pou nou kontinye sa li te kòmanse-a. Pase nou tout, nou kreye ak imaj Bondye. Bondye pèmet nou, li byen ame nou, li byen ekiplwe nou, pou nou kapab viv. Le mond ap etone pou li kapab wè, gen moun ki konnen, gen moun ki aprann, moun ki ekplwate bon konesans ke Bondye te bay nou an. Se bèl bagay pou nou wè, yon zòn konsa gen yon enfrastrikti. Sa se travay Bondye, se entelijans li. Nou ka di ke, nou dwe soti nan sa yo rele sou devlopman, pou nou kapab leve tèt nou, pou nou di mesye ki soti nan peyivelope yo, n'ap mache men nan men. Nou konstate ke yo pa egoyis, yo vle patisipe nan devlopman, nan promosyon progrè limanite-a, ki se teknoloji-a.

Devlopan entegral la dwe separe ak sa yo rele la fen, grangou, mize, opresyon. Li pèmèt a chak moun, pou yo kapab pran ak chaj responsabilite yo nan sosyete-a. Pou yo ka eksprime yon fason, ki kapab sanble menm jan nou te ye avan dezobeyisans la. Jodia a nou kapab di, nan aspirayon lòm Ayisyen, lòm tou antye pou nou kapab genyen plis, pou nou kapab gen volonte. Sa vle di legliz dwe pran ak chaj responsabilite li pou fè mond nan avanse. Se ak tristès pou nou ta wè ke nou men kretyen an Ayiti, pou yo di nou nan mizè, nou nan soufrans. Petèt se yon soufrans moral, men fòk nou gen tout bagay a dispozisyon nou, nou gen tè, dlo ak sòl, fòk nou eksplwate yo, pou yo pa di ke nou san manman. Si n'ap pweche levanjil, n'ap di glwa a Dye, fòk nou montre reyèlman ke nou se pitit Bondye. Fòk nou montre reyèlman, ke nou se timoun ki chwazi, ki seleksyon pou fè travay Bondye-a.

Si nan Ansyen Alyans lan, nan dezè-a, Bondye te fè mirak, li te voye anpil manje. Pouki sa nou menm ki gen dlo, nou gen tè, nou gen tout bagay, nou rete konsa. An nou fè entelijans ke Bondye bannou-an travay. Gen yon moun ki di, nou sonje lè lapli pate tonbe lontan, nan peyi Izraèl, nou wè koman ke Bondye te itilize profèt Eli, nan Monkamèl, se te yon kòbo ki te pote manje bali. Rezulta lapriyè-a, se lapli ki te tonbe, e moun yo te kapab pwodui, yo te kapab plante. Se sa ki mirak la, mirak la te toujou posib toupatou, nan tan ak nan espas.

Evanjelizasyon ke nou kapab pale an Ayiti-a, li lye ak sa nou rele yon kilti. Nou konnen ke an Ayiti, yo pale de kilti, kon yo pale de kilti, yo pale de vodou, yo pale de Afrik. Men Krisyanis la te ranpli yon ròl tou nan devlopman Ayiti. Vin gen sa yo rele yon jikstapozisyon, vodou a limenm, te lye ak krisyanis la, byen ke li te patisipe tou, nan devlopman, nan liberasyon peyi Ayiti. Men Krisyanis la, se li ki fòs liberasyon an. E se li menm ki te retire nou plis nan sa yo rele esklavaj la.

Legliz gen yon misyon, yon mesaj pou pwoklame, yon lòd, yon kominyon, yon kominote, yon enstitusyon. Yon evènman ki leve nou, se legliz ak la misyon.



Egliz - Misyon. Levanjelizasyon, li kapab genyen sa yo rele yon predikasyon, e li vini ak konvèsyon. Legliz kreyèn, lè yo pale de konvèsyon, gen moun ki pa vle konprann ke konvèti, se konvèti vre, men ou pa konvèti pou rete menm jan, fòk ou chanje, fòk ou vin yon nouvèl kreyati. Fò yo wèl reflete sou mòd la vi-ou, sou fason wap viv la, nan tout dimansyon sa yo. Fòl reflete sou espirityalite ou, sou konpòtman ou, sou atitud ou, e menm nan domenn materyel ak sosyal. Sa vle di ke yon kreyen pa vle di rete nan yon kwen, ni nan lakou. Lè ou konvèti, lè ou kreyen, Ipso Facto ou pran yon promosyon, ou antre nan salon. Wap diskite, wap pale de levanjil. Se pa selman preche levanjil nan la ri, men se pou levanjil la ka pote nou lwen, menm jan li pote lòt pèp yo lwen an. Poukisa nou menm tou Ayisyen, Levanjil la pa pote nou lwen tou.

Sa te fèm plezi dènyèman, mwen te nan peyi Izraèl an 1974. Ane sa ankò, nou wè inisyativ Legliz an Ayiti yo, pou yo ale an Izraèl. Se yon bèl bagay. Yo pran inisyativ, pou yo al vizite peyi Izraèl, yo programme pou y'al vizite la tè sen. Se déjà yon promosyon pou kominote protestan an Ayiti, ke nou kapab felisite.

Mesaj kreyen-an, li pèmèt ke nou genyen yon nouvèl estrikti, li kapab pèmèt nou fè pati de yon enstitisyon. Misyonè yo, ki trouve yo jodi-a ansam ak nou, konprann ke nou menm indijèn, nou konnen enpòtans ak valè Levanjil la. Nou prè, fòk nou reyini nan sa ke yo rele "L'Intèkonfesyonalis", e sa nou vle konprann, ke gen sa yo rele yon inite. Yon inite ant tout konfesyon, moun k'ap preche Levanjil ak moun k'ap adore Bondye. Se la nou wè ke nou fè pati de sa yo rele Legliz inivèsèl de Kri. Legliz inivèsèl Kris la, li pa fè distingo ant jon, blan ak nwa. Men nou tout, nou fè yon sèl ak Jezi Kri. Sa se vrèman bi ak objèktif ke nou genyen jodi-a.

Bondye di: An nou kreye lòm, nan imaj an nou, sanble ak nou. Se sa ke nou te wè nan Jenèz 10:24-31. Si nou li'l , n'ap konprann poukisa ke nou kapab la jodi-a. Jodi-a se yon fyète pou nou, pou nou soti toupatou nan peyi d'Ayiti, pou nou rankontre misyonè lòt bò dlo, frè ak sè, jodi-a se yon gwo zafè li ye. Se yon gwo fèt li ye. Se déjà yon previzyon, yon anons, rankont retou apèl JeziKri-a, yon retou de nouvèl Jerizalèm nan ak retou Jezikris. Pou li kapab di: Bon ak fidèl sèvitè, nou te fè bèl travay, men roayòm ke mwen te rezève pou nou-a. Deja nou fè pati legliz sa, yon legliz ki fò, ki vivan, ki dinamik.

Levanjelizasyon, pale de transfòrmasyon tou, transfòrmasyon produi agrikòl yo. Lòm pran an men, responsabilite li. Nou pa tèlman rete nan yon kad ridimantè, ni anpirik ak pwodui ke n'ap fè yo. Men nou wè gen yon bagay k'ap avanse, li pa rete nan yon kad anpirik, men li pran yon progrè de la syans. Yè nou te di sa, pa dwe gen konfli ant la syans ak la fwa. Si la fwa ap domine, si li okipe yon plas siperyè, nou menm tou lasyans, nou anba lafwa, an menm tan yo mache ansam. Se sa ki pèmèt nou jodi-a, kreyen diferans konfesyon, kreyen ki gen divèjans entèpretasyon teyolojik, nou rankontre pou nou fè mond nan avanse, ak kominote nou an, ki se kominote Ayisyèn nan.

Nou kapab di piske se lòm entegral, nou wè espirityèl, nou wè sosyal, nou wè tanporèl, nou wè sa yo rele tou Lagrikilti, nou wè la sante, nou wè edikasyon. Se yon edikasyon ki akonpaye ak yon evanjelizasyon. Inite, Entèkonfesyonnalite. Pwodui yo p'ap gaspiye, fòk nou konsome yo plis, fòk nou manje plis, e fòk nou valorize pwodui yo, pou nou kapab di ke nou se pitit Bondye.

Jodi-a, preche Levanjil, san nou pa pran kont de sa ki rele mizè lòm k'ap viv sou tè-a, se yon aberasyon. Se yon aberasyon, si nou pran ak konsiderasyon, la vi pèp sa, manje li, bwè li, ak nouriti pou li. Sa vle di, Bondye te wè nesesite pou pitit li pate soufri, pou li pate viv nan mizè. Paske anvan menm, li te kreye nou, nou te wè dlo, nou te wè tè, nou te wè sòl. Nou wè tout sa ke yo rele resous eleman naturel yo. Li mete yo nan dispozisyon nou. Men nou pa ka kite yo rete konsa, fòk yo avanse. Lòm se yonn nan faktè ki prensipal, se li ki poufè tout sa Bondye te kreye-a, li vin itil a nou menm. Menm jan li itil pou lòt peyi avanse yo, li dwe itil nou tou.

Jodi-a, genyen yon desizyon ki pran a travè Bib la, lè nou kòmanse soti nan Jenèz pou rive nan Apokalyps, nou konstate ke Ansyen Testaman-an, nan Nouvo Testaman. Profèt yo te viv de agrikilti, yo te viv de elvaj. Nou kapab di ke san pye bwa, dlo ak lè, lòm patap ka viv sou tè-a. Nou dwe rann la vi posib, nou dwe fè moun yo konnen ke nou fè pati de kominate kreyèn nan, nou se pitit Bondye. Yè-a, Pasteur te di, ke tout bagay planifye nan peyi devlope yo. Sante, lojman, abita, tout sa yo te planifye, se nan bi sa jodi-a, nou ta renmen ke moun serye yo k'ap pran desizyon, pou yo planifye ak òganize sosyete pa nou-an. De fason ke edikasyon ak avni pitit nou yo, pa andanje. Menm jan ke nan peyi devloppe yo, tout bagay planifye byen. Nan peyi Ayiti, nou ta renmen ke sa rive tou, nan lòd ak ladisiplin.

Jodi-a nou kapab di ke, popilasyon Ayisyèn nan ogmante, to a plis ke 2.5 %. Yo etabli endistri manifakti, y'ap viv nan yon sitiyasyon ki pa tèlman agreab, nan zye tout moun. Yo neglige agrikilti-a, se yonn nan rezon ki fè nou konstate yon imigrasyon de popilasyon riral la, pou ale nan vil yo, e menm nan peyi Etazini, bòt pipi, ki sa y'ap chache? Y'ap chache yon mye zèt, manje ak bwè. Se dèyè sa yo ye. Men nou menm tou, nou dwe travay, òganize, programe, reyini antre nou menm, pou nou retire sa yo rele, sektaris la, ak endividyalis la. Pou nou kapab mete yon tèt ansanm, pou nou wè nan ki mezi, nou kapab sove pèp la, pou nou kapab anpeche ke li ekspoze vi li sou lanmè. L'al fè sa yo rele eksplozyon demografik, nan gran vil yo, pou yo pa okipe de fè bon travay nan agrikilti, ak elvaj.

Gen yon gwo travay ki kòmanse fèt, a travè lekòl mwayèn agrikilti nou yo, a travè legliz yo, ki poze kèk ak. Si nou ka site kèk legliz tankou: Sèvis kretyen ede nou nan sans sa, Leglis Metodis ede nou nan sa, paske yo gen lekòl mwayèn Lagrikilti, yo gen Lekòl Pedagojik nan milye riral. Kounye-a, MEBSH gen program sa tou, legliz advantis yo, eksetera. Tout sa nou wè, se tout bagay k'ap miltipliye. Otrefwa, nou te kapab pale de twa lekòl vokasyonèl, agrikòl. Jodi-a nou gen twa pale de plis. Legliz yo gen sa, nan seksyon riral yo, legliz ap fè aktivite, legliz ap



mache, legliz ap poze kèk zak, pou pi pote patisipasyon li nan promosyon kominote lòm nan.

Se bèl bagay, lè yon moun ap mande, kote agronòm SEED yo, kote Dr. Veterinè SEED yo, yo wè ke yo gen yon kantite valè, yo fè yo yon kredi nan kominote-a. E se kote moun sa yo, yo ale. Dènyèman, nou te resevwa kèk vizitè etranje, ki t'al fè kèk klinik veterinè nan milye riral yo, sa se bèl bagay, pou nou wè patisipasyon kominote entènasyonal la, pou nou wè frè, kretyen lòt bò dlo, k'ap bay klinik veterinè, nan kominote riral yo, sa se bèl bagay. Sa vle di nou dwe bay yon levanjil la. Levanjil la, pa yon levanjil anba tab, ni yon levanjil nan fè nwa, men se yon levanjil limyè, paske Kris se limyè. "Oui je suis la lumière du monde, celui qui me suit ne marchera pas dans les ténèbres, mais il aura la lumière de la vie." Se yon limyè sa ke n'ap preche la, se sa ke nou vle montre, ke levanjil nou an, se yon levanjil ki fò, li puisan, li se yon levanjil liberatris.

Fòk nou lapriyè anpil, fòk nou chache Bondye. Lè n'ap mache nan la ri, fò yo lonje dwèt sou nou, pou yo di me ptit Bondye-a. Fòk yo santi, nou anvelope de yon puisans, ke satan pa kapab mete. Si nou ale kèk lòt kominote pou nou wè, yon seri de ansyen estaje etidyan Lekòl SEED, ki travay ke y'ap fè nan kominoite-yo, se bèl bagay. Lontan yo panse ke, kretyen vi riral la te fè yon bon travay, men jodi-a, bagay yo miltiptyle.

Avan nou fini, nou kapab di sitiasyon akstyèl la twouve eksplikasyon li nan twa tip de fonksyon: Resous naturel yo, Resous imèn yo ak faktè enstitisyonèl yo. Faktè enstitisyonel la se legliz, resous natirèl yo, se tè ke nou genyen ak dlo, tè ki ta ka travay, men yo pa travay. Nou wè 20% sipèfisi nan plèn yo, ki gen kilti nan zòn semi arid. Kilti anyel yo, gen 348 mil ekta tè ki semi pwodiktif nan mòn yo. Gen 1/10 sèlman de tè ki reprezante ak sa yo rele forè.

Jodi-a frè ak sè, yo degaje enpòtans resous yo, nan sektè agrikòl. Nou kapab siyale fonksyon legliz dwe jwe nan progrè, nan devlòpman peyi Ayiti. Fidèl nou yo pa dwe echape a responsabilite yo. Nou vle pale de konvèsyon, konvèsyon an se nou menm. Kounye-a, nou se yon lòt moun, nou se kreyati Bondye, men nou montre reyèlman ke nou se pòte de Levanjil. Yon levanjil de liberasyon. Nou dwe gen yon vizyon ki sakremantal, yon vizyon ki rityalis, ki antre nan rit mondal la, e yon vizyon ki providansyèl. Trip Vizyon mond sa, li antrene twa typ de mantalite, pa rapò nan devlòpman projè global de sosyete-a. Yon mantalite ki kapab teknik, yon mantalite ki kapab majiko-relijie e yon mantalite teknik.

Jodi-a, an nou fè ke levanjil la, pa dwe genyen yon opozisyon, ni konfli ant levanjil, lasyans ak progrè. Se pou yo tout kapab ini, pou yo fè yon sèl. Nou kapab di, ke nou se ptit Bondye, nou se pòtè yon levanjil ki liberatris, yon sali ki total, yon sali ki libere lòm, ke tout bagay. Jodi-a, an nou renonse ak vye kilti ke yo rele vodou-a, kilti ki tap antere nou an, pou nou kapab pran krisyanis la, pou nou leve li anlè menm jan, Judayizan yo te pran ak men responsabilite yo, pou yo kapab pòt pawòl levanjil la. Sa se pwojè pa nou ki se Bib la. Se te souvni vwayaj



mwen nan peyi Izraël, Bib la, n'ap konsève li pou nou kapab tann retou Jezikri. Fòk nou montre ke nou kapab transfòme mond sa, pou li kapab tounen yon mond nouvo, mond sa ke n'ap viv la. Nenpòt kote n'ap viv jodi-a nou se temwen otantik de pawòl Bondye-a, Amen.



## 7) ENPOTANS RAS AMELYORE NAN PWODIKSYON ANIMAL I

### AGR. MICHELET MASCARI

Avan ke mwen antre nan sijè ke mwen pwal diskite-a, mwen ta vle eksplike ki sa IRIKA ye. IRIKA se Enstiti Entè Ameriken ak Koperasyon pou Lagwikilti. Se yon branch agrikòl òganizasyon Eta Ameriken, nou konnen nan non OEA. Nou konnen gen anpil moun, pandan peryòd kou deta ki te tande pale anpil de ki sa yo rele OEA, ki t'ap negosye zafè politik, men andedan OEA genyen IRIKA ki pa fè politik, men ki okipe li de Agrikilti, e se yon relasyon ki genyen ant tout peyi manb OEA, sa vle di tout peyi amerik la. Etazini, Ajantin, Brezil, Canada, Ayiti, Dominikani, tout peyi sa yo se manb IRIKA. Nan chak peyi sa yo, IRIKA genyen yon reprezantan li. Etan done ke nou gen reprezantan nou nan chak peyi sa yo, chak lè yon peyi ki manb gen yon pwoblèm nan Agrikilti, yo alète tout lòt peyi yo pou yo di: *men yon pwoblèm peyi sa-a genyen, koman nou kapab ede-li rezoud pwoblèm sa?* Se nan systèm sa ke IRIKA travay.

Malerezman, nan tout peyi Amerik la, gen yon sèl peyi ki pa fè pati de IRIKA, se Kiba. Nou pa bezwen chache konnen pou ki sa? Si li jis ak si li pa jis. Kòm teknisyen nou pa konnen, men nou kapab di se sèl Kiba nan peyi Amerik yo ki pa fè pati de IRIKA.

Chak lè yon peyi gen yon pwoblèm yo alète yon lòt peyi. Men m'ap fè nou konnen ke Ayiti pa ka ede lòt peyi. Tout moun ki gen plis ke 15 ak 20 ane la, konnen te gen yon maladi kochon nan peyi a, kote yo te rive tiye tout kochon yo. Tou dènyè man, menm maladi sa te pase nan peyi Kosta Rika. Nan moman sa yo rele IRIKA, yo di men peyi Kosta Rika gen pwoblèm Pès Pòsin Afrikèn tou. Nan moman sa IRIKA di: an nou rele lòt peyi ki te pase nan pwoblèm sa déjà, pou mande yo ki eksperyans ke yo te fè? kòman yo te fè pou rezoud pwoblèm sa? Se rezon sa kote te gen kèk teknisyen Ayisyen ki te pase nan rezoud pwoblèm sa, ke yo te voye Kosta Rika pou y'al fè fòmasyon pou Teknisyen Kosta Riken, pou di yo ke lè pwoblèm nan te prezante-a, men ki jan nou te rezoud li.

Sa vle di ti peyi gen kontribusyon li, gwo peyi gen kontribusyon li tou. Systèm IRIKA divize an 4 zòn: Rejyon nò ki genyen Etazini, Kanada ak Meksik. Rejyon Sid ki genyen peyi Amerik Sid, Tankou Chili, Ajantin, Brezil, Paragwe, Ekwatè. Gen peyi Amerik Santral, ti rejyon sant ki genyen: Kosta Rika, San Salvador, Nikaragua, Honduras. E gen peyi karayib yo ki gen kounye-a environ 14 peyi ladan li, ke Ayiti depann de li.

Chak lè gen yon pwoblèm ki pwezante, IRIKA kòm blòk ki andedan peyi yo, mete ansanm pou rezoud pwoblèm nan. Kounye-a la nou travay nan plizyè domenn, tankou kolaborasyon ant plizyè peyi. Ki sa wap fè? Ki sa nou dwe fè?



kòman yonn ka ede lòt? Kounye-a la, nou gen kèk pwoblèm an Ayiti kote yo mande IRIKA pou solisyone yo. M'ap site pa egzanp, anpil moun tande pale de sa yo rele pay nwa nan diri, se yon jan pye diri-a pouse, lè pou li mete gress nan, gen yon sòt de bagay ki manje gress nan, ki fè ke gress nan pa gen diri andedan li. Yon sòt de bagay ki manje gress nan, ki fè ke gress nan pa gen diri andedan li. Pay la nwa se pou rezon sa ke yo rele li maladi pay nwa. Kounye-a, la IRIKA ap fè anpil efò pou li kapab kolabore nan maladi pay nwa nan diri pou rezoud pwoblèm sa.

Genyen yon lòt pwoblèm ankò ke IRIKA ap eseye kolabore pou nou wè kòman nou kapab rezoud li, se yon lòt maladi ki tonbe nan bannann ke yo rele Sigatoka nwa, se yon maladi ki ap tiye bannann anpil anpil. Si gen moun ki soti nan zòn Jan Rabèl, yo kapab rakonte nou mizè ke y'ap pase ak pwoblèm Sigatoka nan bannann.

Nou genyen yon ti èd ke n'ap eseye bay nan rezoud pwoblèm, pès pòsin klasik la, ki yon maladi ki pran kochon, yon lafayèv kochon ki deyò-a la. Nan 2 -3 jou kochon an mouri, mwen te kapab bay yon ti ekzanz senp ki rive dènyèman, gen yon mesye ke yo rele Pyè Sen Leje, ki genyen 300 kochon nan yon pòchri, nan 2 jou li pedi 200. Men se plezi pou wè jan kochon ap mouri ak maladi sa. Si ou konn wè lè timoun ap jwe ak domino yo mete yo kanpe, kan ou touche yonn tout soti tonbe. Yonn sou lòt se konsa kochon mouri ak pwoblèm sa. IRIKA ap bay yon ankadreman pou li wè koman nou kapab ede rezoud pwoblèm sa nan peyi Ayiti.

Nou fè fòmasyon tou nan 2 nivo, nan nivo zòn, gen yon òganizasyon ke yo rele Cache "Konsèy Karayib pou yon agrikilti Siperyè" ki regroupe tout fakilte Agwonomi ki genyen nan zòn karayib la. Sa se yon òganizasyon ki rele Cache, se IRIKA ki patwone li, yon fason pou kapab genyen echanj ant etidyan, ki kapab gen echanj ant eksperyans, echanj ant pwofesè. Yon pwofesè kapab soti nan peyi Ayiti, al fè yon kou nan peyi Trinidad, li kapab soti Trinidad tou, li vin bay yon kou nan Peysi Ayiti. Se sa ki fè yo fè òganizasyon sa, se sitou moun ki fè eksperyans nan etidye lòt bò, ki fè gen yon pwoblèm, lè yon agwonòm soti nan Ayiti pou li ale nan yon lòt Inivèsite, yo mande'l pou'l refè anpil lòt kou, se paske lekòl yo pa menm.

Organizasyon sa ap eseye mete tout fakilte agwonomi yo sou yon menm pye, de fason si yon etidyan Ayisyen al etidye lòt bò, pou yo rekonèt diplòm Ayisyen tankou sa lòt bò-a tou. Se sa ki fè ke nou genyen òganizasyon sa tou.

Aktyèlman nou genyen plizyè bagay ke n'ap eseye devlope nan Peysi Ayiti. Nou mete li nan sa ke nou rele devlopman riral. Gen plizyè ti bagay ke nou eseye fè, nan kolaborasyon ak Ministè Agrikilti, paske IRIKA depann direkteman de Ministè Agrikilti. Sa vle di sa IRIKA ap fè-a, si Ministè-a pa vle, IRIKA pa ka fè li. Anploye ki travay nan IRIKA oblige jwenn siyati Minis Agrikilti-a, pou gen dwa travay ladan-li. San sa, ou pa gen dwa travay ladan li. Nan kad eseye n'ap eseye mete anplas kèk bagay, nan lane 1983 apre ke yo te fin tiye tout kochon nan peyi Ayiti, IRIKA te mete yon pwojè de repèpleman sou pye. Lè nou mete pwojè sa



sou pye, pa te genyen kochon nan peyi-a, IRIKA enpòte soti nan Etazini kèk kochon pou eseye fè repèpleman. Se nan fason sa ke nou te retabli a travè tout peyi-a, anviwon 400 pòchri, pi piti yo te gen 5, pi gwo yo te gen 40 ki pèmèt ke repèpleman te fèt, anpil moun te benefisyé de pòchri sa yo. E mwen wè kèk zanmi, mwen te konn wè, sa fè anviwon 8 -10 lane, nan kalite pwojè sa kote ke, nou te distribye preske 10000 repwodiktè mal ak femèl nan tout peyi-a, nan kad aktivite pwojè elvaj IRIKA.

An 1990, te genyen yon gwo pwoblèm k'ap prezante, jis kounye-a nan kafe an Ayiti, gen yon maladi ki atake kafe, ke yo rele la wouy, ki detri gress kafe-a, e ki detwi seriz kafe-a tou. An 1989 IRIKA te eseye mete yon pwojè sou pye, pou ke pwoblèm sa avan nou, se te Kosta Rika, ki te déjà devlope yon varyete kafe ki te rezistan a maladi-sa. Nou te mande Teknisyen Kosta Riken sa yo se mans nan kafe sa yo, e nou te vini ak semans sa, nou te plante li an Ayiti. Pli presizeman nan zòn Bomon, nan Jakmel, kote ke nou te reyisi plante 10 milyon pye kafe a travè pwojè sa.

Kòm etan done ke kafe se yon plant ki grandi ak kouvèti vejetal, apa de kafe yo nou te oblige mete kèk pye bwa kouvèti tankou, zoranj, bannann, sitron eksetera pou ede pwodiksyon kafe-a. Sa se pou montre toujou ki sa IRIKA ap fè nan peyi sa depi 28 lane ke li fè nan peyi sa.

Kounye-a la chak fwa ke nou fè yon aktivite konsa, n'ap eseye swiv tou, pou nou wè efektivman kòman nou ka amelyore kondisyon de la vi agrikiltè Ayisyen yo. Lè nou te genyen pwojè kochon, sa nou te remake? Chak lè yon moun vann yon kochon, nan epòk sa ti kochon t'ap vann 125 dola. Rapid rapid yon ki kochon fenk sevre la, 200 dola. Lè ou vann yon kochon gra, yon gwo kochon ki chatre, pri a se toujou preske 400 - 450 dola. Kounye-a la si pou jwenn yon kochon pou mwens ke 300 dola, yon kochon gra se preske yon kado.

Lè nou fè pwoblèm kafe a tou, lè nou fin plante pye kafe-a tou, nou pase nan yon lòt nivo, nou organize pwodiktè yo, nou fè yon federasyon, ki se yon sòt de koperativ kafe, nou pran 3 Ayisyen ki soti bomon, yonn soti jakmel, 2 moun nou pran san batistè, nou fè paspò yo nan magouy, si ou pa gen batistè ou pa ka fè paspò, nou fè paspò-a san batistè. Tout moun ki la konn tandem difikilte ki genyen yo bay moun sa yo viza. Nou ale o zetazini avèk yo, yo siyen avèk yon seri achtè kafe, kote moun sa yo ekspòte kafe yo direkteman, san ke yo pa bezwen pase pa ekspòtatè, san ke yo pa bezwen pase pa entèmedyè. Si gen yon etranje ki ale nan yon boutik kote yo vann kafe sèlman, wap jwenn ke kafe sa a, komèsyalize nan non "Haitian Ble". Li chè, mwen pa kwè ke nou menm, nan ti abitid bwè kafe nou, mwen pa kwè n'ap mete 20 dola nan yon ti mamit kafe, se pri sa ke l'ap vann lòt bò-a an ameriken.

Agrikiltè Ayisyen jwenn yon pri ki mye pou kafe li-a, olye ke li bay yon entèmedyè al vann li pou li. Men ki sa nou remake nan tout sa. Malgre kafe-a vini



pi chè, malgre tout sa ki ap fèt yo, agrikiltè Ayisyen yo, pa gen anpil tè pou yo ka fè anpil kafe, pou yo ka fè 900 -1000 dola kafe. Paske chak lè li pral vann kafe se yon mamit, 3 -4 mamit. Lè se sa li bay la, malgre kafe-a chè, men moun nan pa fè kòb vre.

Nan refleksyon ke nou fè andedan IRIKA, nou vin di sèl fason pou nou mete kòb nan men agrikiltè Ayisyen yo, se elvaj pou nou fè yo fè. Yon toro bèf genyen kòb ladan li, yon chatre kochon genyen kòb ladan li, kabrit gen kòb ladan li. Se pou rezon sa ki fè nou di an nou al lage kò nou nan elvaj la pi plis.

Se nan rezon sa ke nou wè pwoblèm elvaj la, direkteman pase pa yon pwoblèm nan konesans. Ou te mèt tandem yo di nenpòt bagay, yon sèl pwoblèm nou genyen han elvaj la se konesans. Moun yo pa fòme, e nan tout prezantasyon ki te fèt maten an ak 2 moun ki te pale anvan mwen yo, chak kou yo te pale de bêt yo te rann mwen pi tris ankò. E lè pastè a te pale de etranje ki te vin fè klinik veterinè an deyò, sa te fè mwen pi tris toujou, paske mwen wè nou genyen gwo pwoblèm. Lè ou genyen yon bêt pandan ane-a li kapab malad, yon jou, 2 -3 jou li kapab malad. Tout teknisyen ki travay nan elvaj an Ayiti, se veterinè ke yo ye. Jòb bay manje-a ki 365 jou nan yon ane. Jòb bay dlo-a ki 365 jou nan ane pa jòb veterinè li ye. Sa se yon lòt bagay. Pwoblèm nou genyen, nou gen plis pwoblèm nan elvaj, ke nan veterinè-a menm.

Avan ke nou rive nan sa, kite'm eseye ranje yon ti bagay pou nou. Andedan IRIKA, lè nou kalkile, nou wè se nan elvaj la pou nou pase pou nou fè moun yo jwenn yon ti kòb an gwo nan men yo, men nan etid ke nou fè, jeneralman, se pa madam yo ki fè elvaj yo, preske toutan se mesye yo. Paske, se toro bèf la, se milèt la, se cheval la, pafwa yo kite kochon, kabrit yo, ki pi piti pou medam yo. Sa vle di, la ankò, kòb medam yo patap gwo. Se pou rezon sa nan refleksyon ke nou fè, nou di, an nou pase men pran medam yo tou. Se nan rezon sa ki fè nou mete yon pwojè sou pye andedan IRIKA, ki rele kredi fanm.

Kredi fanm travay plizyè kote nan peyi-a. Mwen pa vle antre trop nan detay de kòman nou fè kredi fanm. Men sa ki enteresan depi 1992 ke pwojè sa sou pye, genyen 100% de ranbouseman, pa janm gen yon moun ki pa peye. Se pa yon bagay fè kado ke li ye, se yon metodoloji ke nou itilize, e moun nan bezwen peye aktyèlman 24% enterè. Malgre sa ranbouseman 100%. Nou fè sa pou medam yo. Pandan n'ap fè sa pou medam yo, nou di an nou foure kò nou nan elvaj.

Premye bagay ke nou fè, nou di pliske pwoblèm nan se yon pwoblèm de konesans, pliske se yon pwoblèm de moun yo, ki mal fòme, ou byen pa fòme ditou. Nou mete yon metodoloji ki di ke nan pwogram pa nou an, si pou yon moun benefisyé de pwogram pa nou an, yon sèl bagay li oblige pase pa fòmasyon. Se nan rezon sa, nou mete 2 gwoup sou pye déjà, chak genyen 40 moun, sa fè 80 moun ki ankou de fòmasyon. Fòmasyon sa, se yon fòmasyon k'ap dire 6 semenn. Men se pa 6 semenn kote nèg la vini li chita jiskaske fòmasyon an fini. Nou fè 6 semenn nan chak 2 mwa. Si an janvye moun nan vini li patisipe nan seminè-a, lè



li vini nan seminè-a, nou bali tout materyèl, nou rakonte li tout bagay, nou bali yon devwa pou li ale lakay li, nou bay li kèk kesyon pou li reponn. Li ale lakay li lè li rive li fè tout devwa li. Yonn nan kondisyon pou li patisipe nan prochen seminè-a, li oblige remèt devwa 15 jou avans. Nan moman sa li voye devwa ba nou, nou koriye li, e chak 2 mwa li patisipe nan yon kou de fòmasyon.

Maten an, yo te di nou, fòk nou pa pweche san ke nou pa fè zèv selman. Se nan fason sa ke lè moun nan fin fòme, piske li fin fòme, nou di li konsa men yon bagay n'ap mete nan men ou, pou ke li kapab pwouve ke li gen konesans efektivman. Se nan fason sa, selon mwayen nou, nou eseye enpòte kèk bêt pou moun sa ki nan fòmasyon ak kèk moun ki nan kominote li.

Yonn nan bagay ki pi aktif, kote n'ap pale jodi-a, nou enpòte pou'l nan republik Dominikèn. Se 2 ras ke nou enpòte se ras "Rod Iland Red" ak "Plimouth rock", se 2 ras sa yo. Nan vizit ke nou genyen pou nou fè apwè midi-a, lè nou ale nan Seed, kote ke nou te kolabore ak Seed, kote nou te bayo fè yon eksperyans avèk 2 ras sa yo. Lè nou rive n'ap kapab wè 2 ras poul sa yo.

Nou te chwazi ras sa yo, paske se 2 ras ki gen doub objektif, se yon ras ki ponn byen, ki bay anpil ze, men tou ki fè yon gwo poul. Nan eksperyans enteryè ke nou genyen, nou reyisi jwenn 20 ze pa mwa pa poul, nan lakou. Sa vle di, san ke nou pa bezwen bay manje, n'ap pale de poul k'ap manje krikèt, n'ap pale de yon poul k'ap manje flè pwa nan lakou, ki ponn 20 ze pa mwa. Si ke ou ta vle fè konparezon avèk poul peyi yo, ou va gen yon ide plis ou mwens, ki diferans ki gen anplis.

Anplis, nan pwogram kafe-a, nou te remake yon gwo pwoblèm ki genyen, nan transpòte kafe. Paske tout moun la konnen ke kafe pwodui nan tèt mòn. Men lè nèg la fin fè kafe-a nan tèt mòn nan, li gen gwo difikilite pou li desann anba lavil avèk kafe-a. Se nan rezon sa, kote nou te di gen yon nesesite de milèt nan zòn sa yo. Kòm etan done chak jou nan zòn pa nou-an, ti pye milèt yo ap vin pi fen, ti milèt yo ap vin pi piti, nou te pran inisyativ, pou nou ka enpòte 3 Etyò bourik ki se ras Amerikan Jack.

Nou gen yon gwo pwoblèm aktyèlman nan pwogram kabrit. Kabrit yo dejenere, mank de konesans. Sa pa vle di pa gen manje, men se mal bay manje. Nou menm fè yon istwa avèk kabrit pa bwè dlo. Tout sa se mank de konesans ke li ye, Men nou kwè ke nou kapab fè entèvansyon nan kabrit tou. Se rezon sa ki fè nou gen an seleksyon, pwojè pou nou fè negosyasyon pou nou ka enpòte kèk kabrit, ki soti nan ras Bor. Mwen kwè ke nan kondisyon peyi Ayiti, se yon ekselan tras, ki kapab bay bon rezulta.

Men nou vle konplete bagay la tou, avèk yon enpòtasyon de boven, nou vle entwodui yon seri de toro, kwazman yon ras ki pwodui lèt, ke yo rele olstay, ki se jeneralman an Ayiti nou toujou bezwen yon ras ki bay lèt, men ki gwo tou. Se pou rezon sa ki fè nou fè kwazman 2, yon melanj kreyol avek olstay, ak yon lòt melanj



kreyol avèk brown Street, ki se ras ki bay anpil lèt, e l'ap bay yon developman ki pi bon tou.

Nou wè ki IRIKA antre nan poul, nan kabrit, nan bourik ak nan Bèf. Anpil moun la gen machin, yo gen moto, yo gen bisiklèt, si yon moun genyen bisiklèt ki pi bél ki genyen sou tè-a, lè nou mete'l nan wout peyi Ayiti yo, l'ap kwaze. Si ou gen pi bél machin nan tou, si ou mete'l nan wout pou soti Pòtopwens pou ale Okay, nan eta wout, pran ti Gouav pou rive kafou deriso-a, machin nan ap pwan 2 -3 pataswèl kanmenm. Mwen di nou sa se poum ka fè nou wè ke, kelkeswa pi bél ras ke nou kapab enpòte, si nou pa chanje system nan li p'ap bannou randman.

Pou ke ou rive fè 200 liv kochon, wrap bezwen 36 mwa. Eske nou konnen bèf nou yo, aktyèlman, si ou genyen yon bon bèf, mwen p'ap pale de bèf mesye entèl ki pi bon pase tout, men mwayèn pwodiksyon letyè an Ayiti se anviwon 2 lit la nan Republik Dominikèn ke mwen te ale, gen bèf ki pwodui 40 lit lèt chak jou. Menm tè nan Republik Dominikèn, nou menm nou petèt a 4, sa vle di, 10 fwa mwens, e si menm bèf sa, ou pranl nan Republik Dominikèn, ou vini avèk li nan Ayiti, l'ap sispann bay randman sa, se paske wout nou an pa bon.

Se pa ras mesye dam, ras la se yonn, pèsonn pa konnen jounen jodi-a sa yon ras kreyòl ka bay. An nou pran ras kreyòl la, an nou pouse'l, an nou pa kite'l nan solèy. Eske wap imajine'ou, yon bèf, mwen kwè si nou parèt deyò a la, n'ap ki valè dezidratasyon, ke bèf sa ap fè, pou tèt yon jounen ke li pase nan solèy. Men menm si nou nan yon legliz evanjelik, men kiltirèlman nou konnen, an Ayiti moun bat kòk anpil, tout moun ki bat kòk, chak jou li mete kòk la fè yon jounen solèy. Si mwen t'ap bat kòk, mwen t'ap genyen tout nèg sa yo. Paske kòk ou a dehydrate, li pa gen fòs. Men yon seri de bagay ke n'ap fè chak jou, ak lòt bagay ke nou pa fè.

Eske nou konnen solèy la anpeche yon bét manje, lè nou trò cho, eske nou anvi fè anyen, nou anvi kouche. Ki lè ou plis santi ou alèz ? se lè li fè pi fwe. Ki lè li fè pi fwe? Se plis le swa. Chak swa nou mete kabrit yo devan pòt, san nou pa bay yo manje. Men se lè sa li ka manje plis, se lè sa yo santi yo plis alèz, pou yo kapab manje, se lè sa nou pa bay manje. Enben, nan kondisyon sa yo nou p'ap janm jwenn randman ke n'ap chèche-a. Nan ka sa, fèm pa nou an Ayiti, ap toujou rete miami, zèl anba vant, po. Malerezman, jodi-a nou genyen yon sèl fèm se miami ke li ye.

Si nou vle fè yon bagay pou peyi nou an, si nou vle amelyore kèk bagay nan peyi sa. Nou gen yon sèl bagay pou nou fè. Ekskize'm pou politisyen yo, se pa eleklyon, se travay. Travay la vle di kisa? Se fè yon tonè'l mete bét yo anba li. Travay la vle di bay bét la dlo, pa kwaze fwè ak sè, pase tout ti dejenerasyon ke n'ap wè nan ras sa, tout pye fen sa yo ke n'ap wè nan ras sa, kounye-a nou oblige tann preske 3 zan, 3 zan e demi avan nou kwaze yon bèf pou pwemye fwa. Alò ke nan 18 mwa bét la te dwe antwe an pibète deja.



Ant 40 lit lèt ke y'ap jwenn lòt bò-a, e 4 pa nou an. E ke ant 36 mwa ke kochon nou yo pran pou li fè 200 liv e 6 mwa ke li te ka pran. E ant 14 mwa ke yon poul peyi pran, pou nou ka manje li, ak 8 semenn yon poul amelyore pran pou manje, nou gen kont travay pou nou fè.

### Kesyon

1) Kòman yo rele varyete kafe ki reziste ak maladi la wouy la?

Rep: Gen Catura, avèk Catumor

2) Si'm ta vle jwenn 300 kilogram nan yon bèf apwe yon ane, depi m'ap pran swen li, di mwen ki resèt mwen ka aplike?

Rep: Non pa gen yon resèt, se tout bagay pou fè. Ou bezwen te chwazi bêt la byen. Sa vle di, si ou ale nan mache achte yon bèf, ou gen dwa panse li se yon ti gazèl, e poutan li kapab genyen 5 lane nan men moun nan. Fòk ou te konn chwazi, fòk ou te konn detèmine laj bêt la, pa egzamp nan dan li, pou ou kapab wè si li jèn vwe. Menm si mwen konn tande nan peyi isit, yo wèl nan kòn, mwen ta byen renmen aprann systèm kòn nan. Mwen ponkò kwè ladan li kòn, mwen ta byen renmen aprann systèm kòn nan. Answit, gen kèk ti trètman ke ou dwe fè pou li, paske mwatye nan elvaj nou yo pèdi nan tik, nan vè k'ap souse bêt yo, mwatye fòs bêt la pèdi la yo. Apwe sa se dlo ak manje. Se tankou yon elèv ki ale lekòl, li genyen matematik, li gen fizik, li gen anglè, li gen fransè. E byen ou bezwen etidye tout matyè yo pou ka pase klas la.

3) Si yon moun ta bezwen pran fòmasyon sou IRIKA, pale li kisa li ka fè?

Rep: Pou kounye-a la li paka fè anyen paske nou gen 2 gwoup an fòmasyon nou ta renmen fini avèk 2 gwop sa yo, apre sa nou pral reflechi pou nou wè koman nou ka rekòmanse ak bagay sa ankò. Men nou gen anpil demand sou sa, si moun ta vle ekri yon lèt, n'ap genyen non li. Lè n'ap fè yon lòt gwoup nou kapab envite li patisipe, nou pa gen okenn pwoblèm, sof ke nou gen zòn ki pa priorité. Pa ekzanp zòn Sid, paske gen anpil moun ki fòme deja. Nou gen anpil enstitisyon k'ap fòme moun tou nan zòn Sid la, men nou ta etone, pa ekzanp pou nou wè yon kote tanko mòl Sen Nikola, pa genyen. Si'm gen chwa ant moun ki soti nan Sid, ak Maribawou, nan lòt zòn yo, mwen prefere bay priorite a lòt zòn yo ke zòn Sid.

4) Ras bêt ke ou pwal enpòte yo, eske tout peyi -a ap gen chans pou benefisyé de yo?

Rep: Eske tout peyi-a kapab benefisyé de yon dizèn Toro Bèf? Mwen kwè ke li difisil nan yon premye tan pou tout peyi-a ka benefisyé. Sepandan mwen konnen ke yon bèf fè 283 jou plenn, aprè 283 jou sa l'ap fè pitit, sa t'ap pèmèt ke lè bêt la fin fèt, ti kras pa ti kras ke n'ap avanse, pitit vin kwaze, lòt vin kwaze, gen posiblité pou li vin mache nan tout peyi-a. Si nou achte yon dizèn



a yon kinzèn de bèf, se pa osi rapid l'ap kouvri tout peyi-a. Men mwen kwè objectif final la se ta fè tout peyi-a benefisyé de tout bèf sa yo. Mwen ta renmen pwofite di nou, pa fye nou sou ras bét, se fason nou gade bét ki pi enpòtan.

5) *Bèf lòt peyi tankou Sèndomeng kapab bay 40 lit lèt, kabrit yo bay 2 galon. Koman nou ka fè pa nou yo bay plis lèt ak fasilité?*

**Rep:** Mwen kwè ke bèf pa nou yo, kabrit pa nou yo kapab rive bay bon randman tou. Mwen ta renmen ke moun nan ki poze kesyon retire mo fasilité a. Mwen ta di petèt, ke sel respons ki genyen nan san se ak travay. Bondye pa ede bèf la pou'l bay lèt, Bondye ede nou, li banou fòs, sante ak kouraj. Pou nou travay ak bèf yo, pou yo bannou respons la. Teknikman, si nou ta vle jwenn pi bon randman tankou lòt peyi jwenn 40, pliske 40, menm si se difisil, si nou ta vle jwenn 2 -3 - 4 galon, se toujou posib.

Sepandan, premye bagay ou bezwen chwazi se ras la, se pa nan priorité, men se kalite bét la. An Ayiti souvan, moun pale de bèf, men nan peyi pa mwen fon dè blan, mwen tande moun yo di mwen pwal nan zòn Okay, mwen pwal achte yon bèf sipa pou'l ka banmwen anpil lèt. Moun nan tronpe li paske yon bèf sipa, se yon zebi li ye, li pa bay lèt, gen lòt ras ki bay anpil lèt konsa. Ou bezwen chwazi kalite bèf la ki pou bay lèt la, ou bezwen bay bon kalite manje, ou bezwen bay bon kalite dlo, ou bezwen pwoteje bét la kont solèy ak lapli, sitou nan peyi d'Ayiti mwatyé lèt pou bèf yo ta dwe bay la, pa bay li paske yo gen anpil anpil vèmin k'ap souse yo.

Vèmin deyò, tankou tik, k'ap souse bét yo, vèmin andedan, se vè se parazit k'ap souse bét la. Si nou ta atake, ni ras la, ni manje a, ni dlo a, e goumen ak parazit yo k'ap anniye bét la andedan li, mwen kwè ke nou kapab jwenn ;yon rezulta daprè peyi yo, ki pa 40 menm jan ak lòt peyi yo, men yon kantite satisfezan.

*Dr. Paul ap ajoute poul di:* Si ou vle yon vach bay anpil lèt fòk se yon vach ki ka manje toutan. Mwen kwè yo te fè yon etid sou konbye èdtan yon bèf fèmen je li pou li dòmi. Se yon èdtan ak mwatyé konsa. Tout nwit la li anvi manje tou. Anpil bèf yo, yo rete nan kòd yo pa jwenn manje pou yo manje ankò lannwit la. Si yon moun pran yon bèf li mete li bò lakay li, li mete yon ase gwo lo manje devan li. Demen maten lè li leve, l'ap wè ke bét la manje dènye fèy yo. Sa vle di li manje tout nwit la, li pa sèvi ak tout manje sa, men li jwenn ladan li poul fè lèt tou. Sa vle di se yon bèf ki dwe gen manje devan li tout tan si ou vle li bay lèt.

Gen lòt bagay nou bezwen gen abitid nan peyi-a se; Lè ti bèf la kòmanse genyen 3 mwa ou byen 4 mwa. Se pou nou sevre'l. Paske ti bèf la kòmanse pran lèt nan manman paske nou ka kontinye tire li, lè sa nou ka jwenn plis rannman nan lèt la.



Dr Maskari ap konplete poul di: Pou chak galon lèt bëf la ap bay li bezwen 3 galon dlo, fòl bwè twa galon dlo pou li fè yon galon lèt. Sa vle di ke, yon bëf ki ka bay 40 lit lèt pa jou l'ap bezwen 120 lit dlo pou li bwè. Janm konn wè n'ap fè bëf bwe jodi-a. Lè ou di ti gason lakay ou al fè bëf la bwè dlo, li di mwen te kwèl bwè deja jodi-a. Si se konsa nou pa ladan'l. Bëf la fèt pou li genyen dlo-a, maten, midi, aswè. Sa se yonn nan pa pou ou fè pou ka rive jwenn randman sa.

- 6) *Eske IRIKA gen pwojè pou finanse ri òganizasyon k'ap travay nan elvaj?  
Eske IRIKA ap ede plantè kafe yo plante plis kafe toujou?*

**REP:** Irka pa yon yon òganis de finansman, men li yon òganis teknik pito. Men nou pa vle preche san fè zèv. Se pou rezon sa ke, nan ti mwayen ke nou genyen, nou enpòte bët sa yo pou eseye amelyore ras la. Pafwa nou eseye amelyore systèm nan ak moun yo tou. Nou fè yon etid ki di nou konsa ke, nou kapab fè yon gabay nan kèk zòn. Sa nou pwal eseye fè, a pati de moun nou genyen ki fòme yo, nou gade lè nou bay yon moun yon kabrit, se yon papa ou byen manman fanmiy nan li ye. Nou gen enpresyon ke se yon moun nou kondane pou li rete nan mizè toutan. Paske se yon sèl kabrit li genyen, si li vann 2 ti kabrit a 100 dola, sa pral bay 200 dola. Kounye-a la nou kòmanse refleche tout bon pou nou wè eske nou patap jwenn yon finansman ki pi plis. Men lè nou pran yon elvè, nou kalkile konbyen ptit li genyen, ki s'al depanse, konbyen kòb moun sa depanse pou ane-a? Mwen pa di depans li li genyen yon lòt menaj, ou byen si li jwe bòlèt plis, ou byen si li bwè tafya plis, n'ap pase de depans manje, mete rad, medikaman, lekòl timoun, eksetera.

Nou vle bay yon repons a sa, o lye nou bay fanmiy la yon kabrit, nou kapab bay li 5 a 10 selon nesesite li. Men se yon fason pou nou konnen fanmiy sa si gras Bondye desann sou li, nou retirel nan mizè nèt. Men nou pa fè'l kado'l. Se yon finansman nou fè fanmiy sa, li bezwen travay pandan bët yo ap pwodui-a, pou li peye yo, pou nou kapab fè chèn nan mache, ale pou lòt moun. Sa se yon lide ke nou genyen n'ap eseye fè vanse.

Pou pati pwojè kafe-a, kòm mwen te di 10 milyon plantil plante, plis pye bwa kouvèti, pye zoranj, sitwon, ak lòt bagay ankò. Men asosyasyon plantè kafe ki te fòme nan kad pwojè sa, jounen jodi-a yo genyen otonomi yo. Yo ap fè afè yo pou kont yo. Sa vle di si yo gen yon pwoblèm, si yo bezwen yon assistans nan IRIKA, yo telefone, yo pase. Savle di yo granmoun pou tèt yo jounen jodi-a. Apre nou fin fè 3 zan avèk yo, montre yo koman pou yo fè pepinyè, montre yo plante kafe-a, montre yo prepare kafe-a. Lè y'ap voye'l lòt bò, kijan pou yo mete'l nan bato, koman pou yo rele blan-an pou di'l me kafe-a ap vin. Jounen jodi-a moun sa yo rekole kafe yo, yo voye vann kafe yo. Sa y'ap fè jounen jodi-a, mwen kapab di nou mwen pa konnen, paske nou montre yo vole, men jounen jodi-a y'ap vole pou kont yo.

- 7) *Poukisa pa gen remèd lè kochon yo genyen lafyèv Pès pòsin afrikèn?*



**Rep:** Maladi Pès pòsin afrik se yon viris li ye li pa gen vaksen. Tout rechèch ke yo gentan fè, yo ponkò pwodui yon vaksen ki vrèman ka devlope yon iminitè nan kò-a. Pou Pès pòsin klasik la yo gen tan jwen yon bon vaksen, men pou pès pòsin afrik la sa pokò fèt, y'ap toujou fè rechech la. Se akòz de sa ye te deside pou tiye tout kochon nan peyi-a. Jis kounye-a la, moun panse ke se yon bagay ki te mal pase pou touye tout kochon nan peyi-a. Men si yo pat fè'l nan lè yo te tiye kochon-an, jis kounye-a la maladi sa t'ap tiye kochon, chak ane nou t'ap pèdi kochon yo. Gras a program la, te gen anpil moun ki te pèdi kochon yo. Yo te pran anpil ane pou yo ka ranpli ankò men, si yo pat gentan fè'l jis kounye-a la mal de pès pòsin Afrikèn nan t'ap kraze peyi-a.

*Dr Paul ap ajoute.* Ni Pès pòsin Afrikèn, ni pòsin klasik se viris yo ye. Viris se yon fòm de mikwòb ki telman piti, menm ak yon mikwoskòp nòmal. Ou pa ka wè'y. E pi yo gen abitid viv andedan selil bét la. Yo viv andedan selil ki empòtan andedan bét la. Medikaman ke nou genyen ka tiye bakteri, paske bakteri viv deyò selil bét la, li viv yon kote ke medidaman kapab atake'l. Men depi viris la antre andedan selil bét la se tankou li pwotete. Mwen konn bay yon egzanp, si ou gen yon ravèt k'ap travè sou yon tab ou pran sandal ou pou ou fwapel', si ou pa gentan tiye'l li gentan monte ale nan yon po flè, andedan yon vè. Eske wap kwaze li toujou? Non. Paske ou p'ap vle kwaze pye flè a tou.

Medikaman ki ka tiye viris ka tiye bét la tou. Se pwoblèm sa nou genyen ak sida Nan lemond, la raj ak lòt maladi. Pa gen medikaman ki ka tiye viris andedan yon bét san li pa tiye selil bét la tou.

Past Frantz ap ajoute: Lòt bagay ke viris la genyen ladan li, se paske se yon bét ke malen li ye. Lè ou konnen yon teknik pou ta kwense li nan yon kwen, li chanje koulè se yon lòt pòz ke li ba ou. Konsa li malen anpil, li chanje jenetikman, lè ou konnen ou pral jwenn li se yon lòt aspè ke li ba-ou. Ou konn wè lè ke wap vize yon bét pou fizye li. Ou pare fizi ou pou ou pran'l, li vire yon lòt bò pou ou pran'l apre li chanje ankò, li malen ou paka pran'l.

8) *Kisa nou kapab fè nan yon peyi kote ke sak son de ble ap vann 35 dola e ki pa vrèman genyen yon politik agrikòl?*

**Rep:** Son de ble pou mwen menm, li pa manje pou bét, tankou diri pa manje pou moun, se yon eleman nan manje ke li ye. Lè ou fin gen diri fòk ou gen dlo, fòk ou gen pwa, fòk ou gen grès, pou kwit yon manje. Si yon moun di son de ble-a chè anpil, mande Bondye padon paske pito pri-a te monte toujou. Moun pa fèt pou sèvi ak son de ble pou bay bét manje. Si ou pa gen anyen ditou, li pi bon tan ou kite bét la mouri. Nou genyen twòp resous lokal, nou genyen bagay bò lakay nou kap gaspiye, men an bon Ayisyen ke nou ye nou pito bagay bò lakay nou gress ap tonbe atè, sèch, pèdi. Nou pa sèvi ak li, chak kou nou fin fè yon jaden mayi, nou rache pye yo mete atè, koupe yo, brile yo, kite yo dekonpoze, menm si li ka sèvi kòm konpòs tou.



Moun ap plenyen pa gen manje pou bêt, sak son de ble van 35 dola. Plizyè fwa mwen konstate ke moun nan avèk yon sak nan men li, l'ap chache manje kochon, li pase devan yon manchann kann e l'ap di pagen manje kochon. Mwen ta renmen konnen sa bout kann ye pou bay kochon an? Sa se resous lokal. Men nou pito fè chèlbè ap tann son de ble soti lòt bò ou byen nan konpayi. Mwen pa kwè son de ble se solisyon an. Li kapab ede, men se pa pi bon bagay ke moun kapab fè. Si son de ble-a ap monte, pou mwen, se kite'l moute, paske se pa manje bêt li ye.

Sa ke mwen menm mwen te ka di de bêt an jeneral, pou moun ta kapab retni, se 2 bagay. Bêt entèlijan, yo trè entèlijan, si ou wè kèk fwa yo pa vle fè yon bagay se pa fose yo paske li p'ap bon pou yo. Dezyèm bagay mwen ta kapab di sou bêt: Yon bêt se tankou yon timoun k'al lekòl. Si ou etidye lesон ou, ou pran 10 sou 10, ou pa etidye ou pran zero, si ou etidye mwatye lesон ou pran 5 sou 10. Sa vle di ke, yon moun ki bay bêt li bon manje, bêt la ap ba ou bon rezulta. Ou bay bon dlo, bêt la ba-ou bon rezulta. Chak kou ou maltrete bêt la, li pa di ou anyen e li menm, li fè ou peye sa ou sot fè li -a, paske li pa ba ou randman ke li te dwe ba ou -a, reflechi sou sa. Mèsi.



#### **8) ENPÒTANS RAS AMELYORE NAN PWODIKSYON ANIMAL II**

DR. KEITH FLANAGAN

Mwen genyen 2 kesyon, avan nou ale pi lwen kote ke yo te fè yon kwazman rasyon. Se ki kote nan Bib la, ki te gen yon moun ki te kwaze kabrit ak mouton, pou li ka jwenn yon ras ki amelyore? Ki moun ki te fè premye bagay sa? Se Jakòb. Jakòb t'ap travay ak bò pè li, e li te fè anpil ane ak bò pè li, li fè yon antant ak bò pè-a kote ke li di: tout mouton nwa ou byen tout kabrit ki make ak koulè nwa, m'ap kenbe yo pou mwen. Men Laban te pran tout kabrit ak mouton sa yo, lanwuit li te al kache yo, li te bay pitit gason pa'l. Sa vle di bofis li pa jwenn anyen, apre sa Bondye te beni Jakòb paske li te fè kwazxman, mwen pa kwè nou anyen, apre sa Bondye te Beni li, apre sa nou wè nan jenèz chapit 30, li te vin rich, men sa se premye kote nou jwenn nan Bib la, nou te gen yon kwazman amelyore.

Ki sa nou vle di, lè nou di kwazman ou yon ras amelyore? Ki sa n'ap chache lè nou di sa? Nou vle yon bêt ki ka pwodui plis, ni nan lèt, ni nan vyann, pou li kapab pi gwo. Yè nou te pale de bannann yo, nou kapab di se yon ras amelyore tou. Mwen byen kontan sa agwonòm Maskari te di nou. Paske, pafwa nou pa ka byen jere yon ras amelyore, paske nou kapab manke manje, nou kapab manke dlo, nou kapab manke yon kote pou mete yon ras amelyore. Sa vle di nou ka iwenn yon ras ameyore pou'l nouri nan men nou.

Mwen te gen yon ti kabrit, men li pa tèlman wo, mwen te konn tire li chak jou avan mwen te vin an Ayiti. Ti kabrit la te fè yon sèl ptit nan premye pòte-a, mwen te bay ti kabrit la tete yon bò, mwen tire lòt bò-a, mwen te preske jwenn yon gallon lèt pa jou. Menm jan agwonòm nan te di sa, sa pa vle di, si li fèt lòt bò, li depi ka fèt isit tou. Fò nou chanje systèm elvaj la pou nou ka amelyore li isit. Men nou kòmanse fè'l, bét sa yo ap ka pwodui menm jan yo konn pwodui lòt bò.

Nan pwogram Aklam, depi lontan nou gen yon fòmasyon ke n'ap bay nan ras amelyore yo. Nou gen yon pwogram nan kabrit ak bèf tou. Men kounye-a la nou travay plis nan kabrit. Men nou wè depi lontan, nou te konn travay plis ak gran moun yo, men kounye-a nou kòmanse twouve ki jan nou ka amelyore systèm elvaj la plis. Nou kòmanse diskite'l, nou di si nou ka travay plis ak timoun nan lekòl yo, avan yo gin tan pran trop abitid. Lè yo vin granmoun y'ap gentan abiye ak yon lòt systèm. Men kounye-a la, nou gen yon program nan lekol yo, nou kòmanse ak timoun nan katryèm, nou kòmanse bayo fòmasyon, ki jan pou yo bay pi bon swen, kijan pou yo gade kabrit yo, ki manje pou bayo, nou menm montre yo ki jan pou yo plante zèb. Zèb gramine ak zèb legiminez, apwe yon ti tan nou bayo



yon femèl kabrit, men lè femèl la mande parèy l'ap kwaze li ak yon bouk etranje,  
yon ras amelyore.

### RENE FLERIMOND

Sa nou fè nou menm? Nou travay nan Aklam, yon òganizasyon ki travay  
nan kredi, kote yo prete machann, ti machan, answit yo travay nan systèm elvaj.  
Aklam gen baz li Pòtopwens, Delma 33, rue Lebrin #10. Nou travay nan Sid tou  
nan ri Antwan Simon # 59, answit yo gen baz yo, Piyon, basen ble ak klazon kote  
yo gen 2 biwo.

Kounye-a, la n'ap travay nan domen elvaj, nan lekòl avèk timoun. Paske sa  
yo te reyalize se: Lè ou fè elvaj ak granmoun yo, yo plis sousye si wap ba yo yon  
bagay, bayo kabrit la, ou byen ou mete yon bouk kabrit disponib pou yo. Yo pran  
sa yap ba yo a, men fòmasyon-an yo pa pran'l vre. Paske tèt granmoun yo pi di.  
Lè moun nan te abitye pran bëf li, li mennen li bwè dlo yon kote ki sal. Ou byen li  
pran kabrit yo, li mete yo yon kote ki sal poul bwè, li p'ap mete yo nan lonbraj lè  
solèy, lè lapli li kiteyo la, lè ou di moun nan sa ou nan avantaj li. Men li pa wè sa  
paske li di konsa bët la te konn bwè dlo ki sal, men li pat konn mouri. Alòs ke gen  
yon ekip pèt moun nan fè lè konsa. Gen yon ekip maladi ke bët la ka pran. Se  
pou rezon sa ke Aklam antre nan nivo lekòl nan milye riral yo. Yo bay timoun yo  
yon femèl kabrit, apre sa pou yo remèt yon pòte. Men femèl la vin rete pou yo,  
apre sa nou bayo fòmasyon.

Nou twouve nan fòmasyon avèk timoun sa yo, nou gen plis chans pou nou  
sove elvaj la , paske timoun yo, yo menm yo pran fòmasyon yo, y'ap sonje sa yo  
te konn wè ansyen paran yo te konn fè, answit yo kapab amelyore elvaj la nan  
kondisyon ke y'ap viv yo. Sa ke nou ankouraje, kelkeswa moun nan, si ou ta parèt  
yon kote ou wè moun ap fè elvaj, se ankouraje'l. Paske Bouk etranje yo gen anpil  
enpòtans, lè ou kwaze jan de bouk sa yo, swa bor-a, Alpin-an, ak yon chèv kreyòl,  
l'ap ba ou yon pitit ki pi solid. Li solid menm pase pitit etranje-a. paske li adapte  
pi byen nan peyi a. paske si ou ta pran yon femèl etranje, ak yon bouk etranje ou  
kwaze li nan peyi-a, pou mwen menm, mwen twouve pitit li fè-a pi amelyore. Li pi  
solid e pi rezistan ak maladi, eksetera.

Mwen kwè ke nan nivo ti kabrit yo, depi ke ou pran ti kabrit yo, ou byen bëf  
la, sa li te kapab ye-a, yo chanje yo lè pou yo ka chanje yo, yo ba yo manje lè pou  
yo ta bayo manje, fè prevansyon pou yo. Paske se yon bagay ki byen enpòtan,  
anpil moun nan milye riral yo, yo prefere tann bët la malad, avan pou yo wè si yo  
ka jwenn swen pou li. Alòske si ou pran swen bët la kòm sa dwa, e ou pran  
prevansyon pou li, ou sipoze benefisyé plis. Paske si wap fè elvaj, ou sipoze fè li  
yon mwayen benefik, se pa depanse, achte manje, eksetera, men se fè li pi senp  
pandan ke wap amelyore kondisyon an, pou li ka pi fasil pou ou.

Sa nou wè nan Nò dwès la, paske nan Sid bagay yo, yon jan pi fasil.  
Nòdwès se yon zòn ki sèch anpil, mwen te kapab di gen yon seri de kote lè ou  
parèt, ou te ka mande ak ki sa moun nan viv. Sal manje, sal bwè, men petèt yo



viv kanmenm. Men gen yon seri de kote, lè ou parèt, wap antre Janrabèl, Marouj wap antre pi fon, ou rankontre ak plis pousyè, bayawonn, pikan olye ou rankontre manje pou moun manje. Nou wè sa di anpil, men de tout fason yo fè elvaj kan menm.

Sa ke nou wè ki bon nan apò Aklam pote nan elvaj la, sè ke yon ti kabrit peyi, ke moun nan te konn genyen, petèt li te konn tann li rive nan 1 ak 2 zan pou li te kapab fè 50 dola souli. Aktyèlman lè nou kwaze yon bouk etranje ak yon femèl peyi, nan 2 a 3 mwa li gentan ka vann nan 50 a 60 dola. Nou wè gen yon avantaj kanmenm, lè ou kwaze yon bouk etranje ak yon femèl peyi. Nou panse se yon travay a ankouraje ke li ye.

Nou fè anpil fòmasyon pou nou wè si nou te ka konvenk moun yo, pou yo bay elvaj la plis chans, epi bali valè pou yo kapab sove nan sityasyon ke yo trouve yo-a.

## KOLA

Yonn nan bagay nou ta vle ajoute nan sa RENE te di, sè ke pwogram o nivo timoun yo, li gen yon volè ladan li, ki ase enteresan, se volè de fòmasyon an ke René te di-a, kote ke fòmasyon sa nou entegre yon volè pratik, epi yon volè teyorik ki ase enpòtan pou timoun yo. Nou aprann timoun yo nan sal, nou bayo lesyon sitou nan nivo alimantasyon manje bêt yo, aprè sa nou bayo yon fòmasyon pratik sou teren, kote ke nou aprann timoun yo non plant yo. Swa nan nivo pratik sou teren, kote ke nou aprann timoun yo non plant yo. Non selman li fin apwann li nan sal, li kapab graminez, swa nan nivo legiminez yo. Non selman li fin apwann li nan sal, li kapab wè li, e touche li tou. Se komsi nou wè timoun sa kapab genyen yon fòmasyon wè li, e touche li tou. Sa ki ase enteresan pou nou menm, se afè konplè. Epi ankò li plante li tou. Sa ki ase enteresan pou nou menm, se afè fòmasyon an.

## Kesyon

- 1) Eske ou ka eksplike ki kote syèj Aklam ye nan Piyon? Eske li genyen pwogram kabrit la ladan li?

**Rep:** Nou ponko rive nan Plato Santral ak nan Nò ak pwogram elvaj. Nou ta vle fèl men se yon ti pwoblèm finansman, nou gen anpil moun ki déjà mande li. Se sel nan Piyon nou genyen kredi ak medam yo.

- 2) Nou ta renmen gen yon teknik pou pèmèt bêt nou yo plenn san nou pa kwaze yo

**Rep:** Teknik sa rele ensemnasyon atifisyèl, nou konn fè sa. Mwen panse lè nou te fè konferans lenbe, nou te gen yon atelye nou te montre koman pou yo te fè sa, sa mande anpil materyèl. Se pou genyen yon bagay glase, yon fwijidè, li genyen yon bagay espesyal ladan li, li gen yon azot, ki se yon likid li ye, li fwèt anpil jis li ka brile ou. Men ou pa ka jwenn sa fasil. Se pou ale nan endistri-a pou achte li. Men tout materyo ki pou fè'l yo, vann chè. Damyen,



nou gen plizyè moun ki te fòme nan sa, li gen plizyè bagay ladan li, fòk ou byen konnen ke bêt la nan epòk chalè. Si ou kwaze li, ou byen ou antre jèm mal la andedan femèl la, san li pa nan chalè se tan wap pèdi, paske, jèm nan, li pa ka kenbe pou anpil tan. Li gen plizyè bagay ladan ki fè li pa fasil men li kapab fèt kanmenm. Nou gen plizyè ti kabrit nan zòn Sid la, Rene te kwaze anpil femèl kabrit nan Sid la, e yo te gen yon bon rezulta. Si ou kwaze 100 femèl ak ensemínasyon atifisyèl ou ka jwenn 50% ki reyisi. Men si ou nan zòn ki gen pi bon tanperati ak materyèl ou ka rive jis nan 80% tou. Men isit si ou rive nan 50% li bon.

- 3) *Eske moun ki nan zòn Grandans espesyalman zòn fon dè nèg pa kapab patisipe nan pwogram Aklam genyen, nan zafè elvaj ak kredi?*

**Rep:** Pou le moman, li enposib, paske estaf nou genyen nan Aklam pa gen ase de moun, nou pa gen ase de finansman pou nou rive pi lwen. Men si gen kèk gwoup ki entere se nan ras amelyore, menm si nou pa ka jwenn yon ras amelyore pi. Ale nan biwo-a, mande ki kote nou gen pwogram nan, mwen panse nou ka fè yon fason pou ou ka achte yon 50 %.

- 4) *Mwen konn rankontre plizyè moun ap di sa, pastè kon pwedikatè, kwazman 2 ras bêt kòm egzanz cheval ak bourik sa pa nan Bib la, ki sa ou ka di nou sou sa?*

**Rep:** Tankou yon bourik ak yon cheval yon pa gen menm kantite kromozom, men n'ap jwenn sa ki soti nan kwazman se yon milèt, men milèt pa ka repwodui, men se yon bêt ki ka sèvi, li gen plis fòs, li kapab ale yon kote bourik ak cheval pa kapab ale, se yon bon bagay.

*Dr. Paul ap ajoute:* Mwen pa konnen si kesyon-an di ke, si yon bagay pa nan la Bib nou pa dwe itilize li. Gen yon pastè ki te conn di, ou pate jwenn elikoptè ak avyon nan la Bil, men sa pa vle di pou nou pa monte yo.

*Dr. Maskari ap ajoute:* Mwen kontan repons Dr Paul la. M'ap repon ak la Bib ankò. Sonje sa Dr Paul te di maten-an. Bondye kreye yo, e li di nou ke yo bon, se sa ki repons la pou mwen. Li pa nan la Bib, men mwen pa kwè ke gen yon seri de bagay, san prezans Bondye, mwen pa kwè nou ta ka fè yo. Pouki sa nou pa kwaze yon kochon ak yon bèf tou? Se paske Bondye pa pèmèt li fè sa. Si nou kwaze bourik la ak cheval la se paske Bondye vle, e li bon.

- 5) *Mwen konn tande lè nou kwaze yon bêt, yo di nou pa ba'l bwè menm jou a eske se vre?*

**Rep.:** Non, Fòk bêt la bwè dlo chak jou, menm si li kwaze, menm si li pa kwaze, li bezwen bwè dlo. Se pou li bwè 2-3 fwa pa jou.

- 6) *Mwen ta renmen konnen ki trètman nou ka fè pou maladi sigatoka nwa nan bannann?*



**Rep:** Mwen pa konnen, men mwen konnen nan nivo biwo IRIKA, avèk ekspè ke nou genyen, k'ap soti lòt bò, k'ap vin travay ak kèk ekspè ke nou genyen nan peyi-a sou maladi sa. Mwen konnen ke y'ap travay pou pote yon solisyon a maladi sa. Nan pwojè sa nou mande nan IRIKA, nou swete ke genyen yon sòt de fèy ki prepare, pou di men ki sa maladi-a ye, men ki jan li prezante, men kòman nou kapab rekonèt li, men koman nou trete li. Men mwen pa konnen koman yo fè sa mwen menm.

Nou te gen plizyè moun ki te mande enfòmasyon sou zafè òganizasyon ak adrès yo. Men, yon konsèy m'ap bay, pa chita ap tann yon òganizasyon rive bò kote-ou, pou ou avanse. Nou genyen moun nan konferans lan, ki gentan aprann anpil bagay, ou pa bezwen tann yon òganizasyon lonje yon kòb ba-ou. Ak fòs pa nou, nou ka rive byen lwen, ak plizyè pwojè. Petèt, nou ka mete tèt nou ansanm nan kominote-a, ranmase yon kòb, mete li ansanm, pou nou ka achte yon bouk amelyore pou ka avanse san tann yon òganizasyon rive bò kote-ou.



## 9) ROL E VAJ NAN YON AGRIKILT ENTEGRE

DR. PAUL RUDENBERG

Jodi-a n'ap pale de yon sijè ki enterese mwen anpil, se ide de fèm entegre. Sa nou vle di, n'ap pale de yon fèm kote ke tout bagay mache ansam. Nan yon fèm entegre, nou gen bêt, nou gen plant, nou gen konpòs, nou gen watè bêt. Tout bagay yo lye ansam, e tout vin yon bagay valab. Nan yon fèm entegre, pa gen yon elvaj ki valab san tout lòt bagay yo pa valab, menm fimye, dlo, tout bagay gen yon plas.

Si'm ta chache yon rezon teyolojik, yon rezon biblik, nou gen yon fèm entegre 2 kote. Yon premye kote, se nan jenèz 1, li pale de kreyasyon. Chak fwa Bondye pase yon jounen nan kreye yon bagay sou la tè, lè li fini ki sa li wè? Li wè'l bon. M'ap gade nan jenèz 1:20, Bondye di: "se pou dlo yo kale anpil bêt vivan, se pou zwazo yo vole nan syèl tankou anwo tè-a". Se konsa sa te pase. Bondye kreye gwo bêt lanmè yo, tout kalite bêt vivan k'ap naje nan dlo ansam ak tout kalite zwazo, Bondye gade sa li fè-a li wè'l bon. Sa vle di tout kalite bêt nan lanmè, tout kalite bêt anlè, Bondye fè yo, li wè yo bon. Li pa wè se bagay pou tiye selman, li wè yo bon. Apre sa Bondye beni yo, li di yo fè pitit, fè anpil anpil pitit, sa vle di Bondye beni bêt sa yo. Nan dlo lanmè-a se pou bêt yo fè anpil anpil pitit sou tè-a. Yon lannwit pase, yon maten rive, se senkyèm jou-a, se pou tè a kale tout kalite bêt vivan, bêt pou yo gade, bêt ki trennen sou vant, bêt nan bwa. Se konsa sa te pase, Bondye fè tout kalite bêt. Ni kabrit, ni bèf, ni zandolit, ni ensèk ki vole, ni koulèv, tout kalite bêt, li gade sa ki sa li wè? Li wè'l bon.

Nan agrikilti tradisyonèl nou wè gen kèk bagay ki bon, kèk bagay ki pa bon, nou eseye jete tout, swa boule yo, tiye yo, tout bagay sa yo. Men nan yon fèm entegre, nou eseye wè tout sa ki bon nan chak bagay, ki jan nou ka sèvi ak yo nan fèm nan. Si'm ta gade yon lòt ti bagay tou piti, paske toupatou nan la Bib, Bondye wè kreasyon li bon. Se pa de moun sèlman li pale nan la Bib, se tout kreyasyon k'ap tann retou Jezikri, tout kreyasyon ap soufri, e y'ap tann retou Jezikri pou libere yo.

Nou wè nan Sòm 98:7 "Se pou lanmè ansam ak tout sa ki ap viv ladan li pran fè bwi si tèlman yo kontan, se pou latè ansam ak tout sa k'ap viv sou li pran chante, tout ap chante pou Bondye. Se pou la rivyè yo pran bat men yo. Se pou tout timoun yo pran chante ansam, si telman yo kontan. Paske l'ap vini pou li jije tout moun sou la tè". Sa vle di yon koral. La nati se yon koral k'ap glorifye Bondye. L'ap chante, moun yo ap bat men, tout se yon koral pou Bondye.

Gen yon reliyon lòt bò, yo di Bondye nan tout bagay. Nou pa di yon pye bwa se Bondye, nou pa di yon mòn se Bondye. Men Bondye pa selman kreye



tout bagay sa yo, ensèk, watè bêt, tè, fatwa, zèb, raje. Li kreye tout, li pa selman kreye yo, li wè yo bon, e li sèvi ak yo pou glorifye li. Yo gen yon wòl enpòtan. Si nou gade yon fèm konsa, tout sa ki sou tè-a, tè-a menm, sòl la menm, jis rive nan pye bwa ki pi wo, ensèk ki vole anlè, tout se bagay Bondye fè tout se kreyasyon Bondye.

Ki jan li ka sèvi pou fè fèm nan mache pi byen. Nan yon fèm entegre, se yon kote sòl la se yon lò li ye. Watè bêt se yon medikaman, mikwòb se zanmi nou, dlo se yon siwo myèl li ye, e chak moso pay ou gen nan yon fèm se yon adoken, se lajan li ye. Watè bêt ou pa janm ka jete li, ou pase li, se yon medikaman li ye, pou tè. Mikwòb se zanmi nou, ou pa ka tiye mikwòb, paske ou bezwen yo. Tout se entegral, yo enpòtan pou fè yon fèm mache. Tout se kreyasyon Bondye, mwen pa di pa gen mechanste ladan li, paske genyen mikwòb ki mechan tou, men se pa tout ki mechan, e nou ka sèvi ak yo pafwa pou fè byen.

Nou ka di nan yon fèm entegral, dechè pa egziste ankò, kòm se veterinè mwen ye, e se nan elvaj mwen plis travay, m'ap kòmanse avèk watè bêt. Paske gen moun ki pè manyen watè bêt, gen kèk agwonòm ki pè manyen watè bêt, se yon medikaman li ye. Kòman li ka sèvi ak li? Nou konnen li ka fè konpòs, mikwòb yo atake'l apre 2 -3 mwa li vin rich ak azòt ke plant yo kapab sèvi. Li vin rich pou mete nan tè pou bay matyè òganik. E mwen sipoze ke agwonòm yo ka di-ou, li gen anpil lòt nitrian ladan li.

Pwoblèm nou genyen, se yon systèm elvaj ki fè ke bêt yo toujou gaye toupatou, pi devan n'ap gade lòt rezon, men se yonn nan rezon pou nou gade bêt nan pak, pa tout tan men se petèt leswa, nan kèk sezon ak nan jouk. Paske nou pa jwenn yo gwo lo medikaman pou nou kapab bay tè-a, pou amelyore li. Watè se bêt pa selman pou tè-a men nou genyen lòt bagay ke nou kapab fè avèl. Watè se yon gwo manje pou ti bêt nan dlo ki rele limon, gen lòt bakteri ki sèvi ak watè bêt. Yo fèl tounen manje pwason. Sa vle di, souvan ou bezwen achte manje pou pwason. Nan yon fèm entegral, ou wè resous sa, se pa yon bagay pou jete, se pa pou kite'l nan raje, ou bezwen li pou ou amelyore tè, ou bezwen'l pou etan pwason.

Nou gen yon twazyèm bagay Agwonòm Koudo se yon bòs ladan li. Se afè biyogaz, watè bêt kapab kit manje. Nan sant IRD kote Agwonòm Koudo travay, nan Biyogaz ak plizyè lòt moun, yo kwit manje chak jou avèk biyogaz, yo pran watè kochon, yo mete'l nan basen, yo pranl nan basen sa, yo tou vide'l nan yon tank epi bakteri yo dijere'l, yo dekonpoze li, epi se gaz ki soti, nan lang angle yo rele li metan, gaz sa kapab kwit manje, li kapab bay limyè, li ka fè delko mache. Ou ka rete byen lwen andeyo, ou pa bezwen yon ponp gazolin, si ou gen anpil watè bêt.

Nan yon fèm entegral, nou sèvi ak watè bêt pou fè tout twa bagay sa yo, se yon medikaman, se yon resous li ye. E sa se pwemye resous mwen te vle pale de li nan zafè fèm entegre.

Dezyèm bagay nan yon fèm entegre, se konnen ak respekte sa yo rele mikwòb. Nou konnen tout moun bò isit konnen sa yo rele mikwòb. Mikwòb se yon bagay ki trè piti, nou paka wè yo men yo la. E nou gen anpil etid ki fêt pou montre vrèman yo la. Lè ou gripe depi ou touse sou yon lòt moun, moun nan vin gripe tou, pouki sa? paske mikwòb soti nan bouch ou li al jwenn yon lòt moun, li antre nan gòj lòt moun, li vin jwenn yon kote pou li antre, li fè lòt moun gripe tou. Yo gen mikwòskop espesyal yo ka wè viris yo, yo gen lòt mikwoskòp pou yo gade bakteri. Ou konnen mikwòb yo egziste, men yo trò piti pou ou wè yo ak je nou. Ki ès kite kreye mikwòb yo? Satan? Se Bondye ki kreye mikwòb.

Bondye te kreye mikwòb petèt apwè Adan ak Ev te tonbe soti nan jaden-an, gen mikwòb ki vin mechan, ki bay anpil maladi. Men gen yon pakèt mikwòb ki bon pou nou. Mwen pa konnen si gen moun isit ki konn pran gress penisilin ou byen anpisilin. Konbyen nan nou ki konnen ke se ak mikwòb yo fabrike penisilin. Se ak yon mikwòb yo fabrike li. Se yon moun ki t'ap travay nan yon laboratwa, li gen yon moso pen, mwen pa konnen egzakteman koman sa rive. Madam li bay li yon sandwich petèt, li pate renmen sandwich, li kite'l la pou 3 -4 -5 jou, apwè sa sandwich la gen yon bèl ti bagay nwa sou li. Ki sa, sa te ye? Se yon chanpiyon. Chanpiyon gen tan kanni pen-an epi pandan l'ap jete li, kèk ti moso pen tonbe kote l'ap kilitve mikwòb, ak bateri, paske moun sa nan labowatwa ap kiltive bakteri. Kounye-a la kote l'ap kiltive bakteri sa yo, apre kèk jou li wè kote pen-an te tonbe a, bakteri yo mouri, li paka viv la anko. E se konsa yo te dekovri penisilin. Se yon mikwòb ki viv sou pen ki fè penisilin. Sa montre ou ki jan mikwòb se yon bon bagay.

Mikwòb se pa yon bagay ki mechan selman. Anpil moun sou la tè gen tan trete avèk penisilin. Avan te gen penisilin, anpil anpil moun mouri avèk gwo enfeksyon nan kò yo. Mikwòb kapab fè anpil lòt antibiotik ke nou genyen, menm remèd vè tou, ke nou sèvi nan elvaj ki rele Idromèk, se yon mikwòb ki viv nan tè, nan sòl, ki fè Idromèk la. Kounye la, la syans aprann nan men mikwòb ki jan pou fèl, kijan pou amelyore'l, pou yo kontinye avèk li.

Ki lòt bagay mikwòb fè nan yon fèm entegre? Ki jan mikwòb yo enpòtan? Pwemye bagay, nou te pale de dechè bét. Si ou pran watè bét ou kite'l la, nan yon pil avèk lòt konpòs nan yon twou. Apwe 2 mwa li tounen yon angrè. Ki sa ki fe'l tounen angrè? Nou tout konnen se mikwòb. Gen mikwòb ki pran fib, ki nan watè, ki pran fib ki nan plant, li dijere li, anzym iadan'l dijere'l fèl tounen yon nitrian ki kapab bon pou tè. Nou gen lòt mikwòb ki pran nitrat ki fèl vin tounen azòt, ki kapab yon angrè pou tè-a. Gen lòt mikwòb ki pran lòt eleman yo, fè vitamin avèk yo, yo mete nan konpòs la. Mikwòb fò nan fè vitamin.

Yon dezyèm mikwòb ki bon, se mikwòb sa yo nou jwenn nan konpòs, nan pil konpòs la nan fèm nan, e sa se yon bagay nou ponkò wè ase nan peyi-a nan zafè konpòs la. Se tankou mwen wè an Ayiti gen anpil moun ki fè alèji nan fè konpòs la. Moun toujou renmen alimèt anpil, apwe yo fin genyen anpil ane ap travay sou sa, alimèt ak dife yo renmen'l anpil anpil nan peyi-a. Men gen yon lè sa



pwal chanje, nou pral wè 2-3 pil konpòs kay chak kiltivatè, la yap pwodui medikaman. Medikaman pou tè-a, men se mikwòb ki pral ede yo fè'l.

Gen yon twazyèm mikwòb, ki bò li ye? Li nan gwo pans bét yo, mikwòb ki viv andedan pans bét la, nan riminan yo, bèf, mouton, kabrit. Gen mikwòb tou nan cheval, se pa nan gwo pans li, men se yon lót kote yo rele sekòm. Tout mikwòb sa yo, yo fè yon lót travay nan dijere manje. Fib ki nan plant yo, lignin ki nan plant yo paka dijere, bét la paka dijere li, se mikwòb la ki dijere manje-a, li fèl tounen proteyin ak amidon, pou bét yo ka sèvi, si ou ka fè vyann avèk li. Si ou pat genyen mikwòb nan gwo pans la, si ou ta bay yon bét anpil antibiotik. An nou pran yon egzanp, si ou ba li 6 a 8 gress anpisilin chak jou, 2 fwa pa jou, pou 5 jou, apre sa tout mikwòb gentan mourir, se bon bagay wi! Sa bon nèt. Men se pa bon ditou paske lè li fin touye mikwòb yo, bèf la paka fè anyen ak zèb la, l'ap manje zèb l'ap moulen li nan bouch li, men li p'ap ka dijere li, paske zèb la gen anpil fib ladan li, sil pa gen mikwòb li p'ap ka dijere li.

Ki lòt kote nou jwenn mikwòb? Nou te pale nan etan pwason-an, ki gen yon pakèt mikwòb. Ki sa yo fè? Yo pran tout kalite dechè. Lagonav yo menm pran fèy Oliv, yo lage yo nan dlo, gen kote yo lage watè bèt nan dlo, gen kote yo lage tout kalite bagay ki soti nan kizin, yo lage yo nan dlo. Pwason paka manje yon moso bannann, men gen mikwòb ki dekonpoze li, e li pwodui nitrian e nitrian sa yo, se manje pwason yo ye.

Mikwòb ki nan etan pwason an ou bezwen jere'l byen pou li pa twòp, men fòl gen ladan. Mwen pa konnen si nou ta fè yon eksperyans, nou ta pran yon dlo kouligann ki trete, kote ke ou touye tout mikwòb ladan'l, e nou ta vide kèk nan dlo sa a, nan biyogaz la, nou ta plen yon basen pwason avèl, vide rès la nan konpòs la. Nou ta wè ke mikwòb nan twa kote sa yo ta mouri, nou patap ka fè konpòs, pwason yo te ka mouri paske yo pa jwenn ti limon yo, pou yo manje epi ou pa t'ap prensip, yon fèm entegre dwe respekte mikwòb.

Gen yon lòt kote lè mwen te vizite peyi Honduras kote Dr. Phil t'ap pale de fèm entegre, kote yo fè anpil fromaj, e moun ki konn fè lèt kaye ak yogout, yo konnen ke yo bezwen yon ti bèt pou fè fwomaj la ak lèt kaye-a ki rele mikwòb. Si pa gen mikwòb ou pa ka fè'l. Se mikwòb la ki fè yogout la se li menm ki fè fromaj la tou.

Nan fèm sa, madanm nan te gen 2 ou 3 bèf, yo te tire yo chak jou, yo te abite nan kay la. Te gen yon lòt kay ak yon lakou nan mitan, se la bèt yo te ye. Te gen yon bèl ti pafen nan kay sa, paske tèlman bèf yo te pre kay la, tankou yon manb fanmiy yo te ye, se te vrèman yon fèm entegre. Vach yo te la pre kay la, yo al chache manje pou yo, mete nan yon manjwa la, pre kay la, epi se la yo tire yo, yo pran lèt la, yo fè fromaj avèl.

Lè yo fè fromaj, bakteri fè fromaj la pou ou, li kite yon bagay ke yo rele dlo lèt (koròy). Ki sa yo fè avèk dlo koròy sa, yo bay kochon manje'l, li gen protein



ladan li, li fè kochon vin pi gra. Kounye-a, kochon yo fè watè, yo fè watè-a al nan yon ti tiyo, lale nan etan-an. Apre sa, etan an bay limon, mikwòb nan etan manje watè-a pou fè manje pou pwason. Pwason ap viv, lè yo bezwen pou yo al nan mache, yo pran pwason nan etan. Gen kote lè ou soti nan etan pwason-an avèk tout watè pwason, avèk limon, avèk kèk watè bêt tou, ki bò li ale? Se nan yon jaden. Jaden sa se kann, bannann, ki ladan li. Sa vle di kòmanse avèk bëf la, pase nan kizin nan, fè fromaj la. Bay dlo lèt la nan kochon, kochon sèvil de vyann, men gen yon mwatye ki soti, Mwatye sa al nan etan pwason, limon manje'l, yo fè manje pou yo, dlo a ale nan jaden, epi yo pwodui bël bagay nan jaden -an. Apre sa, ki sa yo fè ak pay ki soti nan jaden? Yo fè fimye avèl. E lè yo gen pay kann sa yo fè avèl? Y'al bay bëf la. Se pou wè koman chak bagay sèvi pou yon lòt, nan fèm nan. Paske tout sa Bondye kreye li bon, Bondye wè li bon. Pa gen dechè, pa gen bagay pou boule, pa gen bagay pou jete nan yon fèm entegre.

Men genyen mikwòb ki mechan tou, nan fèm entegre, petèt ke mikwòb sa yo ponkò tande levanjil la. Yap tann lè Jezikri vini. Tout moun ki travay nan jaden veterinè, ap konnen mikwòb mechan yo.

Kòman nou pra'l jere yo? Se afè vaksen, ki pi enpòtan. Paske depi yo kite bêt yo malad, se vaksen. Mwen konn pale anpil ane de sa, vaksen ki pi enpòtan isit nan peyi-a, se pès pòsin pou kochon, chabon pou preske tout bêt fèm yo. Paske nou gen anpil chabon nan anpil zòn nan Ayiti. Vaksen Wouj pou kochon toujou, epi yonn ke nou ponkò byen sèvi ak li nan peyi a se vaksen tetanòs, pou tout eken yo. Tout cheval, bourik, milèt, vaksen tetanòs ka sove anpil nan bêt sa yo. Kounye-a la, se plis ke 300 - 400 dola milèt yo ye, mwen kwè se 1000 - 1400 dola ke yo ye. Vaksen koute 2 - 3 dola.

Vaksinasyon se ki jan nou jere li nan zafè mikwòb, nan yon fèm entegre? Koman nou jere mikwòb ki atake plant? Mwen konnen yon bagay ladan li, se semans amelyore. Epi mwen tande yon moun pale de sa, ki se asire ke konpòs la gentan dekonpoze. Si li pa gentan dekonpoze wap genyen mikwòb ki atake plant yo. Men si ou kite konpòs la dekonpoze, ou sèvi ak semans amelyore, plant yo ap reziste ak mikwòb yo.

Katryèm bagay nan yon fèm entegre, nou dwe jere dlo byen, paske se yon siwo myèl ke li ye, nou pa kite yon gout gaspiye. Si mwen ta vle pale koman pou nou jere dlo nan fèm, mwen t'ap pale pou yon jounen nèt. Se pa selman fouye yon pi, se pa selman konstwi yon sitèn. Ki sa ki gen nan jere dlo? Premye bagay, ou bay bêt ou ase dlo, paske si ou pa bay ase dlo, yo p'ap grandi byen. Yo p'ap ka dijere manje. Eske gen moun isit ki kapab manje 2 plat diri ak sòs pwa san li pa bwè yon gode dlo? Non. Antouka bëf yo bezwen anpil dlo. Pou tout fonksyon nan kò bêt la ou bezwen dlo. Ou bezwen elve yo, pou jwenn bon sous dlo.

Pou kisa la pli tonbe nan pik makaya? Se paske pye bwa konn rale dlo. Sa vle di pye bwa konn pran nyaj. Tòbèk, Lakil, Laravin, Rivyè jèmi kote gen anpil pipirit, ak plizyè lòt rivyè, e byen se zòn nan ki gen pye bwa. Nan yon fèm lè ou



genyen bwa, li fè o mwens 3 bagay. Yonn, li ka rale dlo pafwa, si li ase wo. Dezyèman, lè lapli tonbe, lè li tonbe sou pye bwa ki sa pye bwa yo fè? Li fè dlo a tonbe pi dousman. Li fè dlo a pa kraze tè-a. Lè lapli tonbe fò sou tè-a, li tèlman tonbe avèk fòs, li fè tè a antre nan dlo-a epi dlo-a ale avèk tè-a. Men lè ou gen bwa anlè tè-a, dlo a tonbe nan tè-a, li fè ti gout ti gout, dlo a tonbe, e li pa kapab fè tè-a antre nan dlo-a. E pi lè li tonbe pi dousman konsa, li pran plis tan pou tonbe soti nan pye bwa. Li pa kapab fè lavalas, paske dlo a antre nan tè-a pi byen. Twazyèm bagay nou konnen rasin yo kenbe dlo-a, pou dlo-a rete nan tè-a. Nan jere dlo, pye bwa se yon jesyon dlo ke li ye pou tè nan fèm entegre.

Ki lòt bagay, nou kapab fè pou jere dlo, se afè konpòs, nou gen anpil systèm kounye-a nan peyi-a. Pou antre konpòs andedan tè-a, nou gen yon systèm nou sèvi nan Nòdès, kote moun MCC ki abitye travay, yo pran yon pakèt fimye, nou pandan y'ap travay tè-a, yo mete tout fimye, tout pay, yo mete yo andedan. Yo fè yon bagay tou long, yo rele li yon terapi ke yo fè avèk yon vesò machin. Yo fè yon rou long, yo rele li terapi, yo antre tout pay andedan tè. Pay la valab kòm konpos. Men pay sa li jere dlo. Li kenbe dlo nan tè-a.

Nou gen plizyè lòt bagay, nou ka pran tout lajounen-an pou nou kapab pale kòman ou ka jere dlo nan fèm. Dlo soti nan kizin, li ale nan jaden, dlo soti nan etan bét, li ale nan jaden, jaden gen misèk, li genyen bagay vivan, tout sa se fason pou kenbe dlo nan jaden. Nou gen anpil travay pou fè pousta, nan zafè fèm entegre.

Senkyèm bagay nan yon fèm entegre, sól la se yon lò li ye. Tè-a se pi gwo resous nou genyen, ni plant, ni bét yo, viv avèk sa ki nan tè. Nan kou veterinè mwen toujou pale de yon mineral yo rele seleniòm, mwen pale de yon lòt yo rele fosfò. Seleniòm nan afilye ak yon vitamin ke yo rele vitamin E. Men se seleniòm ki se yon mineral ki nan tè-a ak fosfò ki se yon mineral ki trè enpòtan nan tè-a.

Anpil zòn nan Ayiti, Latibonit, kèk zòn nan Sid, plizyè lòt zòn manke 2 eleman sa yo nan tè. Ki fè nou bezwen mete yo ki fè nou kapab si ke bét nou yo jwenn yo. Ou byen bét yo, nou ba yo yon lòt sous de fosfò, nou bayo yon lòt sous de seleniòm pou asire ke yo jwenn li. Men si nou jere tè-a, si nou wè tè-a se yon lò li ye, eske wrap kite tout lò pa ou, tout bijou pa-ou, nan ravin bò lakay ou kote lò li ye, eske wrap kite li ale? Paske ravin nan ap ale avèk li. Si ou dlo konn pase? Si ou pap fè sa pou kisa? Paske ravin nan ap ale avèk li. Si ou wè tè ou se yon lò li ye, eske wrap kite li ale? Kòman ou pwal pwoteje li, koman ou pral anpeche volè pwani ale avèl.

Dènye bagay ke mwen kapab ki sou fèm entegre, lage bét enposib, menm nan sezon sèch li enposib. Pouki sa? Paske ou pa gen yon fèm elvaj ankò, ou gen yon fèm ki bezwen ni bét, ni jaden legitim, nan zèb ke ou gentan plante, nan baryè vivan, ni zèb ginen ou plante andedan jaden -an, ni tout ti pye bwa, tout fwi, tout bagay ou bezwen yo. Ou p'ap kapab lage bét nan fèm sa. Li enposib. Si ou vle gen yon fèm entegre, wap achte kòd, wap fè yon pak, wap mete bét nan pak leswa, lajounen wap mare yo nan patiraj, ou byen nan baryè vivan ou byen lòt kote ke wap bayo manje.



Nan lòt peyi gen yon systèm pou mete bêt yo nan pak, tout lajounen, tout lanwit, yo rele sa zero patiraj, zero gazonnen pa pou Ayiti. Mwen pa kwè nou ka kenbe bêt nan pak toutan, pose ase manje pou bayo. Gen 2 rezon:

Yonn se paske nou p'ap gen tan pou pote manje pou yo tout lajounen, tout lanwit. Bêt yo p'ap jwenn ase manje yap vin mèg epi yo pwal rete nan ti pak, y'ap gen plis parazit e yon konn megri. Mwen kòm veterinè, mwen rekòmande pou lajounen bêt yo mare nan bon patiraj pou gen tan plante, lannwit la ou mete yo nan yon pak, kote yo gen ase manje pou yo manje tout nwit la, yo gen dlo e yo gen sèl. Sa se systèm elvaj mwen panse k'ap mache byen nan yon fèm entegre. Men lage bêt enposib.

Kòman nou pwal jere resous bêt? Gen 3 - 4 fason pou nou jere resous bêt. Plante bwa ke bêt ka manje. Nou tout konnen se lisena, kalendra, glirisidya, tchatcha, olive, yon pakèt bwa ke bêt renmen manje. E menm nan sezón sèch, pye bwa sa yo gen rasin ki fon nan tè-a, yo ka jwenn dlo, yo bay fèy. Si nou gen ase manje nan ranp vivan se yon dezyèm systèm pou asire nan sezón sèch kote nou pa bezwen lage bêt. Twazyèm, se asè ansilaj ou byen fwen, fòk ou wè ke moun kapab fè anpil fwen nan peyi-a. Zèb sèch ou bezwen kouvri li, fòk ou gen yon systèm ki pa koute chè. Fòk ou kouvri zèb sèch pou lè lapli tonbe pou pa gate yo. Nou ponkò abitye ak systèm sa, men nou kapab fè ensilaj.

Agwonòm Maturin ki travay nan zòn kanperin, nan fèm levi konn apwann moun fè ensilaj. Yon gen yon systèm yo sèvi ak zèb, koupe yo an ti moso, avèk yon kantite dlo, ak yon kantite ire. Ire se sa nou sèvi nan jaden, se yon azòt li ye. Ou melanje ire, dlo ak zèb, se tankou yon vinèg ke wap fè, men mwen pa konnen ki pouvantaj ke li ye. Li kimen tankou yon vinèg kimen, men mwen pa konn si li pike paske mwen pa konn goute li. Apwe 2-3-4 mwa bagay la pa dekonpoze vit, li dekonpoze men se toujou manje bêt.

Lakay mwen ak nan peyi Alman, yon konn fè ansilaj chou, se pa pou bêt manje, men se pou tout moun manje. Yo pa mete ire, men yo mete dlo ak sèl ak chou, kite'l kon vinèg, apre plizyè mwa yo manje li. Men pou bêt, yo pa sèvi ak chou, yo sèvi ak zèb, dlo, ire, nan yon droum. Lè li fin prepare, ou kouvri li yon kote pou li konsève. Ou kwè kounye-a la, li genyen plis proteyin plis azòt pase zèb la. Li amelyore valè azòt ke ou genyen nan manje-a. Se yon systèm zèb la. Li amelyore valè azòt ke ou genyen nan manje-a. Afè pye bwa ke konsève. Se twa bagay mwen konnen men genyen plis toujou. Afè pye bwa ke bêt ka manje, afè ranp vivan, afè konsève fwen avèk ansilaj. Pou nou ka fini avèk sitiasyon lage bêt nan sezón sèch.

Mwen pa wè koman nou ka avanse avèk fèm an Ayiti, si nou pa fini avèk sa yo rele systèm lage bêt nan sezón sèch. An nou eseye mete systèm fèm entegre an Ayiti, m'ap aprann ni aktyèlman. Mwen te vizite Honduras, kote yon pakèt fèm entegre: kote ou wè yon kay, yon tonèl ki gen kochon, yon bèf, yon ti etan, yon pil konpòs, yon ti kay kote yo fè fwomaj, ou wè tout ansanm, sa se kòmanse fèm entegre-a. Motive nèt sou ide sa. An nou eseye entwodui ide sa an Ayiti, paske li deja la. Moun sèvi ak sa yo jwenn. Men ou te k'ap sèvi ak dechè yo pi byen, sól



la pi byen, dlo a pi byen. Pou nou kapab mete yo ansanm pou vwèman tout bagay nan fèm nan kapab glorifye non Bondye. Paske se sa nou vle fè ak la vi nou.

### Kesyon

- 1) *Nan yon fèm entegre ki gen anpil pikan tankou Bayahonn, koman nou ta dwe elimine sa nou pa brile yo?*

**Rep:** Bayahonn se yon bon bagay, nou kapab mete li nan lakan kay ou, pou kapab fè yon bon barikad pou bêt pa antre ladan li. Ou paka mete'l nan mitan tè-a. Kòm mwen pa Agwonòm mwen paka ba ou yon repons konplè.

- 2) *Nan fèm entegre, kijan pou nou pwerare konpòs e apwe konbyen tan li kapab bon?*

**Rep:** Me kijan mwen fè konpòs lakay mwen. Mwen renmen fouye yon twou ase fon, 4-5 pye konsa, mwen mete yon kouch dechè kizin, mwen konn mete yon kouch lesena, yon kouch watè bêt, watè kochon epi tanzanta nou wouze li ak dlo paske si li trò sèch, ou paka fè konpòs, mikwòb yo paka viv ladanl. Konsa apwe yon bon ti tan ou vire li, pafwa mwens 6 semèn, 2 mwa ou ka fè yon bon konpòs.

Gen konpòs ki fèt sou tè tou, si ou yon kote ki gen anpil dlo, ou pa fè li anba tè, paske ou gen dwa fouye li e depi ou fin fouye li, li nan dlo. Konpòs la bezwen dlo pou alimante li. Men si li yon kote ki toujou chaje ak dlo li pa ede travay konpòstaj la.

- 3) *Nan kad pwoteksyon bêt, eske ou dwe pran yon bèf, fèl travay, rale chari nan solèy? Eske apre sa ou ka manje vyann bèf sa?*

**Rep:** Afè travay tout lajounen nan solèy, bèf yo vin abitye ak sa. Mwen ka di ou, lè mwen wè bèf chari nan klinik li sanble bèf ki pi anfòm nan tout bêt ke mwen wè nan klinik yo. Yo an sante, yo trè miskilè, sanble yo manje byen. Nou ka di ke yo gen yon Ras ki fèt pou travay konsa, e yo ka fèy byen. Pou afè bat, gen yon teknik ke mwen te aprann nan men Agr Waynes, mwen konnen gen yon teknik pou waprann bèf yo pou yo travay, si waprann yo byen ou pa bezwen bat yo. Genyen yon mo pou agoch, yon lòt pou adwat, yon mo pou kanpe, yon mo pou ale, bèf yo kapab aprann chak mo sa yo. Tout sa se yon antrènman, se pou antrene yo byen.

Pi gwo pwoblèm nan bèf sa yo, se lè ke ou vire yo nan tè-a, chèn nan konn frape pye yo, yo konn gen gwo blesi pou pye yo. Tout moun ki gen bèf chari, dwe gen bon medikaman pou mete sou pye bèf sa yo, netwaye yo avèk antisептиk, epi lè y'ap sèvi ak chari-a, se pou yo leve'l, lè nou rive nan kwen. Tout sa se bagay Agr. Waynes te montre nou, pou leve chari-a yon jan poun



chèn nan pa fwape pye yo. Sa ki enpòtan ankò, se pa travay anpil fwa nan semèn nan, epi bayo gwo plant manje pou yo manje tout nwit la.


Kote mwen travay se yon òganizasyon ke yo rele HEIFER International, Heifer se yon mo an anglè ki vle di yon gazèl epi li la nan Ayiti pou ede avèk elvaj. Nou toujou enterese, nan gwoup, asosyasyon sou teren-an, asosyasyon elvè, kiltivatè, moun nan legliz ki enterese nan elvaj, pou yo kontakte nou. Pafwa nou ka ede kèk ladan yo ak fòmasyon ak kèk lòt bagay nan domen nan. Domen nou se elvaj menm. Ou kapab ekri nan Adrès sa;

Dr Paul Rudenberg, B.P. 113, Okay, n'ap reponn a sa ke ou mande nou-an. Mwen kwè ke tout moun la se teknisyen nan Domen Agrikilti ak elvaj. Si nou vle ede lòt moun nan domen agrikilti ak elvaj, fòk ou fè elvaj, ou pa kapab ranje systèm elvaj nan peyi sa, sof si ou bay egzanp de pi bon elvaj la, se pa egzanp yon moun plis aprann. Se pou ankouraje lòt moun nan zòn pa ou ki vle progrese nan elvaj, pou yo ka sèvi kòm modèl nan zòn pa ou. Menm jan ou ka di ke Jezikri te sèvi kòm modèl pou Pèp Izraèl, ou menm tou, ou ka sèvi kòm modèl, nan travay ou fè nan elvaj, pou lòt moun kapab aprann bon teknik ladan'l.

"Moun ki travay jaden ap jwenn manje pou yo manje plen vant yo" Proverb 12:11



## TWAZYEM PATI





## 10) L'EVANJILE AK DEVELOPMAN

### PASTEUR FRANTZ CLOTAIRE

1Pierre 4:7-11: Men sa li di nan Bib Kreyòl la: "Tout bagay prêt pou fini, se pou nou kenbe têt nou an plas. Veye kò nou pou'n ka lapryè. Pran tout bagay, se pou nou yonn renmenn lôt anpil. Paske lè nou renmen, sa fè Bondye padonen anpil peche. Se pou nou resevwa yon lôt lakay nou san plenyen. Chak moun dwe pran kado Bondye bayo-a pou yo rann lôt yo sèvis. Konsa tankou bon jeran, na pran kado Bondye yo, ki divès kalite, na fè yo travay. Si yon moun ap pale, se pou'l pale tankou se Pawòl Bondye li t'ap di. Si yon moun ap rann sèvis, se pou'l fè'l avèk fòs Bondye bali. Konsa nan tout bagay, Louanj lan va pou Bondye. Gran mèsi Jezikri. Se pou Jezikri tout louanj, ak tout pouvwa pou tout tan. Amen"

Ti koze mwen ta vle fè avèk nou maten-an se sou sa mwen ta rele **sèvitè de la fen**. Ane sa mwen te gen privilèj pou'm te gen 40 lane. Nan lang anglè-a, pafwa yo di, moun nan li rive sou têt mòn nan, kounye-a la se desann l'ap desann. Chak lè mwen te konn gen fèt mwen, mwen pat janm santi'm diferan. Gen moun ki te dilm, lèlm te gen 25 lane, kòman mwen te santi'm? Men lè mwen te genyen 24 - 25 lane, mwen pat santi mwen chanje, mwen pate wè trò gran chanjman. Men sa te diferan ane sa. Toutakou, mwen gade, mwen santi'm genyen yon sans ki fèm wè ke lavi-a kout. Paske mwen sonje lè mwen te gen 15 a 20 lane, yon moun ki gen 40 lane, mwen te panse se te yon vye granmoun li te ye. Men kounye-a la, mwen wè se mwen menm ki gen 40 lane. Menm ke, ou menm ou wè ou jèn kounye-a la, ou wè tan ap pwoche, li pwal parèt sou ou.

Konsa la vi'a gen yon sans de brièvte ladan li, se yon kout zeklè. Ou wè nou la jodi-a, monchè, talè nou pwale. Konsa, ouvrye ou byen sèvitè de la fen, ou dwe gen konsyans nan sa. Ke tan sa, ke li genyen l'ap viv sou tè sa, se yon tan ki limite. Si li limite, nou dwe profite de li menm. Pa egzanp, nou konn sa yo rele foutbòl, Ayisyen renmen sa anpil, mwen te kapab di, sèl jwèt ki egziste an Ayiti se Foutbòl, ke yo rele O Zetazini, Soccer. Sa ki genyen nan foutbòl la, yo ba ou 90 minit pou jwe. Nan 90 minit sa, si ou bezwen make gòl, se lè sa pou make gòl la. Si 90 minit sa, li pase, abit la soufle, sa vle di li fini, ou konnen gen yon gòl ke yo rele gòl bisiklèt, nèg la kite kan dèyè'l, li fè yon depye kole anlè, ou tandem balon an nan filè-a. Ou te mèt fè 10 gòl konsa, depi 90 minit la fini, ou konn sa sa vle di? Sa vle di zero, li pa di anyen pou ou menm.

Kounye-a la, nou konnen peryòd ke nou genyen pou nou jwen balon an pou ou menm se 40 lane, pou yon lôt se 50, gen lôt moun se 70, pou sa ki pi prekòs yo li ka 80 a 90. Gen moun ki menm rive nan 96, sa vle di li gen 96 lane pou li jwe match foutbòl li a. Konsa nou menm nou dwe profite de tan sa-a, pou nou make gòl, paske gen de moun se etan yo nan machin kout souflèt la fini. Gen de moun



k'al dòmi aswè, etan yo nan kabann yo, yo tande kout souflèt yo sonnen, sa vle di match la fini pou moun nan. Gen de moun se pandan yo sou motosiklèt. Li vini nenpòt ki jan, e li pa anonse ou lè l'ap vini. Konsa nou dwe pwofite. Ouvrye la fen yo dwe profite de tout okazyon ke li genyen. Sa vle di, si nou gen yon gòl pou nou make, se kounye-a pou nou make'l.

Gen de moun petèt k'ap tann, yo di gen yon bagay ke yo rele pigatwa, si'm pedi chans mwen la, gen dezyèm tou, kòm yo konn di nan elekson. Gen dezyèm tou, ou byen si ou pèdi chans ou la wap jwenn yon chans nan pigatwa. Monchè, mwen pa konseye yon nèg al pran chans sa, se depi kounye-a la pou ou profite. Poukisa? Tout bagay prêt pou fini. Sa se yon premye lesон ke ouvrye de la fen bezwen pran konsyans de sa. Ke tout bagay gen pou fini, la vi sa gen pou fini. Kouraj ou genyen gen pou fini. Mwen sonje lè mwen te piti, mwen te konn moute mòn ale andeyò, m'al nan mango, epi mwen pat janm santi mwen bouke, kounye-a monchè, se pa blag non! Nou gen yon ti pwojè anwo nan zòn bò platon, lè pou ou ale anwo sa mezanmi, ou bat mòn, mwen konn wè jenn gason, yo annik pase sou mwen konsa, yo ale. Mwen menm mwen gen yon ti jan ap rannafle. Sa montre mwen ke la fen an kòmanse ap peze sou mwen.

Menm jan ti gason an te konn kouri kòm lanj, file kòm yon flèch, sa paka rive ankò, mwen santi ke lafen-an kòmanse peze sou mwen. Sa vle di, pandan ou wè ou gen chans kounye-a, pandan ke ou jèn, pandan ke ou wè ou gen souf, nou dwe profite de okazyon an, pou nou fè tout sa ke nou kapab. Menm si se pa lanmò, gen de bagay ou p'ap ka fè pita, paske ou gen yon jan laj kòmanse antre sou ou, li ralanti-ou. Konsa nou dwe profite de okazyon an, pandan ke nou gen tan. Pandan nou genyen tan an nou profite de li, paske tan la fen an, li pròch.

Gen sa nou rele priorite de la fen, si yon nèg ap jwe yon match foutbòl la, li konnen ki valè tan li genyen, li gen priorite li. Ou konn sa ki priorite li, se fè gòl. Kòm nou renmen foutbòl anpil isit, gen yon foutbòl ke yo te rele lontan, foutbòl ti tonton, sè lè moun nan pran boul la, li fè chèlbè, li vire, men si ou lwen kan moun nan ou mèt fè tout sa ou vle ak boul ou. Se kòmsi, mwen te ka di, se pou van wap travay. Si yon nèg nan kan mwen la, mwen kanpe, ou jis lòt bò ou kanpe ou pran travay. Si pa di anyen non, nan yon match foutbòl. Sa se yon moun ki pa konn ki sa ki priorite li. Men moun ki konnen priorite li nan yon match foutbòt, depi balon an nan kan pa li-a, kote'l vle'l, se nan filè lòt gòl la. Balon an li pouse'l, se konsa ouvrye de la fen an li dwe etabli priorite li. Priorite li se make gòl. Priorite'l se veye kò nou, pou nou ka lapriyè. Sa vle di paske lafen an pre, nou dwe chache Bondye.

Ki sa lapriyè-a ye? La priyè-a se chache Bondye. Priorite de la fen se chache Bondye. Paske tan prêt pou fini, se pou chache Bondye. Lè ou kwaze avèk moun nan lari, si ou pase nan estasyon pòtopwens la. Wap wè moun yo deyò, moun yo ap bat kò yo, moun yo swe, moun yo ap monte desann, taksi ap kwaze. Sa vle di moun yo gen yon bagay y'ap chache. Men anpil fwa moun yo ap kwaze.



chache isit, y'ap chache lòt bò, y'ap chache devan, y'ap chache dèyè, y'ap chache anlè, y'ap chache atè. Men vrèman, sa pou yo chache-a, yo pa chache'!

Paske tan an kout, konsèy Bib la bannou maten-an, sa li bannou kòm premve priorite nou bezwen chache Bondye.

Dezyèm priorite ke nou bezwen, Bib la bannou, paske tan an kout. Nou di nan match foutbòt, priorite nou se fè gòl, se pa fè bwòdè, se pa vire won, se gòl, se priorite ou, paske tan an kout, li se 90 minit ou byen se 40 lane, ou byen se 50 lane. Non sèlman ou bezwen gen kèm priorite ou, se chache Bondye, li di ou nou dwe envesti nan moun. Ki jan? li di avan tout bagay, se pou nou yonn renmen lòt anpil. Sa, daprè mwen se envesti nan moun. Ou konnen Bondye pa trò enterese nan zafè gwo batiman, pa egzanp gen de legliz ou parèt iadan yo, li bon, li gen yon bèl tanp, li bon.

Pa egzanp O Zetazini gen yon tanp ke yo rele "kristal Catedral" se yon tanp ki fèt an vè, lè ou rete ou gade ou wè reyon solèy ap frape ladan li, li bél. Ou preske vle mande, eske lè ou rive nan syèl la, se konsa li pral ye, tèlman bagay la bél. Men ou konnen Bondye pa tèlman enterese nan bél bagay ke ou genyen, gwo kay ke nou genyen, gwo machin ke nou genyen, men ou konnen nan ki sa li enterese? Li enterese nan moun, se sa ki fè ou wè Jezi, avan li te ale li di nou: "Ale toupatou nan le mond, preche bòn nouvèl la, fè disip. Li pat di nou ale toupatou nan lemond, fè gwo batiman, li pat di nou ale patou lemond achte gwo machin. Men li di fè disip. Ou konn sa fè disip ye? Fè disip la se envesti nan moun.

Pasaj la di nou, paske tan kout, avan tout bagay, se pou nou yonn remen lòt. Renmen lòt vle di envesti nan lòt. Li ba nou kèk aspè pratik pou nou fè'l, gen moun ki di renmen, kòm si mwen ta di se yon bagay teyork. Men ki jan li montre nou, pou nou renmen. Li di nou, lè nou renmen, gen padon peche, lè ou renmen yon moun, ou kapab padonnen moun nan. Ou pa kenbe li sou kè-ou. Lè yon bagay pase antre nou, ou prêt pou blye'l. Ou ka toujou genyen yon nouvo kòmansman, kòm si tab la toujou pròp.

Se pou nou yonn resevwa lòt san plenyen. Resevwa, se pa tankou yon moun vin lakay ou, ou mete'l chita sou yon chèz. Ou kapab resevwa moun nan nan plizyè fason, ou wè bezwen ke li genyen, ou wè nesesite ke li genyen, ou wè tan ke li bezwen nan men ou lan, ou prêt pou ou bali'l. Men si yon moun vin lakay ou la, ou di konsa "mete nèg la chita" se lè sa resevwa'l la? Ou pa pale avè'l, ou pa konn ki bezwen'l, ou pa konn ki pwoblèm ke li genyen, ou wè min nan fron li mare, ou pa konn ki pwoblèm ke li genyen. Ou di mete'l chita, ba'l yon vè ji pou mwen, ba'l manje, ou panse se resevwa ou resevwal la. Petèt li ka gen yon bezwen ki pi pwofon, li ka bezwen ou di'l kèk pawòl, li ka ou bezwen ou pote atansyon a li menm. Konsa akèy la genyen plis ladan, lè moun nan vini ou ba li manie, se pa sa sèlman li vle di.



Mwen renmen bay egzanp sa: Gen anpil peyi kounye-a sou la tè ki trè avanse, yo gen anpil sajès lakay yo. Ki sajès? Mwen wè yo envesti nan moun. Antan ke Ayisen lè mwen pataje ide sa avèk yo, yo pa konprann sa. E mwen panse nan anpil peyi sa yo, gen moun nan zansèt ki te konn Bondye. E sa pase kòm yon eritaj lakay yo. Se kote ou wè nan yon peyi, yo asire ke tout moun kapab al lekòl. Li andwa koute chè. Mwen menm, mwen te ale o Zetazini, mwen pa Ameriken, men mwen benefisyé de li, lè pou'm te ale fè yon etid pòs gradye, lè mwen di yon ayisyen sa, yo pa konpran anyen m'ap di. Ou konnen m'ap fè yon etid pòs gradye, tan pou'm peye inivèsite'a, se li ki peye'm. Eske nou tande yon bagay mezammi. Yon ayisyen p'ap konprann sa ditou. Ou ale nan yon lekòl, kounye-a la se lekòl la k'ap peye ou, epi nan lajan li peye ou la, ou peye liv, ou peye apatman si ou lwe apatman, ou peye pou manje, tandi ke se ou menm k'ap etidye. Gen moun ki te ka di, peyi sa se yon peyi sòt. Paske yo ba ou lajan, ou peye liv, ou peye kay, ou peye manje, epi wap etidye toujou.

Sajès ke Bondye bay yo a, yo wè lè yo pran yon moun, yo bay konesans, yo bay li edikasyon, se envesti yo envesti nan moun sa. Konsa y'ap fè'l, men pa bò isit, nou bezwen aprann plis nan sa. Nou bezwen aprann envesti nan moun. Nan tout envestisman ki garanti nan yon peyi, sa ki pi rantab la, se envestisman ke ou fè nan moun. Konsa pasaj la di nou, priorite-a se chache Bondye, se envesti nan moun.

Ouvrye de la fen- an non sèlman, li dwe mete priorite li an òd, pou li kapab konnen ki sa ki priorite-a, non sèlman ke li bezwen chache priorite-a, pou li swiv li, men pasaj la kontinye li di nou, chak moun dwe pran kado Bondye bay yo-a, pou rann lòt sèvis. Pasaj sa vle di nou, antan ke ouvrye, nou bezwen talan, sa se yon bagay ki enpòtan wi. Paske mwen konnen gen de moun papa yo te konn di yo, yo p'ap janm anyen. Gen moun ki di depi'm piti papa'm te konn di mwen, m'ap toujou sòt. Se sa li kiltive nan tèt li. Li pran tèt li pou yon moun sòt.

Yo pale mwen istwa yon jèn gason, mèt la t'ap eksplike yon pwoblèm matematik nan klas, epi mèt la di lòt timoun yo, yo mèt ale, ou menm, m'ap rete avè-ou, pou'm fè-ou konprann. Elèv la di, mèt ou pa bezwen rete avè'm non. Epi mèt la di pouki sa? Li di bon, papa'm di, mwen p'ap janm ka konprann matematik, mwen se yon moun se kaka kalbas ki nan tèt mwen. Gen de moun, yo konvenk tèt yo ke yo pa gen okenn talan, sa se pa vre non, sa pasaj la di nou. Chak moun dwe pran kado ke yo ba yo a, kado-a se yon talan, sa vle di chak moun la gen yon talan li bezwen devlope, kado Bondye bay li a, li dwe pran'l. Yo gen dwa ba-ou yon kado, kado sa se pou ou, non ou make sou li, men toutotan ou pa lonje men-ou pran'l, ou panse kado sa se pou ou? Non, li pou ou, non-ou sou li, men si ou pa lonje men ou pran'l, kado-a ret la.

Gen anpil moun Bondye ba yo talan, men yo pa konn sa ditou. Ou gen talan nan ou, e talan sa, pasaj la di nou, ou dwe pran'l, si se yon baton, pran baton ki nan men-ou lan. Moyiz ale kote Letènèl li di ki siy pou mwen ba yo, pou yo ka konnen se ou ki voye mwen. Letènèl di, kisa ou gen nan men ou la? Li di se yon baton, epi Letènèl di lage baton an atè, epi baton-an tounen yon koulèv. Moyiz



rive devan lanmè wouj, lanmè wouj ap bay pwoblèm, ki sa moyiz itilize pou fann lanmè wouj? Baton-an. Sa vle di, gen yon talan Bondye mete nan ou menm, sa ou bezwen fè, ou bezwen pran talan. Gen anpil moun ki kite talan an ap dòmi, gen anpil moun ki kite talan an antere, gen apil moun ki kite lòt moun kouvri talan yo-a. Men akòz lòt moun pa vle wè yo, akòz lòt moun vle dekoraje yo, talan an yo kòm pa itilize li.

Fòm di nou nan peyi nou gen yon espri, e fòm di nou, espri sa se yon espri ki fò, se pou nou menm tou, antan ke ptit Bondye, pou nou pa kite espri sa venk nou, paske nou gen plis fòs pou nou venk yo. Ou konnen nan peyi sa, gen de lè, lè yon moun ap fè yon progrè, li fè ènmi ak pwogrè sa. Ou konnen moun nan, gendwa ap bati yon ti kay, li gen ènmi pou sa wil! Se yon bagay dròl! Yon moun gen dwa genyen yon ti motosiklèt, poutèt ti motosiklèt sa li gen ènmi wil! Mwen menm sa mwen te kapab di, espri sa yo soti dirèkteman nan lanfè. E nou menm nou pa dwe sede a jan de lespri sa yo. Nou pa dwe sede a jan de tantasyon konsa.

Lè ou wè yon frè gen yon talan, ou byen yon mwayen, se pou priye pou li, paske talan sa, li la pou sèvi-ou. Ou konnen gen yon zammi ki te viv nan peyi Kanada, li di monchè peyi-a se yon bon peyi li ye. Metye yo se travay. Lè mwen rete mwen gade, antan ke yon ti Ayisyen, mwen vole nan avyon, lè mwen gade frè mwen yo, ki viv nan lòt peyi-yo, monchè mwen renmen yo wi. Ou konnen sa Bondye fè avèk yo, Bondye fè yo tounen sèvitè nou. Paske Bondye bayo kabès, li bayo kouraj pou yo travay, pou yo fè avyon, mwen menm m'ap vole nan avyon an.

Konsa li te genyen rekonesans nan kè li, pou li wè talan ke lòt fwè genyen, kounye-a la, jan talan ap sèvi li. Se pou chak moun pran kado Bondye ba li a pou li sèvi lòt. Si ou wè ou gen yon talan, se pou fanmiy ou sèlman, mwen pa kwè ke ou gen yon bon talan vre. Talan sa mwen pa kwè ke ou itilize li vre. Chak talan ke ou genyen, objektif li, bi li se pou sèvi lòt. Men si talan ou lan, ou ponkò itilize li pou ou sèvi lòt, mwen pa kwè wap eksplwate talan an vre.

Mwen te fè yon ti mansyon a sa nan lòt sesyon yo. Jezi di: li te bay yon moun yon talan, li bay yon lòt de, gen yon lòt li bay senk. Sa li te bay senk la, lè mèt la vini, li bay dis. Sa li te bay de a, lè mèt la vini, li bay kat. Sa'l te bay yonn nan, li di, mèt mwen konnen ke se yon mèt ki di ou ye, mwen pat vle al riske talan ou lan, mwen te antere'l anba tè, koulye-a mwen pote talan ou ba ou sen e sof jan ou te banmwen li a, mwen tounen li ba ou. Nou pa dwe fè erè sa. Kijan ou pral fè yon erè konsa? Se si talan Bondye ba ou la, ou aksepte pou yo mete ou nan ti sèkèy ou, san ou pat janm itilize talan sa. Lè sa ou tou antere talan Bondye ba ou a. Bondye te ba'oul, ou kenbe'l nan tèt ou, men kounye-a la, yo mete'ou nan sèkèy ou ak tout talan ou yo. Lè sa talan sa, lè mèt la vini li pral mande kont. Mèt, ou te ban mwen talan, mwen pat grafiyen li, mwen pat ba'l pwoblèm, wap jwenn talan ou la, m'ap remèt ou li konsa jan ou te ban mwen li-a.

Si yon moun gen malè, li gen talan nan li la, li kite se anba tè yo pra'l mete'l ansanm avèl, pou avan kout souflèt la soufle, avan match la fini li pa gentan



egzèse talan an sa, se malè pa li. Lè sa se menm avèk ouvrye sa ou pral ye, ou te antere'l. Pa kite talan-ou al antere.

Ou konnen mwen te vizite O Zetazini nan mwa fevrye, mwen te ale nan yon legliz ke yo rele San Antonyo. Mwen di ke, mwen konn tande mesaj O Zetazini déjà, mwen konn se yon mesaj konsa konsa mwen pral tande. Mwen pate trò atann ke mwen pral jwenn yon bagay ki pral boulvèse lavi mwen. Men nan mesaj la predikatè a di konsa: 'Si nou ta ale nan mache de la bou kounye-a la, ou envesti sen mil dola, li vin tounen senkant mil dola, konsa nan senkant mil dola sa, konbyen ladan ou panse ki pou Letènèl' mwen konnen Bib la, mwen konnen se la dim se 10% mwen dwe bay, mwen konnen mwen reponn kesyon an byen. Misye vini li dim non, se pa ni 10 ni 20 ni 30 % se tout ki pou Letènèl. Ou konn sa ou ye, senkant mil dola se jeran li ke ou ye. Letènèl konfye ou senkant mil dola antan ke jeran. Se sa pasaj nan parabòl la di nou. Li di mèt la bay chak moun talan selon kapasite yo.

Gen de moun ki di levanjil sa mwen tande maten an, se yon levanjil ki vini pou'l boulvèse mwen wi. Levanjil sa pa kite'm ak lajan ditou. Pastè-a kontinye pou'l di, ou wè pitit gason ou, pitit fi ke ou genyen an, ou panse se pou ou yo ye, se pou Letènèl. Letènèl konfye ou yo. Se jeran pitit gason ak pitif fi-a ou ye. Epi li kontinye pou'l di ou wè bèl machin ke ou genyen, ou konnen se machin ou ke yo ye, se jeran machin nan ke ou ye, se pou Letènèl ke li ye. Sa se yon pawòl ki di, ke se Letènèl ki mèt talan yo, paske se li menm ki bay yo. Chak moun dwe pran kado ke Bondye bay li a. Sa vle di, don an se pa pou ou li ye, se Letènèl ki ba ou li, menm madanm nan se jeran li ou ye. Paske se pa ou ki fè yonn nan yo.

Pawòl la li etire kawo tè ke papa ou te kite pou ou, kòm eritaj la, ke ou te panse se byen pa ou, ou byen, ou andwa ap goumen ak moun pou li, kounye-a la levanjil la di kawo tè sa, se Bondye ki konfye ou li, pou fè sèvis li avèl. Si Bondye ba ou yon talan se pou sèvi avèk li, se pa pou tèt ou ak fanmiy ou men, se pou tout moun.



## 11) AMELYORE ANVIWÒNMAN AK ELVAJ PWASON

DR. ABE VALENTINE

Pisiculture nan lang franse, Aquaculture nan lang Anglè ki jan nou defini sa? Pisikilti a, se elvaj pwason nan yon anviwònman ke ou kontwòle pou fè pwofi. Ki sa profi-a ye? Yon profi se pa sèlman kòb li ye, se pa lè ou genyen kòb ke ou fè pwofi. Gen plizyè jan de pwofi ke ou kapab fè. Genyen profi ekonomik, sa vle di, ou depanse yon valè kòb, lè ou fin fè pwason ou vann li, ou jwenn yon valè kòb. Si kòb ke ou jwenn nan li plis pase sa ou depanse, ou fè pwofi. Men se pa sa sèlman ki pwofi. Pa egzanp, si mwen fè yon basen pisikilti lakay mwen, mwen elve 2 gress pwason, e mwen gen 4 moun lakay mwen, nou pa ka pataje 2 gress pwason, mwen pa ka di mwen fè pwofi nan sa. Mwen kapab genyen 4 moun lakay mwen, mwen kapab elve 4 gress pwason, mwen manje avèk madanm mwen ak 2 ptit, men zanmi ki lòt bò pa manje. Mwen paka rele sa pwofi. Si mwen fè pisikilti-a, fòk mwen pwodui valè pwason, pou ke mwen kapab manje, pastè Clotè kapab manje, Zanmi Alabre kapab manje, Pastè Kodo kapab manje. Nan ka sa mwen kapab di mwen fè pwofi. Men jodi-a mwen p'ap pale de pwofi men m'ap pale de anviwònman.

Anviwònman, lè ou fè pisikilti ou dwe kontwòle anviwònman. Pisikilti, sa vle di ou elve pwason, men ki kote ou elve pwason? Ou dwe elve pwason nan dlo. Pwason pa viv lòt kote ke nan dlo. Bondye kreye pwason, li di pwason ou dwe viv nan dlo. Sa bon, men ki sa ki bon tou. Dlo se yonn nan pi bèl richès Bondye bay nou. Ou mèt genyen 100 karo tè, 200 karo tè, si ou pa gen dlo ladan, tè sa pa vo anyen. Gen de moun ki di fanmiy mwen gen 500 karo tè, nou se gran nèg nou ye. Men lè ou rive, tè-a chaje ak ròch, pa gen ti gout dlo, tè sa-a pa vo anyen. Pwason an dwe gen dlo, pwason an dwe viv nan dlo. Kounye-a la ou dwe kontwole anviwònman pwason an. Sa vle di, pwason an se tankou nenpòt ki bêt sou la tè. Pou ke li grandi, paske li fèt, li dwe grandi pou ke li fè ptit epi pou li mouri.

Lè li fèt, li fèt nan dlo, men li dwe grandi. Pou ke li grandi, gen yon seri de bagay ke ou dwe bay, li dwe manje. Menm jan ak nenpòt lòt bêt ki sou latè, pou li grandi li dwe manje. E ki kote pou li jwenn manje-a? Pwemye kote pou li jwenn manje-a se nan dlo. Li nan dlo, ou bay li manje, se ou pouki bay li manje. Lè ou fè elvaj pwason, se pou bay li manje. Ou bay li bon anviwònman. Pwason an grandi, lè ou retire pwason an, kounye-a la, dlo ke pwason an te ladan fòk ou sèvi ak li. Paske elvaj pwason pa rete sèlman lè ou retire pwason an nan dlo, wal vann nan mache, ou fè 10 -15 dola, epi ou di ou fè bon travay. Non, li pa kanpe la, se lè ou fini retire pwason-an, ou ale vann pwason an, kounye-a la, rès dlo-a ki sa ou pwal fè avèk li? Ou dwe itilize rès dlo-a pou ale fè yon ti tomat, yon ti legitim, ak dlo



pwason an ou pwal fè tomat, legim ak lòt, se ak sa menm ou kapab kit pwason-an. Yon fwa ke ou metrize sa, pa gen anyen ankò ou paka fè.

Si mwen gen dlo, mwen genyen yon ti pasèl tè, e mwen kòmanse travay, mwen mete pwason andedan li, kounye-a la, avèk dlo sa mwen kapab fè nenpòt ki bagay. Mwen te di sa ak yon moun lè mwen te nan peyi Tayland. Si ou banm mwen dlo, ou banm tè, mwen pap janm mouri grangou.

Ki jan bagay yo pase? M'ap ba-ou yon egzanp ke mwen genyen nan kwa dè boukè. Nan kwa dè boukè, lè mwen te vini, mwen te genyen yon teren vid, teren an vid, li pa te gen anyen ladan. Menm kabrit , paka ale ladan. Poukisa? Paske pagen anyen, pa gen zèb, pa gen anyen sou teren an. Nou pran teren sa, nou konstwi basen pwason ladan, gwosè teren-an se 3 karo tè. Nou konstwi 21 basen, genyen kèk basen ki gen gwosè andedan legliz la. Men sak pase, lè nou mete dlo nan basen-an, apre sa nou mete pwason. Nou kòmanse mete kaka pou'l nan basen an, dlo a tounen vèt. A chak fwa ke van vante, van pase sou basen-an e li chaje imidite, lè li chaje imidite, li pase sou tè-a, li awoze tout bagay ki arebò basen-an. Sou yon tè ki pat genyen anyen, nan 6 mwa nou genyen tèlman zèb, ke tout kabrit nan zòn nan ap goumen pou yo antre andedan fèm nan. Se yon jan ke yon ti pwojè kapab amelyore yon gran zòn.

Kounye-a la, nou fè vini pwason, nou voye 400 gress pwason. 400 gress pwason sa nou pran yo depi 1998, kounye-a la nou pwodui plis pase 4 milyon pwason. Nou voye pwason, nou bay pwason yo manje, pwason yo fè pitit, kounye-a nou pran pwason sa e nou distribye toupatou nan peyi-a.

Yè, lè ou te ale nan Tòbèk ou te wè kèk ti pwason woz, se lakay nou li soti. Se avèk pwojè pwason ke nou te mete la, li chanje tout anviwònman. Li fè ke zèb pouse, li fè ke ou kapab fè jaden. Paske a chak fwa ke nou vide dlo la, dlo a ale nan jaden an. Kounye-a dlo a chaje ak anpil angrè, ak angrè sa plant yo devlope, gen bèl tomat, bèl pwa, bèl mayi, eksetera...

Dezyèm egzanp kote pisikilti kapab amelyore anviwònman. Lè nou pran wout nasyonal #1 pou ale Sen Mak, lè ou rive bò kote etan bwa nèf, ou wè yon gran kloti, sou 5 karo tè, se te yon tèren ki marekaj, sa vle di ke, teren sa, sak pase? Lè yo t'ap konstwi wout la, dren ke yo mete la te trò wo. Lè dlo soti nan mòn, li pa ka travèse wout la pou ale nan bwa nèf, lè ou pran wout la, li gen etan, a goch, e tout zòn ki a dwat la, se yon teren marekaj, yo pa kapab plante anyen, menm diri yo paka plante. Sa nou fè? Nou vini, e nou kreze basen yo. Sa basen an fè? Lè ou kreze yon basen, li ogmante sifas la, paske lè ou te gen yon teren plat, ou fè yon twou nan teren plat la, li ogmante sifas la. Menm si dlo-a paka ale nan etan, li rale lòt dlo ki soti nan mòn, ki pat gen plas pou chita, li rale yo epi yo vin chita nan basen-an. Premye rezulta ke nou vin twouve, sèke tout bannann nan zòn nan kòmanse vèt e sitiyasyon an kòmanse amelyore. Kounye-a basen sa yo la sou senk kawo tè. Nou mete 26 basen andedan li, e nan basen sa yo nou pral pwodui pwason, moun kapab pran prason, manje ak bannann, patat boukannen, eksetera. Sa se yon egzanp pou pisikilti kapab amelyore anviwònman.



Yon twazyèm egzanp ke mwen pral ba ou se nan Plato Santral. Nan Plato Santral, se la nou fè pi gwo travay nan yon zòn ki rele Pondyas. Sak pase, yo te konstwi yon seri de gwo basen, pou kenbe dio, konsa yo te ka pran dlo a pou awoze tè. Lòske yo fè sa, tèren Pondyas yo pa rich, paske si tè-a pa rich li pa fètil, lè ou mete dlo andedan li, dlo a p'ap devni vèt fasil, li pa chaje angrè, si ou pran dlo sa ou awoze jaden ou, ou bezwen bay li anpil angrè. Apre sa nou vini, nou di konsa, si ou mete pwason nan basen an, basen sa yo tèlman gwo, ou p'ap ka kenbe pwason. Nou vini, nou fè yon seri de ti kaj, nou mete kaj yo nan basen-an, nou mete pwason andedan li, e kounye-a nou ba yo manje. Lè ou bay yo manje, kaka pwason-an antre nan basen an, li fètilize basen an e li fè dlo a devni vèt. Kounye-a ou pran dlo sa, lè ou awoze jaden yo, yo wè ke li fè pi bèl, chou, pi bèl legim, ke lè yo te pran dlo avan pou awoze jaden. Sa se yon seri de ti egzanp ke mwen te vle moutre nou.

Ki sa ke nou kapab fè nan zòn isit la? Madi-a se premye fwa ke mwen te vini Okay, mwen te konn vini jiska miragwann, men mwen pa janm vini Okay. Lè mwen vini, mwen te konn soufri anpil, paske genyen anpil anpil bèl tè Okay. Lè ou pran wout pou ale Tòbèk, ou gade agoch, adwat moun fè diri, ou gade tèren ki marekaj, ou limite nan pwodui ke ou kapab kiltive-a. Men sa pa yon pwoblèm. Men lè ou gen yon ti òganizasyon, ou byen yon ti gwoup moun. Ou gen ou menm ak 2 ou 3 zanmi ou di: mwen gen yon tè konsa, ou di tout sa ke papa Bondye ba ou se bon bagay ke li ba ou. Genyen de tè ke moun yo paka fè anyen avè yo, paske yo gen trop dlo. Non se pa vre, paske gen anpil bagay ke li kapab fè.

Premye bagay ke li kapab fè, ou wè ke yo fè anpil diri la. Men eske ou konnen gen anpil peyi nan lemond ke yo fè diri melanje ak elvaj pwason. Se yon bagay ki trè, trè rantab paske li bay anpil pwodui.

Ki jan yo fè sa? Lè ou gen yon tèren, avan ou fè diri ou kare tè-a. E ou fè de ti basen, pou ou plante diri ladan li, e ti basen sa yo kenbe dlo. Men lè yo kenbe dlo, genyen de pwason kon wè tilapya, ki pa bezwen anpil dlo pou li devlope. Tilapya li, menm si ou bali 7 santimèt dlo, li kontan. Li pa bezwen dlo 3 pye, ou byen 1 mèt pwofondè. 7 santimèt dlo sifizan pou tilapya devlope.

Ki jan ou fè li? Ou genyen 2 fason pou fè li: premye fason ou kapab elve tilapya menm lè ak diri-a, ou byen ou kapab fè rotasyon, sa vle di lè ou fin koupe diri-a, ou pa plante diri a an menm tan. Moun ki konn plante diri, lè yo rekolte diri-a, yo kite tè-a pandan kèk tan avan ke yo plante ankò. Nan tan sa ou ka elve pwason andedan'l. Apre sa ankò ou replante diri, ou fè rotasyon eksetera. Li ba ou plis kòb, lè ou fè elvaj pwason-an.

N'ap pran egzanp lè ou fè diri ak pwason nan menm tan. Li gen avantaj pa li ak dezavantaj pa li. Avantaj ke ou genyen, kòb ke ou pral fè-a li plis paske li double, ou gen diri, ou gen pwason. Men pwoblèm ke ou genyen, si ou ta vle trete diri-a, ou pap ka trete diri-a pandan ke pwason an andedan li, sa se yon dezavantaj li ye. Mwen panse la gen moun ki konn plante diri, ou konn flite diri-a. Men ou paka flite diri-a kan pwason an andedan'l. Men si ou fè rotasyon, sa vle di



si ou fè diri -a, lè ou fini ou fè pwason, apre ou fè diri ankò, si diri gen pwoblèm ou kapab flite li.

Kounye-a ou mezire tè-a kote ou fè diri. Si ou gen yon santiyèm ou byen 2 santiyèm, ou mezire li e ou mete 1 ou 2 tilapya pou yon mèt kare. Sa se tilapya ki gen gwochè 6 ou 8 santimèt, pou mete li andedan'l. Si ou pa gen tilapya ou kapab wè teknisyen Alabre, ou di li ou pa gen tilapya ki gen gwochè 6 ou 8 santimèt. Ou mete 1 ou 2 tilapya pou yon mèt kare nan basen-an. Ou pa menm bezwen ba yo manje, paske yo pral manje zèb andedan, gen yon seri de tibèb andedan, gen yon seri de ti bèt, yo degaje pou kont yo, ou pa fè gwo pwason. Men si ou kòmanse ak pwason ki gen 6 a 8 santimèt. Pwason sa environ 20 gram, nan 4 -5 mwa ou kapab jwenn pwason de 100 a 150 gram. Li bon pou ou, paske kòb ke ou envèsti nan pwason sa li pa anpil.

Kounye-a, si ou pa gen moun pou ki ba ou pwason ki genyen 6 a 7 santimèt pou ou kòmanse, ou kapab pran papa ak manman tilapya, ou mete yo a kote nan yon ti basen, ou kite yo fè ptit, ou pran pou yon papa, ou bay li 3 manman. Si ou pa konnen ki jan pou rekònèt papa ak manman, ou kapab ale jwenn yon teknisyen, ou kapab mande'l pou'l pèmèt ou diferansye papa ak manman. Si ou pa konnen se pa grav. Si ou vire pwason an sou vant, ou kapab gade byen, ou pral wè gason an gen 2 twou. Yon twou pou kaka, yon ti twou pou fè pipi. Si ou peze li ti kras, ou pral wè dlo soti nan ti twou kote'l fè pipi-a. Ou pran femèl la ou gade, li genyen 3 twou. Yon kote pou li fè kaka, yon kote li fè pipi, e yon lòt kote ovil la soti. Si ou peze li enpe, si femèl la kòmanse prêt, genyen ze k'ap soti.

Ou pran pou yon papa pou twa manman, e ou mete'l nan yon ti basen, ou pa bezwen anpil. Ou pran yon manman pou chak 3 mèt kare, e yon papa pou chak 9 mèt kare, ou mete yo la, epi yo fè ptit. Lè yo fin fè ptit la, ou pran ptit la e ou mele li ak diri. Nan ka sa ou gen yon seri ti pwason, ou mete 10 pou chak mèt kare. Ou kite yo nan diri-a. Lè diri-a pare, ou rekölte diri-a, pwason yo kontinye grandi, jiskaske yo rive nan gwochè ke ou bezwen, pou vann, pou ou manje, pou fè tout sa ke ou bezwen fè avèl. Sa se yon premye bagay ou kapab fè isi, mwen panse ke li ka trè bon pou reyon sa, depi ke yo fè anpil diri.

Men si ou pa fè diri, ou ta anvi fè pwason, gen yon lòt teknik ke ou kapab itilize, se entegre pwason-an ak elvaj kochon, ou byen elvaj poul, ou byen elvaj kana. N'ap pran premye egzanp se elvaj pwason ak kochon.

Sa ki rive, ou gen kochon, ou dwe gen yon plas pou mete kochon yo, ou bezwen toujou genyen 2 ekip kochon, e pou chak ekip yo, yonn dwe pi vye pase lòt, yon diferans 2 mwa konsa. Sa vle di, diferans laj ant 2 ekip kochon yo se 2 mwa. Poukisa? Se pou ou toujou genyen dechè kochon pou ou fè elvaj pwason. Paske si ou gen tout kochon yo e ke yo menm laj, ou byen diferans laj la, li trò gran. Lè ou fin vann sa ki trò gran, ou pa genyen ankò pou kontinye elvaj pwason. Ou toujou kite diferans 2 mwa ant kochon yo.



Pou chak 100 mèt kare de basen ke ou genyen, ou bezwen 2 kochon. Gen anpil moun ki fè sa, yo di mwen yo eseye sa men li pa mache, pou kisa li pa mache? Nou tout nou konnen, si ou pa manje, ou pa ale nan twalèt. Yo fè elvaj pwason, yo pa bay kochon an manje pou fè anpil kaka pou basen-an. Lè ou fè sa, anpil moun pa konnen peze kochon, pou konnen kochon an ki pwa li genyen. Men nòmalman fòk ou genyen yon ti pèz, de tanzantan ou voye kochon an sou pèz la. Menm si li pa vle, ou bay li 2 -3 kout baton pou li monte sou pèz la. Ou dwe nouri kochon-an a 5 pou san de pwa li. Pou bay kochon an manje, ou kapab bay li manyòk, tout bagay ke ou genyen lakay ou. Men o mwens yon fwa pa semenn bay kochon an bon manje. Bay li bon manje ki genyen anpil proteyin andedan'l, o mwens yon fwa pa semenn.

Bay pwason an anpil kaka kochon, e a chak fwa ke ou lave kalòj kochon an, dlo ke ou lave li-a, e pou jwenn pi bon rezulta, pase yon ti kouch siman nan fondasyon kochon an. Gen anpil moun ki vie fè sa men yo mete kochan-an nan labou. Si ou pase yon ti kouch siman, a chak fwa ke ou lave kalòj kochon- an tout kaka yo desann nan basen an. Ou pa bezwen fè li chak jou, men ou ka fè li yon fwa pa semenn. Jiskaske dlo a byen byen vèt. Paske sak pase, lè dlo a vèt genyen de ti bèt ki vini nan dlo-a, ki vin manje, gen bagay yo renmen ke yo rele planton, yo manje planton yo, e pwason yo manje planton sa. Pwason yo devlope.

Ou kapab genyen omwens 2 basen, ou gen yon basen pou fè repwodiksyon, ou retire ti pwason yo, ou mete nan lòt basen, pou kontinye fè yo grandi. Teknik sa se pa yon bagay ki konplike, se pa yon bagay ou bezwen ale nan lalin pou aprann sa. Ou pran pwason yo, menm bagay mwen te di pou diri. Nan basen repwodiksyon yo, ou mete toujou 3 femèl pou yon mal e ou mete yo la. Tilapyo yo repwodui chak mwa, chak mwa yo fè pitit. Se yon pwason, moun ki renmen travay yo, yo di ke li anraje. Yo fè anpil pitit e kounye-a la wap tann, lè ou gen yonn ou 2 basen sèlman, ou tann ke pitit yo gen 6 a 8 santimèt, ou pran yo, ou lage yo nan dezyèm basen-an, pou kontinye elve yo. Sa se lè ou genyen 2 basen sèlman.

Lè ou genyen 3 basen, li ankò meyè. Ou pran yonn pou fè repwodiksyon, sa mwen te di ou la. Yon mal 3 femèl, de tanzantan ou tcheke, lè ou rive, aviwon 6 santimèt, ou pran yo, ou voye yo nan yon dezyèm basen. Nan dezyèm basen-an ou pran yo, ou kite yo kontinye devlope. Jiskaske yo rive nan yon laj, ke ou kapab fè diferans ant mal ak femèl. Mwen di ou, ou pa bezwen konnen gwo teknik pou ou diferansye mal ak femèl. Ou kale zye ou, de tanzantan ou peze vant pwason-an, pou wè si dlo soti, ou gade byen si ou wè 2 twou, se yon mal li ye. Si ou wè twa twou se yon femèl.

Ou mete mal la nan twazyèm basen-an, femèl la ou pran'l pou fè repwodiksyon, sa pou manje. Twazyèm basen an se yon mal sèlman ou kapab jwenn ladan'l. Konsa mal la li grandi pi vit ke femèl la, epi yo pa fè pitit nan basen an. Nan ka sa ou ka jwenn, nan menm peryod ke m'ap di ou la, nan 4 a 6 mwa ou



kapab jwenn pwason ki pi gwo pase 200 -250 gram. Sa se teknik 3 basen, ou kapab genyen 4 -5-6 basen pou fè teknik sa.

2 bagay ke ou kapab fè, se elvaj pwason avèk poul. Lè pou fè elvaj pwason ak elvaj poul, ou bezwen pou chak 10 mèt kare basen ou genyen, ou bezwen anviwon 1 ou 2 poul. Ou pran pou'l yo, ou mete yo jeneralman nan kalòj. Paske si ou kite poul yo gaye, ou pral kouri dèyè kaka poul la, se pa yon bagay ki fasil, alòske si ou gaye poul yo nan yon kalòj, ou kapab rammase kaka poul yo fasil, e si ou pa bezwen tout, ou mete sa nan yon sak, e ou kite'l nan yon plas ki pa trò imid. Yon fwa pa semenn ou vini, ou pran kaka poul la, ou mete li nan basen an. Si ou gen yon balans, malerezman anpil moun ki fè pisikilti tradisyonal, yo pa gen ekipman, yo pa gen balans, yo paka peze bagay yo bezwen pou yo peze, paske lè ou fè bagay konsa, genyen de kantiite ke ou bezwen, yo dwe rèsپکte. Si ou mete trop, li kapab ba ou rezulta kontrè, a sa ke ou te bezwen. Si ou pa mete anpil, li kapab koze kèk pwoblèm.

Lè ou genyen 2 poul, pou chak 10 mèt kare dlo ke ou genyen. Ou bay poul yo manje, ou retire kaka poul la ou mete'l nan basen, toujou ou respèkte pwopòsyon mwen te ba ou talè-a. Tout bagay ale nan lòd. Pou kapab aprann nòmalman, pou chak èkta dlo ke ou genyen, ou bezwen 2000 kilogram kaka poul.

Si ou genyen ti basen de 50 mèt kare ou byen 100 mèt kare, ou kapab jwenn ki kantiite kaka poul ke ou bezwen.

Twazyèm bagay ke ou kapab fè, se elvaj kana ak elvaj pwason. Lè ou fè elvaj kana ak elvaj pwason, ou pran yon kana pou chak 12 mèt kare ke ou genyen. Men pa mete kaka dirèkteman nan basen ke ou genyen, paske kana pwal manje tout pwason ke ou genyen. Ou fè yon ti anklo nan basen an, ou kite kana la nan anklo a, epi ou fèl kaka nan dlo-a, epi kaka gaye nan dlo-a tout moun benefisyé. Si ou fè sa la, e ou genyen yon dènye esè, ki se kaka bèf, men kaka bèf, se pi move fimye ki genyen. Kaka bèf, kaka chwal yo pa vrèman adekwa pou elvaj pwason, men moun itilize yo anpil.

N'ap ba ou kèk egzanp. Si ou fè elvaj, avèk kaka bèf, avèk pwason. Si ou byen fè li, ou kapab jwenn environ 500 a 700 kilogram pwason pou 1 èkta tè chak ane. Sa se pwason tilapy. Si ou fè li ak kochon, ou kapab genyen jiska 2000 kilogram de pwason, 2 tòn de pwason pa ekta pou chak ane. Si ou fè li ak poul, ou kapab genyen jiska 2500 kilogram pa ekta pou yon ane. E si ou fè li ak kana, li bay anpil bon rezulta nan eksperyans ke nou fè, ou kapab jwenn, jiska 3000 -3400 kilogram pa èkta pa ane. Done sa yo valab pou tilapy, men li varye pou lòt pwason yo. Si ou pran kap, se yon lòt done. E mwen panse sa se yon bèl bagay.

Avan ke mwen tèmine entèvansyon sa, mwen kapab pale tout lajounen-an, menm demen ak aprè demen. Mwen pa gen pwoblèm pou sa. Mwen kapab di ke nou nan yon peyi ki gen anpil pwoblèm proteyin, chak ane peyi sa depanse 3.4 milyon de dola ameriken pou voye pwason ak ekrevis, ak lòt bagay ki lòt bò, vini an Ayiti. Nan yon peyi ki pa genyen anpil resous, sa se yon bagay ki pa sipoze



fèt. Ayiti se yon zile li ye, chak fwa ke mwen fè prezantasyon, mwen te mande moun yo, ki ès ki te manje pwason yè? pa gen yon grenn moun ki leve men, ki moun ki manje pwason avan yè? petèt yonn ou 2 ki leve men. Ki moun ki manje pwason tout semenn? pa gen moun. Defwa, 3 - 4 moun ki leve men. Ayiti se yon peyi ki antoure ak dlo, pwason se yonn nan pi gwo sous de proteyin animal. Nòmalman, chak Ayisyen dwe manje pwason, o mwens yon fwa pa jou, men se pa sa ki fèt. Ki jan pwoblèm nan ye? Pa egzanp, zanmi mwen an la, li anvi fè pwason, li ale lakay lòt zanmi li, pou li wè kijan mesye sa fè lakay li. Li vini, li vle fè menm bagay la. Li sèlman gade, li wè, e li vle fè menm bagay la, lakay li. Alòske misye pa gen konesans pou sa, petèt teren li pa bon pou sa. Men misye pa konnen. Sa mwen di ou tanpri, si ou enterese nan fè pwason, si ou ale yon kote ou wè li, se poze kesyon. Ou va ale chache moun ki konnen, ou di tanpri, lamitye mwen ta anvi fè elvaj pwason, mwen pa genyen konesans nan sa. Eske ou kapab ede mwen fè li?

Si moun sa pa vle, si li vle kenbe konesans li pou li, sa pa grav, ou ale lòt kote. Paske genyen anpil erè ki fèt, anpil moun fè basen pwason, 2 jou li pa mache, li di non, bagay la pa vo anyen. Alòske se li ki pa konnen anyen andedan li.

Lè ou anvi fè basen pwason kòm mwen di ou, si ou genyen 4 moun lakay ou, pa fè basen pou 2 moun. Si ou gen 4 moun fè basen pou 6 moun. Si ou paka fè basen pou 6 moun, ale, kole tèt ou ansanm, ak lòt zanmi ou, e fè sa, si ou paka fè li pou kont ou. Ou paka fè yon basen pwason pou ou menm ak madanm ou, pandan ke pitit ou pa ka jwenn pou manje. Ou ale chache konesans, e lè ou jwenn konesans la, ou fè bagay la, pou ke tout moun jwenn. Paske se sa nou dwe ap sache kounye-a la, se ti bagay koko rat la. Pa vin fè yon ti bagay pou ou menm sèl ak madanm ou. Si ou gen 4 moun lakay ou se fèl pou 6-8 moun. Se fèl pou zanmi ou jwenn, ak tout lòt moun pou jwenn.

## Kesyon

### 1) *Ki diferans ki genyen ant pwason mayami ak tilapya?*

**Rep.** Pwason mayami an ke yo konn rele pwason pèpè. Lè pechè yo ale nan lanmè, yo trennen senn nan lanmè, Senn nan ranmase tout sa ke li jwenn nan dlo-a. Kounye-a lè moun yo ale peche, gen yon seri de pwason ke yo chache, se pwason ke yo bezwen, le pli souvan se pwason pou fè sadin ke yo ale peche. Men lè yo peche tout pwason yo, yo vini yo triye, e yo pwan pranson ke yo bezwen. Pwason sadin nan. Tout rès ke yo pa bezwen, yo paka relage pwason sa ankò nan dlo, yo mete li nan glas, nan frizè, e sa sa yo voye an Ayiti, e yo konn voye yo nan anpil peyi sou devlope pou vant. Se pwason ke moun pa bezwen, yo pa bezwen pou travay ke y'ap fè, se sak fè yo voye yo isit.



Alòske tilapya se yon pwason dlo dous li ye, ou elve li e kounye-a ou manje li. Se diferans ke yo genyen.

- 2) *Nou konnen tilapya gen anpil proteyin, ki diferans ki genyen lè ou manje li kwit, ak lè ou fè poud pwason avèk li?*

**Rep:** Avan mwen reponn kesyon sa, mwen genyen 2 bagay ke mwen vle di ou. Premye bagay, lè ou fè poud la ou seche pwason an, pwason an a leta sèk pou fè poud. Kounye-a la teknik pou seche pwason an li enpòtan. Si ou pa konnen teknik sa, lè ou seche pwason an, ou fè farin avèk li, li pa genyen anpil nutrian. Lè ou kit pwason se menm bagay la, si ou kwit pwason an trop, tout vitamin ki andedan, tout bon bagay la kuison an retire tout. Sa depann de fason ou kwit pwason an ak fason ou seche pwason an. Si non pa gen diferans ant pwason ki kwit ak pwason ki seche.

- 3) *Eske Izaj dechè kochon-yo pa gen pwoblèm maladi sanitè ou byen pwoblèm maladi ki ka fèt sou moun lè ou bay pwason yo li?*

**Rep:** Jeneralman li pa bay pwoblèm. Pouki sa li pa bay pwoblèm, se paske pwason an pa manje dirèkteman dechè kochon an. Dechè-a, li rive nan dlo-a, li dekonpoze, epi kounye-a li pwodui nouriti naturel pou kochon an. Kounye-a li ka gen yon ti pwoblèm, men si ou okipe kochon-an pwoblèm sa paka rive. Kochon an kapab genyen kèk vè, yon vè ki kapab danjere pou moun, yo rele li tenya. Vè sa li kapab pase nan pwason, e lè ou manje vyann pwason an, sitou si vyann pwason pa byen kwit, ou kapab pran sa. Men si ou okipe byen kochon an, si ou bay kochon an bon manje, ou pa janm genyen pwoblèm nan sa. Li konn genyen pwoblèm lè kochon an manje dechè kaka moun ki deja kontamine.

- 4) *Eske ou ka bay nou adrès ou e kòman pou nou fè pou nou kontakte ou?*

**Rep.** Caribbean Harvest Fisheries (Rotary International) Nou gen yon biro, 255 Avenue John Brown, Lalue, P-au-P. Tel: 511 9195. Nou gen yon Sant de fòmasyon ki baze nan Kwa dè Boukè. Mwen abite nan Sant la.

- 5) *Kòman nou ka fè elvaj pwason nan yon tè ki pa ajil?*

**Rep:** Pwoblèm sa li poze nan anpil plas, sitou nan mòn, kote ki pa gen ajil, ou gen 2 possiblite. Swa ou fè basen an an siman, ou mete blòk, ou randi. Ou byen ou fè basen-an an plastik pou kenbe dlo. Men chak tip basen sa yo gen ti pwoblèm andedan li. Mwen ta anvi fè nou konnen swa rapidman. Nan sant Sila, enpe anba genyen de basen ke yo te fè an siman, e yo te fè pwason nan yo, e yo di ke sa pa mache. Poukisa li pa mache, sèke siman yo, yo gen tandans pou chofe fasil, siman fè dlo-a vin cho. Dlo cho-a pa bon pou pwason-an. Sa yo te dwe fè, se kreze twou, fè siman an, andedan twou a. Lè ou gen latè ki antoure ak siman li gen tandans rafrechi dlo. Yo pa fè sa isit.



Dezyèmman, lè ou fè basen-n an siman, ou dwe fè li yon fason pou anpil dlo kapab antre e soti tou. Paske ou bezwen anpil echanj dlo, pou fè sa. Si ou fè basen-an an siman nan yon zòn ki pa genyen anpil dlo, ou pwal genyen pwoblèm. Pi gwo problèm ke ou genyen se pwoblèm oksijèn, dlo yo manke lè, pwason yo paka rèspe fasil.

Twazyèm dezavantaj, ou paka mete anpil pwason nan yon basen an siman. Kantite pwason ou kapab mete , li limite. Poukisa? Paske lè pwason-an manje, li ale nan twalèt, li pa gen chans kòm wou ale nan yon twalèt, pou'l flòch twalèt la, se kòmsi ou ki andedan yon kay, ou kaka andedan kay la, san ke pa gen yon kote pou kaka ale, tout dechè-a la, lè dechè-a dekompoze, paske gen yon seri de bakteri ki dekompoze dechè-a, e bakteri sa yo bezwen oksijèn pou travay. Yo pran tout, pwason an pa genyen anyen pou kont li. Si ou fè sa, regilyèman ou dwe pwòpte basen-an. Se anpil travay li ye.

Lè ou mete plastik, malerezman bon plastik la li koute chè. Li kapab gen dezavantaj pou ou si ou pa genyen anpil kòb.

6) *Ki maladi ki kapab atake pwason yo pi souvan nan basen yo? E ki trètman nou kapab fè pou yo?*

**Rep:** Maladi ki kapab vini sou pwason yo, li pli souvan se yon seri de ti parazit. Sitou si ou gen yon dlo ki soti nan yon rivyè, e ou pran dlo-a san filtre. Genyen de ti molus ki kapab vini nan dlo-a, e parazit yo rete sou molus, lè yo rive, yo transfere sa a pwason yo. Pou trete sa se trèsenp. Ou pran dlo-a ou mete sèl ladan li, anpil sèl. Ou pran pwason an, ou tranpe li nan dlo sale-a pandan kèk minit, pa kite'l fè anpil tan, pou fè li sòti. Se pi bon netwayaj ke ou genyen.

Lòt maladi ki konn rive, genyen de ti viris, ki kapab atake pwason yo. Men pou viris la atake, se lè ou gen yon basen ki kòmanse pran laj, basen-an kòmanse dire, viris yo kòmanse atake basen-an. E si ou prete materyèl, paske zanmi mwen gen yon ti fèm li pran filè pou rale pwason yo, nòmalman, filè sa la, si ou ale prete filè sa nan men li, pou vin travay nan basen pa ou, ou dwe trete filè sa. Pase ou pa konnen si li gen maladi lakay li. Si li gen maladi, e ke ou pran filè sa vin travay lakay ou, ou pral kontamine pwason pa ou. Sa pou fè, ou genyen pèmagaganant, yo vann sachè-a nan tout lari Pòtopwens. Ou pran li ou mete nan dlo, ou tranpe filè-a nan dlo. Jeneralman nou renmen fè sa lanwit. Ou tranpe filè-a nan dlo tout nwit, nan landemen ou kapab travay ak filè-a, li pa gen anyen.

Lòt maladi ki konn atake pwason, se manje ou bay pwason. Si ou konn bay pwason ou an manje, le pli souvan manje-a konn gate, li pa bon. Pwason an konn gen dyare. Menm jan moun genyen dyare. Ou pran pwason an, ou gade li, epi ou wè vant pwason an gwo, ou konnen se ze li genyen. E poutan se dlo ki nan vant li. Genyen anpil lòt maladi ankò.

7) *Eske nou kapab mete dlo tiyo ki trete nan basen pwason?*



**Rep:** Dlo ki trete pa bon, nou pa rekòmande li pou pwason. Paske li trete avèk klorin, klorin nan pa bon pou pwason yo. Paske li asid, pwason pa renmen dlo ki trò asid. Sa se yonn

Dlo ki trete ak klorin, li klè. Pwason an pa chache dlo ki klè, pwason chache dlo ki byen vèt. Dlo ki trete li pran anpil tan pou pwodui planton, nouriti natirèl pwason an bezwen pou li devlope.

8) *Eske pwason woz nou te wè Tòbèk yo se Tilapya yo ye tou?*

**Rep:** Ou wè 2 tip de pwason woz, ou wè tilapya, ou wè kap, ke li pa woz, men li pito rouj. Men pwason woz yo se tilapya yo ye.

9) *Eske legim ki pouri ak dechè tankou fèy chou, fèy obèjin sa sèvi pou manje pwason?*

**Rep:** Genyen kèk pwason ki manje yo, men nou pa tèlman rekòmande sa. Ou kapab bay dechè sa yo a yon bêt kon wè kochon. Ou kapab bay pwason yo dechè kochon an. Paske pi fò pwason, sitou tilapya, pa pwofite de sa. Yon pwason ki ka pwofite de li ,se ta èbivò, ke moun pa fè isit.

10) *Eske ou ka fè pwason k'ap viv nan dlo sale viv nan dlo dous? Si oui, kòman?*

**Rep:** Mwen pi renmen fè pwason ki viv nan dlo dous, ale viv nan dlo sale. Sa vle di le kontrè. Pwason tilapya ke nou voye la, se yonn nan ra pwason ki kapab viv nan dlo sale ak nan dlo dous nan menm tan. Li pi fasil pou fè yon pwason ki t'ap viv nan dlo dous al viv nan dlo sale. Kijan ou fè? Ou mete'l nan yon andwa pou kapab ajoute sèl, ou abitye pwason an ak lavi nan dlo sale. Pou tilapya ke nou genyen, li pran 10 jou pou fè sa. Nan 10 jou, nou mete pwason an nan yon ti basen, epi o fi e a mezi, nou ogmante kantiye sèl, ki nan dlo-a. Apre 10 jou, ou wè pwason an komanse abitye, nou fè sa nan lil de la Gonav kote ke yo elve pwason ki soti nan dlo dous dirèkteman, pou mete yo nan dlo sale.



## 12) WOL EDIKASYON KILTIVATÈ NAN PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN

AGR. RICARDO JEANNITON

Pawòl e Aksyon se yon òganizasyon Kretyèn ki entèveni nan diferan domèn, tankou agrikilti, sante, ekonomi, asistans teknik ak edikasyon. Depi 1986 òganizasyon an te pran nesans, e a pati de 1988 li te gen estati de yon ONG. Depi lè sa gen aksyon k'ap antreprann nan diferan nivo sa yo ke mwen sot site la.

Sijè-a se wòl edikatè nan edikasyon kiltivatè nan anviwònman, mwen vle anonse nou ke nan domèn agrikòl, nou anbrase diferant branch. Ki sa ki genyen nan yo? Genyen yon volè Irigasyon, kote ke nan nivo zòn kilde sac nan Gantier, Tomazo, genyen anpil èkta tè ki pa itil anyen. Men depi kèk lane, gen yon systèm irigasyon ke nou mete an plas. Tè sa vin valorize, kote ke y'ap produi chou, tomat, tout kalite legim. Kounye-a nan menm depatman agrikilti ki genyen nan pawòl ak aksyon, genyen yon volè elvaj lapen, kinikinikilti, gen yon volè elvaj de pousen e nou genyen yon pwojè de konsèvasyon sòl, ki sanse fè chemen li nan lokalite-a nan zòn gwo mòn. E se pa rapò a pwojè konsèvasyon sòl sa ke dirijan òganizasyon an te wè nesesite pou te fòme moun, nan domèn pwotèksyon anviwònman. Paske tout aksyon ki antreprann deja, nou wè ke san yon edikasyon de baz, san yon motivasyon de tout moun k'ap viv nan sosyete-a, nou wè ke aksyon n'ap fè yo gen dwa pa rive, nivo ke nou ta renmen yo rive a. Se nan sans sa ki fè ke depi kèk tan, nou genyen pwogram sa ke n'ap antreprann, nan zòn gwo mòn.

Tout aktivite sa yo ke nou sot site la, yo konsantre nan nivo 2 depatman, depatman Lwès, Plèn Kil de Sak, ki gen ladan li: Gantier, Tomazo ak zòn Kwa dè Misyon, Nan depatman Latibonit, ki gen ladan li localite Sen Mak, Gwo mòn, ak nan zòn Plèn de Lab. Sa vle di, tout aktivite òganizasyon konsantre nan nivo 4 zòn, 4 zòn sa yo se nan nivo 2 depatman jeografik peyi-a.

Edikasyon kiltivatè-yo, san ke nou pa ki tèm nan, ki pale de wòl kiltivatè yo, nan domèn sa, ke yo rele pwotèksyon anviwònman. Nou gen nan pawòl e aksyon 2 tip de fòmasyon: Yonn ke nou rele fòmasyon non fòmèl, moun ki benefisyé pwojè yo, nou sanse fè fòmasyon pou yo. Yon lòt ki trè enpòtan ke m'ap mete anpil aksan sou li, se edikasyon fòmèl ki fèt nan nivo lekòl yo, ke pawòl e aksyon sipòte. Pa blye mwen te di nou òganizasyon an travay nan domèn edikasyon. Ki sa li fè nan domèn edikasyon? Li gen kèk lekòl ke li sipòte. Nan ki fason ke li sipòte yo? Se kote ke li fè konstwiksyon pou yo. Ou byen kèk lekòl k'ap fonksyone nan legliz, li pote tout asistans a lekòl sa yo. Nan ki sans? Nan pèmèt ke elèv yo peye pwofesè, jwenn founiti, inifòm eksètera, e bay sa yo rele yon pla cho a elèv yo avan ke yo ale lakay yo.



Nan kad pwojè konsèvasyon sòl ke nou genyen-an, nou genyen yon fòmasyon non-fòmèl ke nou fè avèk plantè yo. Pouki sa? Se paske nan travay nou genyen ansanm avèk yo, nou menm estaf nan òganizasyon an, nou wè ke gen de pwatik ki vrèman kontré, kèk pwatik ki pa danse kole ak anviwònman. Pwatik sa yo nou kapab site yo ba ou. Genyen sa yo rele boule tè, te genyen yon pwatik o nivo gwo mòn, kote ke, avan plantasyon, depi moun nan santi ke lapli pwal tonbe, se yon veritab marenwa ki genyen nan zòn nan. Ki sa nou rele marenwa? Se dife toupatou nan tè yo. Kote ke, moun yo ap fè yon aksyon ki vrèman nefas. Non sèlman pou estrikti tè-a, men ki kapab nwi yon agrikilti ki ka pote randman ak avantaj ke li dwe pote.

Kèk lè, moun nan konn di konsa: Lè mwen mete dife nan tè-a, li ban mwen pigwo zepi mayi. Nou toujou panse ke se yon pwoblèm edikasyon, se yon pwoblèm de konpreansyon, ki fè ke moun nan genyen yon tèl panse. Sa vle di, nou mize anpil sou sa, nou entèveni, n'ap eseye chanje mantalite sa, pouke agrikiliti-a ka vini yon agrikilti vrèman pwodiktiv. Kote ke mantalite ki lakay agrikiltè nou yo, kòm moun ki fè agrikilti se moun ki pòv, alòske yon agrikiltè nan peyi devlope yo, genyen sa nou rele tout fasilité ke yo sipoze jwenn. Yo genyen yon minimòm de mwayen pou yo posede yon kay, pou yo posede yon ti oto, e pou yo viv plis ou mwens yon fason ki konfòm, jan yon èt imen dwe viv.

Tandans sa ke agrikiltè yo genyen lakay nou, fè pase tout agrikiltè kòm moun k'ap pedi tan, moun ki pa genyen yon objektif. Men nou kwè ke avèk yon fòmasyon de baz, ki pèmèt ke moun yo pwoteje anviwònman, sa vin rann ke, yo kapab jwenn plis randman ke yo ta dwe jwenn. Tandans negatif sa ki fè yo kwè ke se moun k'ap pedi tan, tandans sa kapab vrèman disparèt, e yo kapab genyen yon lòt konsepsyon de reyalite-a.

Nan nosyon anviwònman, mwen ta vle pran yon referans biblik nan Sòm 104:14-17. Ki sa pasaj sa di nou? Nou kapab li yon ekstrè:

*"Bondye fè zèb pouse pou bét yo manje, se nan pye sèd yo Seyè-a te plante nan peyi Liban, zwazo fè nich yo, epi tou sigòy fè kay yo sou tèt pye bwa yo".* Daprè teks biblik sa, nou wè ke Bondye te kreye nati-a ak tout ekilib li, sa vle di nou gen yon vi ki pafè, ke nou rele yon seri de deba nan longè jounen yo. Yo reyaji fas a degradasyon, fas a problèm ke anviwònman ap konfronte. Move sò sa ke anviwònman sibi-a, nou kwè ke se yon rezulta de movèz aksyon yo. Movèz aksyon sa yo, se debwazman, se sa nou rele yon movèz itilizasyon ak jesyon dechè. Dechè sa yo, kapab dechè menaje ou byen endistryèl. Lòt movèz aksyon ankò ki pèmèt ke anviwònman nou, gen yon move sò, se sa nou rele gaz echapman yo tou. Konn gen yon fòt konsantrasyon nan nivo atmosfè-a, ki konn al pote pwoblèm nan nivo kouch ozòn nan. Kote gen pò ki kreye nan kouch ozòn nan. Sa antrene enfiltrasyon, penetrasyon de reyon iltravyolèt ki koze maladi a lòm. Lè reyon sa yo frape nou, yo banou kansè, e yo anpeche kèk plant grandi. Yo anpeche kwasans ak devlopman de kèk plant tankou; tomat, chou, leti. Se yon seri de plant ki pa ka reziste ak reyon iltravyolè yo.



Mwen te kapab fè yon istorik sou zafè edikasyon fòmèl la. Tankou mwen te di nou, se yon pwogram ki gen twa faz, aktyèlman l'ap travèse twazyèm faz li. Premye faz la sete yon faz esè, kote ke se sèl nan nivo kil de sak kote te genyen pwogram konsa ki t'ap egzekite. Dezyèm faz la se te yon faz pou enplante pwogram nan tout lekòl yo. Aktyèlman yo o nonb de 25. E nan dezyèm faz la nou te vini ak sa nou rele sipò pedagojik. Sipò pedagojik sa li konstitye de 2 livrè nou te prepare, nou te elabore nan depat man asistans agrikòl la. E se livrè sa yo ki utilize nan lekòl sa yo pou profesè yo, kapab fè fòmasyon elèv yo sou zafè edikasyon anviwònmantal. Apa faz sa ki te pèmèt nou mete an sikilasyon 2 livrè sa yo. Te gen yon lòt faz ki se yon faz ekstansyon. Se faz sa lòt lekòl ki te wè sa yo. Te gen yon lòt faz ki se yon faz ekstansyon. Se faz sa lòt lekòl ki te wè sa yo. Te gen yon lòt faz ki se yon faz ekstansyon. Se faz sa lòt lekòl ki te wè sa yo.

Kòman yo te fè sa? Yo te kontakte, òganizasyon pawòl e aksyon, kote ke yo te plis ou mwens jwenn kèk livrè, pou yo kapab etand pwogram nan, nan nivo lekòl pa yo tou. Nou wè ke se pwogram nan k'ap fè chemin li. Sa se twazyèm faz la ki se yon faz d'ekstansyon ak vilgarizasyon.

Ki sa ki genyen nan dokiman sa yo? Se yon pwogram ki konstri sou twa lane e reyalize pou elèv trazyèm ane, ki se elementè 1, katriyèm ane ki se elementè 2, ak senkiyèm ane ki se mwayen 1. Pou diferan nivo sa yo, genyen non sèlman nosyon teyork, men genyen pwatik tou. Nosyon teyork yo, nou dispanse yo pou elèv twazyèm ane-yo, nan katriyèm ak senkiyèm ane, paralèlman ak nosyon teyork yo, nou genyen sa yo rele travo pratik pepinyè, ke nou fè ak elèv yo, aprè ke y'ap fin swiv kou teyork yo. Mwen kwè ke sa genyen anpil siyifikasyon pou elèv sa yo, paske kan yo pwodui yo menm direkteman, anba sipèvizon teknisyen agrikòl, ke program nan genyen ladan li. Sa pèmèt yo konprann byen ki enpòtans pye bwa genyen, e ki wòl rebrazman kapab genyen nan peyi-a, pou bloke prosesis degradasyon akselere, anviwònman genyen ladan li.

Nan twazyèm faz la genyen kèk aktivite konkrèt ke nou te antreprann, pou kapab rann pwogram nan pi dinamik. Ki pwogram konsa? Pliske gen pwodiksyon plantil, depi 1988, nan enplantasyon pwogram nan, nou mete sou pye depi 2 zan yon swivi sou plantil sa yo, ke elèv yo plante chak ane, avan klas la fini. Gen yon swivi ki te reyalize nan 1988, e nou konte reyalize li chak ane, pou nou kapab fè yon evalyasyon de pwogram nan. Swivi sa ke nou te fè nan lane 1998, li te gen yon to de reyisit de 60 pou 100. Sa vle di o nivo de 25 lekòl, te genyen preske 800 a 1000 plantil ki te pwodui chak ane, pa lekòl. Ankèt sa ke nou te mennen nan chak ekòl, mwayennan, nou te chwazi yon to echantyonaj ki te ase siyifikatif. Sa te fè nou wè, ke te genyen 60 pou 100 de reyisit, nan plantil ke elèv yo mete nan tè. Sa fè nou wè ke edikasyon anviwònman, nan nivo lekòl kapab fè ke elèv yo patisipe nan vas pwogram rebwazman, ke anpil ONG livre yo nan batay sa, depi plizyè ane. Sa se yonn nan enpòtans ke mwen te gen poum te prezante nou.

Genyen anpil rezulta ke nou jwenn, ke mwen konsidere ki ase enpòtan, nan kad yon edikasyon sou pwotèksyon anviwònman. Ki rezulta ke yo ye?



Premyèman li ta bon pou nou ka chita sou ki kantiite elèv, depi kòmansman pwogram nan, jiska kounye-a ki resevwa enfòmasyon. Nan 12 ane ke pwogram nan ap travay, nou kapab di genyen anviwon 7400 elèv ki resevwa yon fòmasyon nan zafè pwotection anviwònman. Se sa mwen rele edikasyon fòmèl la. Premye tip rezulta ke nou twouve, se kantiite elèv ki fòme.

An nou rantre nan zafè travay pratik la. Lè nou konsidere yon pasaj Biblik, Bondye te di ke: "*Mwen ba nou tout kalite plant ki pou bay nou fwi ak gress, mwen bay nou tout kalite pyebwa ki pou ba nou manje*" Men ki sa nou konstate? Move aksyon nou sou anviwònman, montre ke nou pa genyen divèsite nan milie-a ankò, genyen sa nou rele yon ratibwazaj, si n'ap pale nan yon bon kreyòl. E nou wè bon divèsite ke Bondye te pèmèt nou benefisyè-a, ak tan-an, l'ap mache nan wout destriksyon li. Sa vle di, pa gen anpil divèsite nan nati a ankò, gen anpil pye bwa ki disparèt, gen anpil espès ki anvwa de disparisyon. Fenomèn nan ka klè pou nou menm k'ap viv nan peyi Ayiti. Gen de kote ki te gen tèl pyebwa nan tan lontan, men nan tan sa, yo vin disparèt. Paske nou gen yon eksplwatasyon aoutrans, yon eksplwatasyon sistematik, ke nou fè de espès sa yo.

Nan kad pwogram nan, nou bay priorite a sa yo rele yon divèsite, sa vle di nou marye, non sèlman espès frityè, espès forèstyè ak plant ònemantal. Sa vle di genyen pwodiksyon tout kalite plant sa yo ki fèt, pou ke zòn kote lekòl sa yo ye-a, kapab plis ou mwens chanje de vizaj. Kote ke yo kapab retwouve, pa nan yon tan kout, men nan yon tan plis ou mwens lon tèm. Yo kapab retwouve sa yo rele bote lontan yo. Sa vle di vejetasyon agreab ki te genyen an, petèt ke nan yon tan plis ou mwens lon tèm, nou kapab abouti a yo. Paske chak ane nou gen yon kantiite de plantil ke elèv yo mete nan tè-a.

Si n'ap gade kantiite plantil ki pwodui nan lekòl sa yo, soti 1988 rive 1999, nan 25 lekòl ke òganizasyon yo sipòte aktyèlman, se 198 395 plantil ki pwodui pa elèv sa yo. Sa bay yon mwayèn de 16 532 plantil ki pwodui chak ane nan chak lekòl. Ki sa ki pèmèt ke nou rive nan pwodiksyon sa? Se edikasyon sou pwotection anviwònman. Nan moman sa elèv la patisipe nan operasyon pratik yo, e li kapab pran konesans de diferan teknik de pwodiksyon plantil.

Sa ka pèmèt elèv sa, aprè ke li fin boukle sik pimè li ki se sètifikasi, ka kontinye eksperians la pou li kapab genyen yon lòt imaj. Nou kwè ke se tout byenfè pwogram sa kapab pwodui nan milie elèv yo patikilyèman.

Lòt rezulta ankò se sou fòmasyon resiklaj pou pwofesè. Pwofesè yo k'ap asire kou yo, sitou kou teorik yo. Genyen sa yo rele seminè de fòmasyon ke nou òganize pou yo nan chak komansman ane. Sa vle di nan komansman septanm gen seminè ki fè, ki pèmèt yo aprofondi konesans yo nan domèn nan. Paske san seminè sa yo, pwofesè yo pa t'ap an mezi pou kominike elèv yo nosyon teorik yo. Nan seminè sa yo gen yon seri de tèm byen espesifik ki ka pèmèt yo reponn a kèk kesyon ke elèv yo ka poze. Kesyon sa yo kapab kole pwofesè-a, e se seminè sa yo ki ede pwofesè yo sezi konsèp anviwònman byen, pou li kapab fè yon fòmasyon de kalite, yon fòmasyon valab ak elèv yo.



Pami modil nou prepare déjà, nan ane ki sot pase yo, depi 1993 ke seminè-a ap organize pou pwofesè yo, gen anpil tèm sou dlo, resous natirèl, plant, konsomasyon bwa, sa vle di yon seri de tèm jeneral, ke nou trete. E nou bay profesè-a yo, e nou fè kèk seans de fòmasyon pou yo kapab sitye vrè problèm anviwònman, e pou yo kapab kanalize, ou byen oriante elèv la nan nosyon teyork, ki disponib nan livrè de fòmasyon ke nou bayo.

Lè nou te fè yon kont, nou te wè ke de 1993 a 1999 nou te genyen anviwon 744 pwofesè ki déjà benefisyé de seminè resiklaj sa yo. Sa vle di fòmasyon sou pwotèksyon anviwònman, li pa limite sèlman nan kiltivatè, pou n'ap preche: pa brile tè, pwodui plis konpòs, olye ke n'ap mete angrè chimik nan gran kantite. Men li chita sou fòmasyon elèv ki nan 15 -20 lane. K'ap gen pou pran relèv peyi-a nan men yo, e li chita sou profesè egalman, ki pami yo menm, non sèlman se profesè ke yo ye, men ki agrikiltè tou.

Pa rapò yon tèl pwogram, kapab genyen kèk propozisyon ke nou emèt. Nan analyze ke nou fè patikilyèman, tout rechèch ki fèt, montre ke timoun yo pi reseptif a pati de 5 - 6 lane. Tandi ke, pwogram nan kòmanse a pati de twazyèm ane, pou elèv ki gen 9 - 10 zan. Ki sa nou wè? Nou wè ke yon ekstansyon, sa vle di, jeneralize pwogram nan, nan echèl nasyonal, sa va yon bon bagay. Paske nan yon ane nan 25 lekòl, nou wè ke gen 16532 plantil ki arive pwodui, sa vle di yon pwogram ki ta gen ekstansyon li nan echèl nasyonal, nou wè ke, ki kontribusyon sa kapab genyen, nan zafè pwoteksyon anviwònman, nan zafè lit kont debwazman. Nou wè sa t'ap yon apò ase apresyab, yon pwogram konsa ka jeneralize.

Kòmantè ke nou fè ki kapab anpeche yon tèl ekstansyon, premyèman se sa nou kapab rele yon absans de dokiman de referans. Jiska prezan, se livrè sipò pedagojik pawòl e aksyon yo, k'ap sèvi nan lekòl yo. Gen kèk ra lekòl prive ki déjà kòmanse aplike pwogram nan. Nou espere ke, li ka yon solisyon si yon pwogram konsa, kapab gaye nan tout peyi-a. Sa t'ap pèmèt, yon priz de konsyans kolèktiv, ak yon pi bon konpreansyon de pwoblèm degradasyon anviwònman. Nan moman sa, non sèlman ap gen yon priz de konsyans kolèktiv, men kontribusyon elèv yo nan rebwazman, mwen panse ke li t'ap vrèman yon gran pa, pou ke peyi Ayiti, mwen pa di ke li t'ap vèt kon poro jan li te ye, men li t'ap genyen yon lòt reyalite, li t'ap plis ou mwens genyen yon lòt chanjman. E chanjman sa ka posib si mwayennan, gen volonté, gen patisipasyon, ak tout detèminasyon ki bon pou sa.

N'ap tann yon program konsa, tankou mwen sot di li, ki sa ki ka anpeche yon tèl ekstansyon, se yon dokiman de referans. Dokiman sa li kapab soti, ou byen ministè edikasyon nasyonal, ou byen ministè anviwònman. Nou espere ke yon jou ou yon lòt, lè nou pran kont de rezulta ke nou rive jwenn, nou panse kapab genyen yon ekstansyon nan yon echèl ki pi gran nan 9 depat man jeografik peyi-a. Lè sa nou panse ke nou kapab di edikasyon de baz sa, ka pèmèt ke anviwònman genyen yon lòt vizaj, yon lòt rale souf, e li soti nan gwo problèm ke l'ap konfronte jounen jodi-a.



Ki pi gran prensip ki enpòtan pou nou pwoteje anviwònman. Pi gran prensip ki enpòtan pou pwoteksyon anviwònman se yon edikasyon ki baze sou edikasyon anviwònman. K'ap fèt non sèlman pou kiltivatè, men ki fèt pou elèv, ki fèt pou pwofesè. Genyen kék prensip. Si òganizasyon Pawòl ak Aksyon bay anpil fòmasyon a elèv ak kiltivatè, sou zafè pwoteksyon anviwònman, sa pa sifi pou nou rive a yon rezulta. Men sa mande konkou lòt antite, konkou sa yo, yo dwe pati a la baz de leta Ayisyen. Non sèlman yo dwe pati de leta Ayisyen, men gen yon seri de mezi ki nesesè. Gen de rechèch ki ta dwe fèt. A pati de rechèch sa yo, nou ka rive a de mezi, ki plis ou mwens, espesifik pou reyalite pa nou. Paske yon rechèch gen dwa bon pou yon lòt peyi, men a pati de reyalite pa nou, ke n'ap viv la, petèt se lòt mezi ki efikas.

Ki lòt solisyon ankò? Se sa nou rele pran yon seri de lwa e veye ke lwa sa yo respekte a 100 pou 100. Se prensip ki pi bon pou pwotete anviwònman. Sou kontwòl ministè anviwònman, ki se òganis ki genyen responsablité pou veye aske nou genyen yon anviwònman ki pa toujou ap degrade, men ki pwoteje. Puiske nou mize sou fòmasyon, nou wè ke li se yon mwayen ki ka pèmèt, ke nou rale souf ak gran pwoblèm anviwònman.

Ki lòt prensip ankò se sa nou rele veye aske lwa yo aplike. A ki sa fòmasyon sa yo kapab abouti? Fòmasyon sa yo ka pèmèt elèv yo, prefesè yo ak kiltivatè -yo pran konesans de ki danje ki menase yo, pou yo ka pran yon desizyon sou dega sa yo. Paske gen anpil danje ki menase moun. Fòmasyon sa yo ka pèmèt ke kiltivatè, elèv, pwofesè mande otorite yo pou pran kèk mezi, pou aji vit fas a yon pwoblèm ki prezante.

M'ap bay yon egzanp plis patikilyèman. An nou considere mòn lopital, se tout yon vèsan ki gen dwa konstitye yo gwo danje pou moun k'ap viv nan potopwens lè gen yon gwo lapli. Men ki sa ki pral pase? A pati de enfòmasyon ke moun yo konnen, ke gen yon gwo danje ki menase yo, yo kapab mande otorite yo pou pran kèk mezi apropriye, pou anpeche konstriksyon anachik, pou anpeche eksplwatasyon anachik de min sab yo. Nou wè sa se wòl yon vrè edikasyon sou proteksyon anviwònman. Si moun nan inyore prensip sa yo, nou wè ki danje ki ka menase, lè sa sa kapab anpeche'l oblige otorite yo, pran mezi pou estope.

Ki sa sa ka pèmèt ankò? Sa ka pèmèt yon bon koperasyon entènasyonal, ki kapab pèmèt ou wè ki eksperians ki fèt, e ak ki sa ke ou dwe abouti.

An gwo mwen panse ke se tout rezulta sa yo ke nou jwenn a pati de pwoteksyon anviwònman, e sa sa ki pèmèt ke nou di vrè edikasyon sou pwotèksyon anviwònman kapab pèmèt yon chanjman de mantalite, ni lakay elèv, ni lakay kiltivatè, ni lakay profesè.

"Moun ki travay jaden ap jwenn manje pou yo manje plen vant yo" Proverb 12:11



## KATRIYEM PATI





## 13) LEVANJIL AK DEVLOPMAN

*Pou Pwoteje Anviwònman*

**JEAN CLAUDE CERIN**

**Ki sa MEDA ye?** MEDA vle di Asosyasyon Mennonite pou Devlopman Ekonomik. Meda se yon organizayon ki baze nan peyi Etazini ak Kanada, ki genyen kòm misyon li, pou ankouraje moun, avèk kominate, pou yo kapab reyèlman pran destine yo an men. Patikilyèman, nan domèn devlopman ekonomik. Fason ke li fè'l, se nan ede yo organize aktivite ki pou pèmèt yo jenerer revni. Se sitou nan sa ke Meda espesyalize li. Ti antrepriz, mwayèn antrepriz, microentrepriz, swa endividye'l, swa kolèktif. Se sa ki fè Meda travay ak koperativ, konsa tou li travay ak endividé, microcredi, eksétera. Pou kounye-a, Meda genyen 2 gwo pwogram an Ayiti. Nou gen yon pwogram de kredi riral, ke nou fè a travè yon metodoloji, ke nou rele bank kominotè. Meda travay nan sa, nan yon kominate, kote gen ant 30 ak 60 moun, ki mete tèt yo ansanm, e yo resevwa kredi ansanm, pou yo fè aktivite, swa agrikòl, swa komès, swa estokaj, swa lòt aktivite pwodiksyon ki gen nan zòn nan. Men se ansanm yo resevwa kredi-a, se ansanm yo remèt li tou. Se pa chak gress moun ki annafè avèk organizayon an. Sa se yon premye program ke Meda genyen.

Yon dezyèm program, ki pi gwo ke Meda genyen, ki rele Federec, se "Fond pour Environnement Developpement Economique et Reconstruction Civil". Federec se yon pwogram k'ap travay nan 15 kominate nan peyi-a, 5 nan gwadans, 5 nan Sid kote nou ye-a, e 5 nan Lwès. Nan chak kominate sa yo nou entèveni nan 4 domèn. Tou dabò, nou entèveni nan domèn agwoforestri, agrikilti pou amelyorasyon sityasyon agrikòl nan zòn nan e pwotèksyon anviwònman.

Dezyèm volè-a, se volè enfrastrikti. Enfrastrikti ke Federec fè entèvansyon li se enfrastrikti dlo. Nou te entèvini nan enfrastrikti wout tou, ki te finanse pa gouvènman Kanadyen, men kounya pwogram sa fini. Se enfrastrikti dlo ke n'ap travay kounye-a, sa vle di kaptaj de sous, sitèn. Diferan bagay , irrigasyon, basen pwason, dlo pou izaj domestik, eksétera.

Twazyèm domèn nan se domèn devlopman ekonomik. Nan volè sa, nou bay kout men nan ede komèsyalize danre ki nan zòn nan, men tou, li genyen yon aspè kredi ladan'l tou. E menm aspè ki genyen nan pwogram kredi riral la, li antre tou nan pwogram Federec la, se menm metodoloji bank kominotè-a, ke nou sèvi tou nan pwogram Federec la.

Finalman gen yon aspè de devlopman kominotè, ki gen aspè fòmasyon pou dirijan kominate yo, e fòme kominate-a pou lè pwogram sa fini, genyen yon estrikti



ki rete an plas, ki kapab kontinye travay devlopman ke Meda fè, se pwogram Federec la fè pandan 3 zan, li enplike nan kominote-a.

Se pwogram sa yo ke Meda genyen kounye-a l'ap travay. Si ou bezwen nou, ou ka pase nan biwo Meda, y'ap bay ou enfòmasyon ak brochi sou travay ke meda fè.

Sijè ke nou genyen maten-an, se yon sijè ki enpòtan. N'ap patisipe nan yon konferans agrikòl, sa vle di ke, tout moun ki la, yo genyen yon fason, ou yon lòt, pou wè avèk agrikilti. Swa ke, antan ke agrikiltè, ki entèvni dirèkteman nan domèn agrikilti. Swa ke antan ke teknisyen agrikòl. Swa antan ke ankadrè. Swa nan yon kapasite ou yon lòt, pou entèvni nan domèn agrikilti. Depi ou pale de agrikilti, ki sa ou wè? Ou wè tè-a. Sijè ke mwen gen pou'm trete, se responsabilite kretyen nan pwoteje tè-a, avèk anviwònman. Mwen ta renmen trete sijè sa-a, nan 2 pati.

Premye pati-a, mwen pral gade ansanm avèk ou, yon bagay ki rele dezas ekolojik. Ki vle di dezas anviwònman. Nou pral gade li ansanm, pou nou wè ki sa li ye, pou nou wè lè yo pale de dezas sa, ki sa yo vle di? Se nan dezyèm pren-an ke nou pral pale ansanm, ki responsabilite kretyen-an, genyen fas a dezas, anviwònman sa? Dezas Ekolojik.

Lè yo pale de ekolojik, se yon mo nou konn tandem souvan. Ekoloji, vle di etid systèm la vi, ki genyen sou tè-a. Ekoloji vini de "Eko" ki vini de yon mo grèk "ecos" ki siyifi "abita", ki vle di anviwònman, kay la kote wap viv la. Men se pa sèlman kay la li menm, men se tout sa ki antoure kay la kote wap viv la. Lè yo pale de ekoloji se etid de abita kote nou ye-a, ak tout sa ki antoure nou, e ki mare ansanm, ki makonnen ansanm e ki bay ou byen ki kenbe la vi sou tè-a. Se sa mo ekoloji-a vle di. Se sak fè yo pale tou de ekosystèm.

Ekosystèm nan se diferans systèm la vi ki genyen sou tè-a. Si ou ta gade pa egzanp, si ou di konsa, ou pran dlo, ou pran yon rivyè. Nan rivye sa-a, se yon ekosystèm ke li ye. Answit se yon systèm ki bay la vi a plizyè èt vivan. Yo chak, yonn nouri lòt. Wap jwenn ke, ti pwason pit yo, yo manje limon, limon an se limenm ki pati lavi yo nan chèn nan, se konsa ti pwason pit yo manje limon. Jèn pwason yo manje ti pwason yo. Gwo pwason yo manje jèn pwason yo. Sa fè ke yonn bay lòt lavi, e se yonn ki kenbe la vi lòt, nan chèn nan. Tandis ke nou menm moun sa nou manje? Nou manje pwason yo. Se sa yo rele ekosystèm, se yon systèm ki genyen nan la vi, yonn fè lòt viv.

Si ou ta gade pye bwa, si ou ta gade jan nou ye nan anviwònman nou an. Se yon ekosystèm kote genyen pyebwa, pyebwa bay moun la vi, men eske moun bay pyebwa la vi tou? Wi, moun bay pyebwa lavi, nan sans ke dechè ke moun genyen, li nouri pyebwa tou. E moun plante e nouri pyebwa. Yonn nouri lòt. Pyebwa, plant yo, fè bêt yo grandi. Bêt yo tou ak dechè yo, yo nouri bwa tou. E



moun manje bêt yo, bêt yo sèvi pou moun kapab, swa transpòte, swa ale de yon kote a yon lòt, swa yo sèvi ak bëf pou fè chari, tout sa antre nan sa ke nou rele yon ekosystèm.

Se yon fason pou yo di ou, ke tout bagay ki genyen sou tè-a, yonn mare ak lòt. Tout èt vivan yo, de pye bwa, bêt ki pi piti yo, bêt ki pi gwo yo, bêt k'ap viv nan lanmè, bwa k'ap viv nan lanmè, tout, yon fason ou yon lòt, lavi yo makonnen yonn ak lòt. E si ou gade, ou wè ke gen yon dezekilib ki rive nan ekosystèm nan, si dezekilib la trò gwo, li kapab koze sa ke yo rele yon dezas, nan ekosystèm nan.

Jodi-a, yo pale de yon dezas ekolojik nan ekosystèm nan lemond, nan anviwònman. Gen yon moun yo rele Pòl Brann, Misye se yon gran misyonè medikal, ki pase plizyè ane nan lavi li, ap travay nan peyi Ind, ap trete moun ki gen la lèp. Tande yon gran pawòl ke misye di, li di: "*Lemond ap mouri pa mank bon tè, ak dlo pwòp. Lontan anvan pou'l ta mouri pa mank antibiyotik, ou byen pa mank espesyalis, ki konn fè operasyon.*" Misye rekonèt ke pi gwo pwoblèm ke lemond gen kounye-a, se pa nan domèn medikal ke li ye, se pa mank remèd ki pi gwo pwoblèm nou. Pwoblèm nou gen kounye-a ki pi grav, se mank bon tè ak dlo pwòp, ki pou kenbe moun anvi. Se sa ki pwoblèm ki ijan ke lemond genyen.

Genyen yon gwo evanjelis, yon sosyològ Ameriken, yon gwo konferansye ki rele Tony Kanmpolo. Nan yon liv li ekri li di: "*Lè mwen chita pou'm reflechi, mwen mande tèt mwen, kisa ki tèlman enpòtan pou'm genyen, ki pou ta fè'm sakrifye lavni pitit mwen yo, ak lavi pitit pitit mwen yo, pou'm ta rive jwenn bagay sa?*" Jan moun sou tè sa, kounye-a, ap detwi pwòp abita, ekosystèm kote n'ap viv la. Sa ap fè, ke pi devan, nou kite pou pitit ak pitit pitit nou yo, yon ekosystèm ki detwi konplètman.

Tou le de deklarasyon sa yo gen pou wè, ak sa ke nou rele dezas aviwònman, ke n'ap viv jodi-a. Kòman dezas sa manifeste li?

Premye aspè ki genyen nan anviwònman, li kòmanse pa sa ke yo rele eksplozyon popilasyon. Se yon dezas demografik ke li ye dabò, yon kriz demografik. Yon kriz, nan ki valè moun, ki genyen sou tè-a. Nan lane 1830, se pou premye fwa ke lemond te rive genyen premye milya (mil milyon, 1 000 000 000) moun ki genyen sou tè-a. Anpil milye lane pase, anvan ke le mond rive genyen yon milya moun. Vwala ke 100 lane pi ta, an 1930, lemond vin genyen 2 milya moun, sa vle di li double nan 100 ane. 30 lane pi ta, an 1960 le mond vin gen 3 milya moun. 15 zan pi ta, an 1975 le mond vin gen 4 milya moun. E jodi-a, yo di nou ke chak 7 lane, gen 1 milya moun anplis. Se yon bagay ekstraodinè n'ap di la. Anpil peyi gen tan depase limit, ke sistem sipò lavi yo gen tan depase limit yo. Nan limit sistem sipò ke yo kapab genyen. Kapasite pou sipòt ekosystèm. Paske gen tan gen twòp moun deja, yo rele sa dansite popilasyon ki twò dans. Sa se premye aspè nan dezas sa, ki rele dezas ekolojik la.

Dezyèm aspè ki genyen ladan li, se sa ke yo rele gaspiyaj resous. Anmenm tan kote lemond vin ap grandi, vin gen plis moun sou tè-a. Men se



konsa tou vin genyen yon mantalite, nan anpil kote, patikilyèman nan peyi ki devlope-yo. Kote konsomasyon san limit, nou gen dwa konsome, nou gen dwa ravaje, konsome resous lemond yo, se kòmsi pa gen anyen. Tout bagay ka renouvre. E gen de bagay ke y'ap konsome, y'ap itilize, yo pa kite okenn rezèv ladan yo. Sa se dezyèm aspè ladan.

Patikilyèman, sa ke yo rele revolisyon endistryèl la, li vini ak mantalite sa, lè ou rive yon kote ou jwenn min yo, ou eksplwate min yo, jis li pa gen ankò, apre sa ou fèmen. Lè ou rive, ou jwenn petròl la ou eksplwate li, epi ou gaspiye jan ou vle. Sous enèji yo, ou pran yo, ou gaspiye yo. Menm lè ke lemond, ap ogmante valè moun, konsomasyon ap ogmante konsa tou, menm jan. Sa vle di ke nou ta dwe diminye nan fason n'ap konsome, men nou vin konsome pi plis.

Yon twazyèm aspè ke dezas ekolojik la pran, se sa ke yo rele kriz pwodiksyon ak kriz enèji. Sa ki rive? Sous enèji ak sous pwodiksyon ke nou genyen sou tè-a, y'ap vin pi ra de plis an plis. Nou sèvi rezèv petwòl, rezèv metal presye, pyebwa ki se yon sous enèji tou, tè pou moun travay, tout bagay sa yo vin pi ra. Se pa sèlman sa, manke sous enèji, ki pou ranplase sous enèji ke nou te konn sèvi yo. Kounye-a, yo vin ranplase yo, pa sa ke yo rele izin enèji nikleyè. Enèji nikleyè se menm prensip ki genyen nan bonb atomik la, yo pran'l, yo aplike'l, epi yo fè izin ak li, ki pou bay elèktrisite. Men yo di ke, sa antre nan menm dezas la toujou, paske chak izin enèji nikleyè, se sa ke yo rele yon bonb a retadman. Sa vle di se yon bonb k'ap tann lè li rive pou li eksplode.

Katryèm aspè ki genyen nan kriz dezas la, se sa ke nou rele kriz ekolojik la. Kote genyen destriksyon abita-a, ekosystèm nan. Kòman li parèt? Se destriksyon forè yo, ak plizyè espès plant, plizyè espès bêt ki disparèt sou tè-a. Destriksyon forè twopikal la patikilyèman, paske yo di ou, forè twopikal la se li menm ki enpòtan, se li menm ki sèvi tankou yon senti pou la tè, ki pèmèt ke genyen yon seri de echanj ki fèt. Lè ke gen forè twopikal yo sitou, sa yo fè? Yo absòbe lapli, dlo-a ki retounen ankò, li evapore, ki al tounen nyaj, ki pwovoke sik dlo-a. Se sa ki alimante tout sous dlo, ki genyen, se sa ki alimante rivyè yo. Se plis y'ap detwi forè twopikal yo, se plis wap gen dezè, ki vin fèt plis sou tè-a. Yo menm di konsa ke pi gwo forè twopikal ki genyen se forè amazonyen-an, k'ap detwi rapidman. Y'ap detwi li pou yo batikay, pou fè planch, eksplète nan gwo izin, nan gwo peyi, eksatera. Gen de tribi andedan forè amazòn nan, ki te konn viv la, e ki te swiviv andedan forè-a, yo oblige kite, yo ale lòt kote. Gen de tribi ki disparèt ladan li.

Men pandan ke y'ap detwi forè amazòn nan, sa gen repèkisyón jis rive nan Afrik. Paske, se li menm ki sèvi rezèv dlo, ki nouri moun jis kounye-a. Paske dlo ou wè k'ap pase sou sifas tè-a, se pa dlo sa sèlman ki genyen, pifò dlo pase pa anba tè, e se forè yo ki pèmèt ke nou gen nap dlo sa yo, ke yo rele nap akifè ki konsève dlo. Plis wap gade forè k'ap detwi, se plis rezèv dlo ou byen nap dlo ki genyen sou tè-a ap diminye. Sa se gwo dezas.

Nan menm dezas ekolojik sa, nou vin jwenn sa ke yo rele polisyón. E se dènye aspè-a. Polisyón-an, ki sa li ye? Se gwo izin, gwo faktori, ki pwodui yon



seri de bagay, ki antre nan anviwònman, e ki kontinye ap detwi anviwònman. Gwo izin ki fè pwodui chimik, bagay chimik sa yo, li gaye yo nan lè, sou bwa, sou tè, nan lanmè, nan rivyè. Epi kounye-a ki anpwazone anviwònman. Ki touye plant, ki touye bèt, ki touye moun pafwa. Sa se lòt aspè, men non sèlman sa. Avèk pakèt izin, ak lòt bagay, vin genyen plis moun ki vin gen sou tè-a tou, vin genyen yon pakèt dechè, yon pakèt fatra. Lemond pa konn sa pou li fè ak fatra sa yo, e pi plis fatra sa yo, se yon pakèt fatwa ki paka pouri. Se sa yo rele fatra ki pa degradab, yo di yo pa biyodegradab.

Sa yo rele yon bagay biyodegradab? Se yon fatra si ou lage li atè-a la, ou kite li fè yon valè ane, wap vin jwenn, aprè kèk tan ke li pouri. Pa egzanp, bwa plant, bèt, tout bagay sa yo. Si ou kite li la, la nati ap pran swen li, l'ap pouri bagay sa yo. Men pi plis, nou vin genyen yon seri de dechè, yon seri de fatra ke izin, ke faktori pwodui, bagay sa yo, yo pa biyodegradab, sa vle di, yo pa kapab pouri. Ou mèt lage yo la, atè-a, y'ap rete la, pou syèk e dè syèk. Yo p'ap pouri. Se yon gwo pwoblèm, yon gwo aspè, nan kriz ekolojik la.

Nan polisyon-an tou, bagay ki pi grav, sè ke, gen yon seri de dechè, gen de la fimen ki pwodui, nan atmosfè-a, ki sa yo fè? Yo al detwi sa ke yo rele, yon kouch ki genyen anlè, nan atmosfè-a ki rele ozòn. Kouch ozòn sa, se yon kouch Bondye te mete pou'l bare limyè solèy la, lè reyon solèy la ap vin jwenn nou, gen yon seri de pati nan reyon solèy la, ki pa bon pou moun. Li pa bon pou po nou, gen yon seri de reyon nan solèy la ki pa bon. Lè li pase nan kouch ozòn nan, ki sa ou konnen kouch ozòn nan fè? Li filtre reyon solèy la, li fè ke, sa ki vin jwenn nou, nan reyon solèy la, se sa nou ka sipòte. Bagay sa yo, k'ap ponpe la fimen sa yo, ap detwi sa ke yo rele ozòn nan. Puiske kouch ozòn sa detwi, gen yon seri de reyon k'ap vin jwenn nou, la tè ap vin cho pi plis, tanperati tè-a ap vin pi cho. Chak anè, ou ka remake li fè yon ti kras pi cho. Moun k'ap mezire a travè tan-an, rann yo kont ke se konsa vre, ke latè ap vin yon ti kras pi cho. Lanmè ki te konn glase lontan yo, pafwa gen yon ti jan lache nan glase a. Avèk le tan, nou pa konn kijan bagay sa ap vin fèt, lè ke la tè vin rechofe konsa.

Sa se tout faktè sa yo ki konbine ansanm ki fòme sa yo rele kriz anviwònman, kriz ekolojik la.

Nou t'ap pale de lemond, e kòman sa ye nan peyi nou? Si ou ta pran aspè pwoteksyon abita natirèl an Ayiti. Ou konnen ke Ayiti redui a mwens ke 2 % forè oriijinal ke li te genyen lontan. Sa vle di, gen 98% nan forè ke nou te genyen lontan ki disparèt. S'ak te konn fè yo di, Ayiti se pèl dè zantiy la, li disparèt a 98%. Kounye-a rete 2%. Nan 2% ki rete-a, gade a ki vitès ke y'ap disparèt. Pa ane yon konsome nan Potopwens 200 000 tòn chabon bwa. Pou yo fè 200 000 tòn chabon bwa, ou bezwen koupe 400 000 pyebwa. Mezanmi, sa se chabon sèlman. Dry cleaning bezwen bwa, boulanjri bezwen bwa, konstwiksyon bezwen bwa di, e bwa di ki pa menm rive gwo bwa. Depi li jenn tibwa se koupe fè bwa di. Se nan pwen sa, ke nou ye an Ayiti. Pa gen ranplasman, pa genyen yon leta ki pou vin di, holal!, nou pap kapab koupe bwa, san ke ou pa ranplase. Pa genyen yon leta ki



pou ta di, n'ap fè ansòt ke enèji ki te kapab ranplase yo, n'ap mete li a bon mache, pou li ranplase chabon bwa ak bwa.

Pa gen sa, gaz propane, tout bagay ki te kapab ranplase bwa yo, pa gen yon bwèt sou yo pou ki ta pèmèt yo bon mache. Yo trè chè. Ki donk, erozyon fin pote ti rès tè-a ale jete nan lanmè. Konsekans ki gen nan sa, sè ke, tèt mòn nou yo, fin dekale, peyizan nan mòn pa kapab plante. Menm tè sa ki soti nan mòn, lapli pran li, li desann nan lanmè, menm tè sa al konble lanmè, l'al touye pwason, l'al touye lòt kalite bêt ki genyen nan lanmè. Pechè pwason paka peche pwason.

Polisyon an komanse rèd an Ayiti, anplis de polisyon-an erozyon koze-a. Men si ou ta pase pa dèyè site solèy, pou ta wè jan faktori yo lage pwodui chimik yo, pa dèyè nan lanmè. Lanmè-a komanse polye rèd chèch. Pafwa ,lè nou sèvi ak angrè, ak pestisid, san kontwòl, sa tou pwovoke polisyon, e lakoz destriksyon kèk espès plant ak kèk espès bêt.

Si mwen ta pran aspè demografik la menm an Ayiti, aspè valè moun ki genyen menm, nou pa bezwen pale, paske nou konnen kijan popilasyon an ap grandi ak rapidite. Mwen sonjè lè mwen te nan lekòl segondè, yo di Ayiti gen 5 milyon moun, kounye-a gen moun ki di Ayiti gen 7 milyon, gen lòt ki di li gen 8 milyon. Sa nou konnen sè ke l'ap grandi vit, fanmiy Ayisyèn an, fè an mwayèn anpil pitit. Ki donk dansite popilasyon an Ayiti-a, depase dansite tout lòt peyi ki genyen nan karayib la. Nan menm tan n'ap pèdi tè nou yo, n'ap pèdi forè nou yo rapidman, n'ap pèdi posiblite pou nou pwodui rapidman, e nan tan sa menm n'ap fè anpil pitit, n'ap vin pi plis sou tè-a. Sa se pati pa nou nan dezas anviwònman.

N'ap ale nan dezyèm pati-a kounye-a. Ki responsabilite kretyen-an genyen fas a dezas ekolojik sa, fas a dezas anviwònman sa? Bondye kreye lòm daprè pòtre li, daprè resanblans li. Li mete li sou tè-a, epi li bay lòm otorite sou tout bagay ki gen sou tè-a. Se sa nou jwenn nan jenèz chapit premye vèsè 26. Men sa li di: "*Bondye di ankò, an nou fè moun, n'ap fè li pòtre ak nou pou li sanble ak nou. La gen pouvwa sou pwason nan lanmè yo, sou zwazo ki nan syèl la, sou tout bêt yo gade, sou tout la tè, sou tout bêt nan bwa, sou tout bêt ki trennen sou vant, sou tè-a*" Epi Bondye kreye moun, li fè'l pòtre ak li, li kreye yo gason ak fi.

Li fè lòm gason ak fanm, non sèlman li mete'l sou tè-a, li di'l ou kapab gen otorite sou li, men li di'l tou nan vèsè 29 a 30, Bondye di, gade: "*Mwen bannou tout kalite plant ki bay grenn, ak tout kalite pye bwa ki bay fwi ak grenn pou nou manje. Men tout bêt ki sou tè-a, tout zwazo ki nan syèl la, tout bêt ki trennen sou vant, oui, tout bêt vivan, m'ap bay yo zèb vèt pou yo manje.*" Se sa ke Bondye te fè, li mete nou sou tè-a, li kreye nou daprè pòtre li, daprè imaj li, e li di nou pou nou gen otorite, gen moun ki di gen dominasyon sou tè-a, sou la nati, sou anviwònman, sou bwa yo, sou plant yo, sou zwazo yo, sou pwason yo. E li menm mande lòm poul bayo non. Li di m'ap fè bêt yo vin devan ou, wap bay yo non pou mwen. Sa pase, ah n'ap rele sa Elefan, sa pase, ah n'ap rele sa lyon, sa pase, ah n'ap rele sa chyen.



Lòt bagay li fè, lè lòm vin peche, Bondye vin mete yon madichon sou tè-a. Li di konsa ke wap kontinye genyen otorite sou tè-a, men ou pwal oblige gaye pen ou, kòman? Avèk syè pa ou. Wap oblige travay di pou kapab ganye pen ou. Ou toujou gen menm tach la toujou, men tach la ap vin pi difisil pou fè. E gen plizyè lòt pasaj nan Bib la ki konfime sa. Ke Bondye te mete lòm sou tè-a, e li te bay lòm yon responsabilite, li bay lòm otorite, pou ke li kapab domine, pou ke li kapab pran swen tè-a. Gade nan Sòm 8:5-8, l'ap pale de lòm, "*li di ou fè yo yon ti kras pi piti pase-ou Bondye, tankou yon kouròn sou tèt yo, ou bay yo pouvwa ak rèspe, ou mete yo pou yo dominen sou tout sa ou fè, ou mete tout bagay anba pye yo. Bèf kon kabrit, ansanm ak tout bêt nan bwa yo.* Zwazo nan syèl, pwson nan dlo, ansanm ak tout lòt bêt k'ap viv nan lanmè". Sa se Bib la. Kesyon nou dwe mande tèt nou. Bondye mete gason ak fanm sou tè-a, li di mwen bannou pouvwa sou tout sa ke nou wè la. Kesyon nou dwe mete nan tèt nou, se ki kalite responsabilite, ki kalite pouvwa lòm genyen pou li egzèse, sou la nati, sou linivè, sou anviwònman, sou tè-a, sou lanmè-a, sou zwazo yo, epi sou pwason, ou bét, sou plant.

Ou konnen ke se la tout dram nan rete, se vre ke Bondye te bay lòm otorite. Men dram nan chita nan ki fason lòm pran otorite sa. Ou konnen ke yo akize teyoloji pwotestan, yo di konsa ke se li menm ki lakoz, mantalite moun vin genyen, ki fè ke moun wè tè-a ak anviwònman yon lòt fason. Yo di se teyoloji pwotestan ki fè ke sosyete-a, patikilyèman sosyete oksidental la, lage kò li debride, nan eksplwate resous latè-yo, san gade dèyè. Moun sa yo site yon gwo pawòl, ke yon gwo refòmatè ke yo rele Jean Kalvin te ekri. Jean Kalvin se yonn nan papa refòm nan, refòm pwotestan aprè Matin Luther. Jean Kalvin se yon gwo savan kite ekri anpil kòmantè. Misye ekri yon liv, ki se kòmantè sou Bib la. Nan liv ki rele kòmante sou premye liv moyiz te ekri, misye ekri yon gwo pawòl. Men sa li di: "*Nou kapab konprann daprè janèz, pou ki rezon tout bagay te kreye, se poutèt pou lòm pa janm manke anyen, nan sa li bezwen pou la vi li ka alèz. Nan fason kreyasyon an fèt menm, Bondye, se pou bezwen lòm, li t'ap fè tout provizyon, paske li mete nan lemond, tout bagay lòm bezwen, e menm yon kantite richès enfini, anvan menm li te kreye lòm*". Sa vle di, lòm te rich depi avan li te fèt. Si mwen rezime sa Kalvin di, tout sa Bondye te kreye sou tè-a, se pou lòm ke li te kreye'l, se pou li kapab reponn a bezwen lòm, se pou lòm te kapab alèz. Sèvi ak tout bagay yo, paske se richès enfini pou lòm sèvi jan li vle.

Ou konnen gen moun ki vini aprè Kalvin, ki pran pawòl Kalvin yo, e ki ale jiska lekstrèm avèv yo. Se vre genyen disip Kalvin, moun ki ekri apre Kalvin, ki di wi, o non de sa, lòm kapab fè sa ke li vle avèk anviwònman. Pouvi ke sa li ap fè-a, reponn a yon bezwen ke lòm genyen, lòm gen dwa detwi. Se sa ke kèk moun di, se sa ki fè anpil lènmi protestan, anpil lènmi Krisyanis, anpil detraktè Kalvin, sèvi ak sa pou akize Kalvin, pou akize teyoloji pwotestan. Pou ki rezon se nan fason sa, avèk teyoloji Kalvin-an, sosyete-a vin kapab jistifye eksplwatasyon la nati, yon fason ki egzajere. Kòm kwa, moun ka touye bét jan yo vle, yo ka menm detwi kèk espès zannimo, pouvi ke sa kapab reponn a yon bezwen lòm genyen. Ke se yon vrè bezwen, ke se yon bezwen imajinè. Kòm kwa moun gen dwa detwi



de gwo chan (forè), depi li kapab pwouve, ke sa reponn a bezwen ke lòm genyen. Li di konsa ke, nou gen dwa pou nou fè tout bagay ke nou vle, pouvi ke nou kapab jistifye. Nou ka touye bét, nou kapab detwi pye bwa, nou kapab polye, pouvi ke se pou nou ka reponn a bezwen ke lòm genyen.

Konnye-a la, rès dechè ke nou genyen yo, lage yo nenpòt kote, lage yo nan la nati, paske li la, se dechè nou yo ye. E gen moun ki sèvi ak menm dechè toksik ke yo genyen, yo lage yo nan lanmè, yo brile yo, yo lage yo tout lòt kote, paske yo di ou se gras a sa Jean Kalvin te di, yo gen dwa fè sa. Sa se yon fos akizasyon de Jean Kalvin. Paske Jean Kalvin te ekri sa li te ekri a vre, men li p'at bay manda pou moun ale fè egzajrasyon ak pawòl li. O kontrè, Jean Kalvin se yon nonm kite genyen anpil respè, ak konsiderasyon pou sa yo rele parabòl talan yo. Gen yon mo an angle ki rele "Stored chief" Sa vle di jeran, ou byen responsab. Mo sa se yon mo ki te chè pou Jean Kalvin. Li di konsa, se vre bagay yo se pou nou yo ye, men sa nou ye pou yo, se jeran responsab, ke nou ye nan la nati. Men ki wòl jeran responsab la? Wòl li se pou'l pran swen, se pou'l jere, se pou'l nourri e se pou'l fè sa ke li gen nan men li-a, pote fwi.

Ou sonje pasaj ke nou genyen nan Bib la, ki dekri nou afè jeran responsab la byen. Matye 25:14-30 e nou te tande pastè Clotè te pale de talan. Genyen yon Roua k'ap pati, yon gwo tèt, misye rele 3 sèvitè li yo, li bay yo chak yon valè resous, pou yo kapab sèvi avèk yo, dèyè do li. Gen yonn li bay 5 talan, gen yonn li bay 2 talan, gen yonn li bay 1 talan. Misye fè yon pakèt tan deyò. Pandan li deyò, nonm li bay 5 talan-an, travay 5 talan an, li fè'l bay 10 talan, li fè'l bay 5 anplis. Nonm li bay 2 talan-an travay li, li fè'l bay 4 talan, li fè'y bay 2 anplis. Nonm li bay 1 talan-an, ki sa li fè? Li pran talan-an, li fouye yon twou, li sere'l. Lè mèt la tounen li rele 3 sèvitè yo, li di sèvitè 5 talan, vin fè rapò-ou, sèvitè 5 talan di mèt mwen, ou te banm 5 talan ou pati, ou fè tan deyò, mwen travay li, mwen fè li tounen 10 talan. Li di antre bon sèvitè, vini nan lajwa mèt la. Nèg 2 talan vin bay rapò ou. Mèt ou te pati ou te banm 2 talan, mwen fè'l travay, mwen fè'l tounen 4 talan. Vini nan lajwa mèt la. Nèg yon talan vini, li di vini non, vin fè rapò pa ou. Misye di monchè, ou konnen yon bagay, mwen konnen ou se yon nonm ki rèd, mwen konnen ou se yon nonm ki di, mwen konnen ou konn fouré men ou ranmase kote ou pate simen. Ou se yon nonm moun paka boule avèk ou, poum pa tonbe nan kont avè'ou monchè, mwen pran talan ou an, mwen fouye yon twou mwen mete'l, pou kabwèt pa kwaze'l. Kounye-a ou tounen, men zafè-ou. Mèt la di ou se yon mechan sèvitè. O mwens, ou te ka pran talan, ou mete'l nan Bank, o mwen, menm yon ti enterè li te ka rapòte". Se sa ki ilistre plis nan Bib la, a sa ke nou rele jeran reskonsab.

Se vre ke Bondye bannou otorite, se vre ke Bondye bannou pouvwa, sou la nati, sou sa ki genyen nan anviwònman. Men se pa yon pouvwa otorite, pou nou abize, se yon pouvwa ak otorite pou nou jere, pou nou pran swen, pou nou fè friktifye, e pou nou fè'l miltiplaye, pou plis moun kapab jwenn pou sèvi. Sa vle di, fason ke li bannou li a, li ap tann aske nou double li. Li ap tann aske nou fè li pi bét. Li aptann aske nou fè'l pi gran, e se sa ki responsablité kretyen an.



Abi sou la nati, abi sou anviwònman, se yon peche ke li ye. Se pa Bib la ki ba nou otorite pou nou domine, pou nou kraze brize, pou nou detwi, pou nou provoke erozyon, pou nou detwi tèt mòn yo, pou nou fè tou sa, san gade dèyè. Se devwa nou selman pou nou pwoteje, e pou nou fè li vin pi bél pase jan ke Bondye te ba nou avan.

Mantalite ki di ke nou gen tout bagay nan men nou, nou ka sèvi avèl jan nou vle, nou ka ekspligate li jan nou vle, e nou di se Bib la ki pèmèt sa rive. A pati de jodi-a nou dwe di se pa vre. Nou se jeran responsab, e Bondye gen pou mande nou kont, ki sa ou te fè avè resous natirèl yo, ke mwen te mete nan men ou. Ke mwen te mete nan ekosystèm ke ou t'ap viv la.

Yon lòt mantalite ki genyen e ki kontribye a fason de nou wè la nati, se lè ke nou di konsa ke tè-a pa lakay nou, kote nou pwale? Se nan syèl nou pwale, se yon pasaj ke n'ap fè. Sa pa vle di sa se manti li ye non. Se vre ke Bib la di nou ke genyen yon paradi, Bib la di ke Jezikri gen pou li retounen, pou li vini chache sila yo k'ap sèvi li-a. An atandan ke Jezikri retounen, an atandan ke Jezikris vin retabli yon nouvo systèm de choz. Ki kote nou menm nou genyen pou nou viv? Sou tè-a. Ki kote pitit nou yo genyen pou yo viv ? sou tè-a. Ki kote pitit pitit nou yo genyen pou yo viv? Sou tè-a. Ki donk, si nou di: ah, nou nan dènye tan, nou pa bezwen okipe tè sa, se de pasaj ke nou ye, nou se etranje sou latè. Se yon mantalite danjere ki fè ke nou gen tandans kite anviwònman nou an, ekosystèm sa ke Bondye ba nou pou nou fèl friktifye, nou gen tandans kite'l detwi, kòm si , ah na gen tan. E byen frèm, moun k'ap di yo nan dènye tan depi sou tan Apot Pyè ak Pòl. Konbye ane nou genyen ki pase déjà, nou genyen 2000 ane depi yap di sa.

Jezi di, pagen pèsonn nan nou menm ki konnen, ni jou ni lè, se yon peche si ou chita ap di l'ap vin demen si Dye vle, nou pa bezwen okipe sa. Pou fè moun pa travay, pa fè saki gen pou fèt, fè moun pa plante pye bwa, pou ekosystèm Bondye bannou-an kapab bél, pou li kapab sanble avèk kote Bondye mete pitit li viv. E se sak fè Tony Kanpolo nan sa mwen sot site la te di konsa, mezanmi, ki sa pou ki ta fèm ap fè de bagay ki pou mete an danje lavni pitit mwen yo ak lavni pitit mwen yo.

Ou konnen Izraèl te twouve li nan yon sityasyon konsa. Babylòn vini li pran Izraèl, li ale. Nebukatneza vini li atake Izraèl, li depòte yon pakèt moun ale viv babylòn, epi kounye-a la, lè yo rive yo chita, paske gen yon pwofèt ki vin di yo konsa ke Letènèl voye di nou, nou pa bezwen travay, nou pa bezwen fè anyen, paske se de pasaj nou ye, nou gen pou nou tounen, byen vit. E yo chita. Finalman se pwofèt Jeremi ke Bondye voye al di pèp Izraèl la. Nou konnen yon bagay, fòk nou travay pou peyi kote'm mete-ou la, pou ke zafè'l mache byen. (Jeremi 29). Li di lapriyè Bondye pou yo, marye, marye pitit ou yo, epi li di paske si sa bon pou yo, sa l'ap fè? L'ap bon pou nou tou. E pi reyèlman sa ki vin pase? Yo fè 70 lane. Imagine'w ke yo te rete san yo p'ap travay, yo pa plante, yo pa fè anyen ditou, kòman yo t'ap fè? Yo t'ap mouri nan mizè. Yo pa envesti, yo pa fè anyen. Se vre ke nou de pasaj, pandan ke n'ap pase-a, se yon pasaj ki pwolonje, e pandan pasaj sa Bondye vle ke tout pitit nou yo viv, kòman? desamman.



Lè nou li nan Jean 3:16 ki di: "Bondye tèlman renmen lemond, li bay sèl pitit li pou nenpòt moun ki kwè nan li, p'ap peri, men l'ap gen lavi ki p'ap janm fini-an."

Lè n'ap pale antan ke lòm, nou gen tandans di si nou menm sèlman, nou ekslisiv nan sali Bondye-a. E poutan Bondye li menm plan sali pa'l la, li pou tout Invè, se pou kòsmòs la ke li ye. E se sa ki fè Pòl Ekri nan Romen chapit 8, vèsè 19 a 23, yon bèle pasaj ki fè nou konnen ke, Atant sali-a, "se pa sèlman moun k'ap tann li, li di konsa, "tout kreyasyon Bondye-a ap tann konsa, kilè pitit Bondye yo va parèt. Paske tout kreyasyon an te tonbe pa fòs, anba pouvwa bagay ki pa vo anyen yo. Se pa paske li te vle'l, men se akoz moun ki te vle'l konsa. Men li te toujou gen espwa, yon lè la delivre anba esklavaj pouvwa k'ap gate'l la, pou'l ka jwe bèle libète pitit Bondye yo. Oui nou konn sa jouk jodi-a, tout kreyasyon yo ap plenn, l'ap soufri tankou yon fanm ki gen doulè tranche. Epi se pa li menm sèlman, nou menm ki resevwa Sen Espri Bondye-a, tankou premye kado Bondye fè nou-an, n'ap soufri tou, n'ap pouse gwo soupi nan kè nou pandan n'ap tann Bondye fin fèn tounen pitit li nèt, fin delivre kò nou yo". Kreyasyon Bondye-a, pyebwa yo tou, y'ap tann Bondye, yo patisipe nan menm eksperyans avè nou.

Nan Sòm 102:25-27, se yon bèle Sòm ke li ye, li di: "Se ou menm Seyè ki te kreye latè nan tan lontan, se avèk men'w, ou te fè syèl la. Yo gen pou yo disparèt, men ou menm wap toujou la. Yo gen pou yo vin vye tankou rad, wap chanje yo tankou yo chanje rad, ou va mete yo sou kote, men ou menm, ou p'ap janm chanje, ou p'ap janm mourir". Alò, yon otè ki di tout la nati, kreyasyon sa n'ap gade la, se tankou rad ke yo ye. E nou menm, an tan ke pòtre Bondye, an tan ke moun ke Bondye te kreye daprè pòtre li, ak resanblans li, nou genyen rad sa sou nou tou, se rad nou. Eske ou konnen ke yo di "L'habit ne fait pas le moine" ki sa li fè? Li idantife moine nan, men li pa fè moine nan. Si mwen rive nan anviwònman ou, mwen jwenn yon anviwònman ki pa antreteni, ki pa byen kenbe, mwen p'ap gen yon bon opinyon de ou, mwen pa wè okenn pye bwa ki plante, okenn bagay ki la. Map di konsa ke, ou pa respèkte abita ke Bondye mete ou ladan.

Frèm ak sè mwen yo, mwen ta renmen nou retounen lakay nou, kote nou soti-a, avèk yon lòt konseptyon de responsabilite nou genyen anvè la nati, anvè anviwònman, anvè la tè. Trè souvan, n'ap travay tè, san nou pa rann nou kont ke Bondye bannou yon kokenn chenn responsabilite, pou nou pwoteje li, pou nou gade li, pou nou fè li bèl. Se pa pou nou adore'l, men se pou nou pwoteje'l, pou nou jere'l, pou nou fèl bèl, pou nou fè'l vin pi bon. E nou gen pou nou pote mesaj sa tout kote nou pase. Legliz manke fè travay li, nan fè lòm konnen responsabilite li, nou di moun ale toupatou nan lemond, preche bòn nouvèl la, a tout kreyasyon an. M'ap fè nou konnen jodi-a ke, nan bòn nouvèl la, eksyon anviwònman fè pati de bòn nouvèl sa. Ke Leseyè beni nou!

### Kesyon

- 1) Si Ayiti pedi 98% nan forè li yo, ki sa ki ta dwe fèt pou nou retounen ak omwens 60% nan forè sa? Si tou nan zòn Nò dwès, Jan Rabèl, kote nou wè li preske tounen yon dezè.



**Rep:** Sa mwen panse mwen menm, se pa solisyon m'ap ban nou la. Mwen panse li bon lè nou anpil, antan k'Ayisyen, nou chita, kote tout pitit peyi-a kapab reprezante sou yon tab konferans, pou nou ta deside ki kote nou vle peyi nou-an ale, nan 10 zan-25-50 an, pou nou diskite. Si se nesesè pou nou joure, n'ap joure sou tab la. Aprè sa nou fè lapè ankò. Si se nesesè pou nou pran 3 mwa , 6 mwa, 1 ane, pou nou diskite san ke pa genyen pèsonn moun ki ekskli nan diskisyon sa, ke se lavalas, ke se makout, ke se katolik, ke se vodouyzan, ke se pwotestan, tout kalite, nou tout reprezante, pou nou rive di konsa, me kote nou vle ale nan chak domenn. Nou pa bezwen mete aspè teknik yo, n'ap kite teknisyon yo menm, pou yo chita, di koman yo pwal fè. N'ap rive ekri sa yo rele yon liv blan, pou tout moun, kelkeswa moun ki vini kòm prezidan, kòm pati politik, fèt pou respèkte. Mwen kwè ke sou tab sa, yonn nan deba ki pi gwo ki dwe fèt se sou zafè anviwònman peyi-a.

Jou nou gen yon lidè, ki kapab fè sa pou nou, mete Ayisyen pitit peyi-a chita ansanm, pou yo diskite, depoze zam yo, pou yo diskite tout bon vre, ki vizyon nou gen pou peyi sa. Lè sa mwen asire ou ke sa pwal yon premye pa tout bon vre, nan yon solisyon a pwoblèm peyi-a.

Ki sa nou dwe fè sou zafè dezas anviwònmantal, ki genyen andedan peyi-a? Mwen panse gen yon pakèt kalite mezi ke nou dwe pran. Ou konnen lè ou gen yon rivyè, gen sa yo rele an aval, gen sa ki rele an amon. An amon se tout bagay ki vini anvan rivyè-a, rive nan yon sèten pwen, e an aval se tout sa ki apre rivyè-a, rive nan yon sèten pwen. Nan zafè anviwònman, gen yon seri de bagay ki dwe pran an amon, se de bagay prevantif ke yo ye, e se sitou leta ki responsab pou fè bagay sa yo. Gen yon seri de bagay ki dwe ranplase pye bwa-a. Paske la vi an Ayiti repoze twòp sou pye bwa. Leta ta dwe fè ansòt, ke genyen lòt bagay ki ranplase pye bwa, ki nan bon mache. E si yon nèg ta koupe yon pye bwa pou li voye vann, li p'ap fè kòb ladan li, paske moun jwenn yon seri de bagay ,ki trò bon mache pase pye bwa ki soti an Ayiti-a.

Sa se yonn nan bagay, kite bwa etranje vini nan peyi-a. Pou granmesi, san taks, nou ka enpòte bwa. Bwa etranje te mèt pi bon mache pase bwa peyi. Sa t'ap yon possiblité.

Yon lòt bagay, gaz yo sèvi pou fè manje, ki fè ke nou oblige sèvi ak chabon. Gaz sa yo, te ka vini san taks, pou moun te ka ranplase yon ti fou. Ti fou sa yo ase bon mache tou. Sèvi ak ti fou ki sèvi ak gaz propan, ou byen kerozèn, epi nou tout, nou chanje fason la vi nou. Nou chanje e nou sèvi ak bagay sa yo, pou ke chabon pa bezwen vin pi gwo sous enèji ki genyen nan peyi-a. Nou genyen frè Nòmil ki isit la, ki vin montre nou, koman pou nou sèvi ak recho solèy. Fòm di ou ke lakay nou, nou sèvi ak recho solèy la. Nou komanse li, sa ka gen yon 6 mwa konsa. Men nou pran gou ladan li, paske nou wè gen yon seri de bagay n'ap kwit ke recho solèy la bay pi bon rezulta pase ni fou, ni chabon. Nou pran yon desizyon lakay nou, pou



nou pa janm sèvi ak chabon. Si nou bezwen pase, nou sèvi ak chabon, men se yon lòt chabon, se pa ak chabon bwa.

Sa vle di ke, dwe genyen yon chanjman nan fason n'ap viv, chanjman pwatik la vi, se bagay sa yo pou ki fèt an amon. An aval, se bagay pou ki fèt sou teren-an, nan domèn plante pye bwa. Men se pa sèlman plante pye bwa. Paske gen anpil pye bwa ki plante, bêt manje yo. Fòk gen kèk mezi ki pran sou kabrit, paske kabrit se bète ki pi detwizan ki genyen nan zafè anviwònman.

Pwogram sa ki rele rebwaze peyi d'Ayiti-a, se yon bagay ki konplex, ki mande yon pakèt bagay, se sa ki fè mwen di ke leta dwe fè entèvansyon li sou koze sa. Se pa kite misye ap fè sa isit, epi lòt bò, lòt la ap fè sa. Men se pou genyen yon mastè plan, ki ka pèmèt chak ONG, ou byen chak entèvenan vin antre andedan mas pèp la, ke leta genyen-an. Se sa sèlman ki ka pèmèt nou rezoud pwoblèm nan.

2) *Si pwoblèm yo ap ogmante konsa, tankou pwoblèm demografik, pwoblèm anviwònman, pwoblèm polisyon. Ki ròl lidè Ligliz yo ta dwe jwe, nan rezoud pwoblèm sa yo? Paske yo toujou gen yon foul moun ki reyini devan yo.*

**Rep:** Lè ou di foul moun, sa pa yon egzajerasyon. Etid ki fèt nan peyi d'Ayiti, ou genyen KRESFED ki te fè yon premye etid ki montre ke, protestantis la ap atend 35 a 40 % moun nan peyi-a. Kalkile pou wè, pran 8 milyon, kontwole konbyen 40 % ye ladan li, pou wè konbyen pwotèstan ki genyen nan peyi-a. Sa vle di legliz nou yo ranpli moun, fanm kon gason. Chak madi pou reyinyon priyè, chak jedi pou etid Biblik, chak samdi pou repetisyon ak reyinyon gwoup yo, chak dimanch maten bonè pou lekòl di dimanch, dimanch maten yon ti kras pita, pou kil dimanch maten, dimanch aprè midi pou la jenès ak lòt bagay, dimanch swa pou kil evanjelizasyon. Mezanmi, ala opòtinite lidè legliz yo genyen pou yo ta kapab ede chanje mantalite moun ki nan legliz yo.

Si nou te ka fè kalkil la ak 20% moun ki nan peyi a, kote legliz li menm chanje mesaj li. Ke mesaj la pa sèlman yon mesaj, an nou pran moun ale nan syèl selman, men yon legliz k'ap monte moun viv, sou tè-a tou, an tan ke sitwayen responsab, k'ap montre moun viv tankou jeran responsab. Se sa legliz ka fè.

3) *Ki pozisyon Bondye sou aksyon lòm, sou anviwònman? Eske pa gen yon sanksyon? Si oui, bay nou yon pasaj Biblik.*

**Rep.** Mwen menm, mwen pa ka bay sanksyon sou anviwònman, men mwen kapab reprann pawabòl talan. Dènye nonm nan ki vini ki di Seyè ou konnen yon bagay, ou se yon nonm ki rèd, mwen mete talan ou an anba tè, menm mwen pote li ba ou, mwen remèt ou li. E lè li pote'l la, li pote'l pi piti,



ou konnen ak enflasyon, kote lajan pedi valè li, bagay la vin gen mwens valè. Ki sa mèt la te di? Mèt la te di, ou menm, ou se yon sèvitè ki mechan, li di mete misye deyò pou mwen. L'ap jwenn pa li kote moun ap griyen dan, kote ap gen kriye. Ki sanksyon ki gen sou aspè anviwònman? Mwen paka di ou egzakteman ki sanksyon, mwen ka di ou yon moun ki pa pran responsabilite li, antan ke jeran responsab nati ke Bondye mete devan li-a, li aji tankou nèg yon talan. E menm bagay ke Bondye te di nèg yon talan, se menm bagay sa ke Bondye ap di li tou. An nou fè atansyon pou chak nan nou ki la kounye-a pa gen sanksyon sa nan dènye jou-a.

